

HAITIAN CREOLE D-BASE: WRITINGS BY EMANUEL W. VÉDRINE

Part I (edit: Mon 5-16-2005)

bon se yon bèl ide pou gen diplòm e m ap ankouraje nenpòt moun pou eseye genyen yo n ap viv nan yon sosyete kote pifò moun iletre sa gen yon gwo efè sou devlopman peyi a plis moun edike se plis sa ta bon pou yon peyi e nou kapab sètènman konprann poukisa pifò Fransè ta dakò ak fraz sa a Fransè yo se resous lafrans men gwo kesyon nou kapab poze se sa yo kisa pifò moun ki gen diplòm yo fè pou ayiti kisa pifò moun ki gen diplòm kontribye nan bati yon nouvèl sosyete ayisyèn nou te ka kontinye poze yon seri kesyon ki an rapò ak tèm n ap debat la youn ki enpòtan si nou ta vle antre pi fon nan misyon sitwayen ki letre a jodiya li pa etonan pou anpil nan nou tandè ayisyen ki letre yo plis kontribye nan dekadans ayiti nou te ka sètènman antre an detay ak kesyon sa a devlope tout yon filozofi apati reyalite ayisyèn lan yon entelektyèl ayisyen byen koni yon òm de syans e lèt an palan de dtè yon pwofesè medsin retirete ki t ap anseye nan prestijye e youn nan ekriyen ki byen koni fè deklarasyon sa a lè nou kòmanse li konstisyon 1987 la o seyè li bèl anpil e nenpòt moun ki ta konnen yon ti kras sou premye peyi nwa endepandan nan lemond ta di o pèp sa a avanse anpil demokratikman patikilyèman lè n li atik sou seksyon edikasyon atik 32 leta dwe degaje l pou tout moun jwenn bon fòmasyon leta fèt pou li kontwole si yo respekte dwa sa a se yon dwa tout moun genyen ni pou lespri yo an fòm ni pou yo an fòm ni pou yo kapab aprann mache dwa nan lavi a ni pou yo kapab aprann byen viv youn ak lòt ni pou yo kapab aprann travay nan avantaj peyi a ni pou yo kapab gen yon bon metye nan men yo atik 32-1 bon fòmasyon pou tout sitwayen sou kont leta ak moun ki alatèt chak zòn peyi a se pou yo rive mete lekòl gratis pou tout moun se pou yo kontwole si moun k ap fè lekòl yo alawotè ni pou lekòl leta ni pou lekòl prive atik 32-2 premye travay leta ak moun ki alatèt chak zòn peyi a se fè yon jan pou tout moun rive al lekòl se sèl jan yo va kapab mete peyi a sou wout pwogrè vre tout moun ki vle bay konkou nan travay sa a fèt pou yo jwenn ankourajman ak avantaj nan men leta atik 32-3 tout timoun dwe fè klas primè yo lalwa va di ki pinisyon yo prevwa lè sa pa fèt leta dwe bay elèv lekòl primè tout liv ak tou sa ki nesèsè pou yo aprann gratis atik 32-9 leta ak moun ki alatèt chak zòn peyi a dwe fè mwayen posib yo pou tout granmoun nan peyi a rive konn li fen e rive konn ekri fen yo va ankouraje tout lòt moun ki soti pou yo bay konkou pou sa atik 32-10 lajan yon pwofesè dwe touche kòm salè pou pi piti dwe sifi pou bezwen l atik 33 lekòl pou tout degre konesans dwe lib men leta gen pou li kontwole kouman yo sèvi ak dwa sa a bon kèk kritik ayisyen ta di li bon è toujou paske konstisyon sa a poko antre an(n) aplikasyon akòz pouvwa fènwa ki reye toujou sou tè sakre desalin nan apre dinasti duvalier yo andotretèm diktati militè gè sivil diktati sivil e tout yon rèy tèrè anndan konsèp pouvwa fènwa kesyon nan pwen ta bousòl nou e se kesyon pou nenpòt moun ki gen diplòm pou ta pran yon moman pou reflechi sou yo pa gen anyen mal e absoliman anyen mal lè ou al lekòl ou travay di pou gen yon diplòm ou plizyè nan nenpòt disiplin men kisa ou pral fè vizavi kominote peyi ou nan sans sa a apre w fin resevwa yo èske w jis pral kwoke yon an panno lakay ou nan ofis ou pou enpresyone moun li bon ke w genyen sèten kalifikasyon e li bon pou moun konn sa men ki vizyon ou nan sans chanje kominote peyi ou pou l vin pi bon ak tout konesans ou

ranmase yo sosyete nou an se youn ki trè egoyis e mwen dwe di san oken dout ke entelektyèl nou yo kontribye anpil nan soudeylopman peyi nou e nan tout pwoblèm li sa se pa yon bagay nouvo pou kèk nan nou k ap eseye di laverite menm si sa se yon gwo ris pafwa lè nou retounen nan listwa se toujou menm chanson an menm tango a depi apre endepandans ayiti kote pifò entelektyèl ayisyen apre yo retounen sot ewòp pa fè anyen ki pou ta chanje sosyete nou an oubyen pou ta genyen yon efè pozitif sou li yo gen yon elit ki pa vo anyen ki pa gen yon vizyon ni akoutèm ni alontèm pou devlopman peyi a entelektyèl dwe pran pozisyon lè peyi yo an danje yo dwe fè tandè vwa yo lè peyi yo ap traverse pwoblèm ayiti nan pwoblèm jodiya sou yon twazyèm okipasyon vizyèl e sa ki pi tris la ane bisantnè endepandans li lè tout moun ta dwe ini yo pou selebre ak jwa e ak lanmou yon tèl moman jiskaprezan pesonn poko konnen konbyen tan sa ap dire oubyen kisa sa pral pote e ki efè sa pral genyen sou jenerasyon ki gen pou vini yo nan moman sa a nou ka sèlman devine kontinye devine si jodiya nou okipe vrèmanvre se pa fòt etazini kanada ak lafrans men pito se fòt entelektyèl frè nou yo ak anpil politisyen oubyen swadizan lidè ki envite yo fè sa an premye lye pou pwòp enterè yo men an menm tan sa ki envite yo yo anbarase nan yon fason akoz de sa yo te atann avan kounyeya si yo entelijan ase yo ta dwe reflechi sou gou okipasyon an ala yon move paryaj yo fè se pa fòt peyizan ayisyen yo madyan yo ti machann yo iletre yo timoun inosan yo k ap dòmi nan lari pòtoprens ti restavèk yo ki nan esklavay anndan kay atravè peyi a pandan tout vi yo oubyen tout sa yo ki san pouvwa ki manm sosyete kowonpi nou an tou se pa fòt yo ditou paske yo pa kapab ni li ni ekri yo pa t janm pase lekòl yo pa kapab al wachington pou lòbi nan lang anglè yo pa ka pale ni fransè ni anglè pou ta an kontak avèk kominote entènasyonal la ki pretann l ap ede ayiti atravè nasyonzini ki san pouvwa men yo pa avèg yo esperyans reyalite ayisyèn lan chak jou bondye mete yo wè bagay ak de grenn je yo yo kapab sèlman esprime yo dèyè pòt ki fèmen ak kèk zanmi pwòch ou oubyen vwazen kisa pifò nan entelektyèl nou yo fè jounen jodiya nan pwosesis pou dekolonize ayiti menm jan zansèt nou yo te fè desanzan de sa repons lan grate santi oubyen anyen e absoliman anyen sa a se reyalite ki devan je nou yon miwa kote n ap gade tèt nou ladan l e yon moso nan reyalite ayisyèn nan kilès ki kapab pale de kondisyon mòg lopital jeneral kote plizyèn santèn kadav tonbe an pouriti pami yo kadav anpil sitwayen inosan zam blayi ane sa a kadav sa yo k mouri akoz swen medikal yo pa jwenn si sèlman mòg la te ka pale si sèlman ravin sa yon an zòn pòtoprens yo ak kò san tèt te ka pale si sèlman chen lamègzo ki grangou k ap frite nan lari lajounen kou lannuit dèyè yon zo san vyann te ka pale si sèlman temwen bouch be yo ta di nou ak tout lemonn tandè vwa chokan yo de kisa yo pèsevwa si sèlman bondye te ka pale dirèk dirèk ak nou pou l di nou tout verite kilès ki ka pale de vyolasyon dwa moun ki blayi depi kòmansman mwa mas 2004 kilès ki kapab pale de timoun inosan k ap dòmi nan lari ke gwoup bandi ame touye san rezon nan pwosesis netwayaj la kilès ki ka pale de kondisyon prizonye yo ki nan prison depi mwa mas ap viv san yo pa janm wè yon jij kilès ki ka pale de vrè misyon sòlda nasyonzini yo k ap fè parad nan pòtoprens ak lòt kote nan peyi a èske vrèmanvre y ap fè yon bagay pou ede pèp la lè pòtoprens vin tounen yon bagdad oubyen èske yo jis an vakans la ap kontante bèl tanperati peyi a epi pran tout kalite plezi sa k pase moun ki gen anpil diplòm yo nan inivèsite lòt bò dlo sa yo ki rezide nan dyaspora a yo mouri yo avèg èske yo ka pale èske yo ka panse èske yo ka ekri vrèman lè m panse a tout koze sa yo sa te enspire m

ekri nos intellectuels dans l histoire dayiti bòn okipasyon pou sa yo ki di l byenveni bòn ane 2005 a tout sa yo k ap panse a labirent politik ayiti ye a e ki meyè fason pou soti ladan d p m kanntè yon pon ant fiksyon ak reyalyte d p m kanntè se yon bèl travay kote dramatik jan mapou bay teyat nasyonal la yon lòt dimansyon zèw sa a se yon tranch nan peripesi pèp ayisyen ki pral chache lavi lòt bò dlo men yon chache lavi ki detwi lavi d p m kanntè se yon trajikomedie li trajik e komik alafwa byenke tablo pyès sa a gen pou wè ak koudeta sedras la sanmba jan mapou trase endirèkteman yon istwa depi sou rèy papadokratik la kote makout t ap pèsekite pèp la premyèman nou jwenn filozofi sa a atravè kaptenn nan frè matyas yon makout zenglendo ki swadizan konvèti men kòm pwovèb la di chen manjèd ze pa janm kite metye l kè matyas pa janm chanje se yon san pitye pou malere yon kè di ki konn pòch li sèlman mapou kontinye pou l montre kòman zenglendo lame t ap pèsekite botpipò sa yo atravè istwa chak ap rakonte pandan vwayaj la se yon veritab tablo istorik koudeta trant septanm nan mapou montre tou yon sòt inyon ki egziste pandan pasaj la chak rakonte istwa yo chak vin ak relijyon yo e yo manifeste kwayans yo san okenn prejije kote youn respekte lòt sa k ap envoke bondye simbi mèt agwe pou vin pote yo sekou lè yo ant chemen lanmò ak lavi nou kapab retrase kwayans sa yo atravè chante yo konpozisyon kiki wainwright ki jwe yon wòl kapital nan zèw sa a men malgre kwayans yo nou pral wè nan sizyèm tablo a kote pesonn moun pa kapab rete chwal desten lè l ap kouri brid chwal sa a se nan men bondye li ye se nan tablo sa yo trajedi a reyèlman chita kote tout moun pral peri esepite yon ti lezanj manman an fèk akouche ki pral sove la a se pwen santral zèw la kote anpil kritik ka poze tèt yo kesyon sa a poukisa jan mapou vin kreye mirak sa a nan fen pyès la ki filozofi li gen dèyè tèt li mwen kwè la a gen anpil pwendentewogasyon yon kritik ka mete nan setyèm tablo a ki dènye sèn lan men kòm mwen di deja nou pa gen okenn pouvwa sou desten d p mkanntè se yon fòm literati mwen ta renmen wè bonjan ekriyen sanmba ayisyen pwodui nan lang natifnatal la yon literati ki gen manm ki dyanm e ki gen bon epis ladan pyès sa a gen pou l tounen yon klasik mwen ta sijere tradui l nan lang anglè rapad ak tout kritik yo tou an anglè sa a mwen garanti se yon liv ki kapab itilize nan etid sou etid karayib literati karayib etid ayisyen etid nwa mwen swete mapou bòn chans ak pyès sa a e m swete l kontinye pwodui lòt bèl pyèsteyat an kreyòl ankò èske se kreyòl la k ap maltrete fanm ayisyèn oubyen kèk ayisyen k ap maltrete yo èske kreyòl apral kontinye maltrete fanm yo se tit yon atik masyana loko ekri e ki te parèt nan jounal ayiti fanm sektanm 1996 imedyatman mwen te fin li atik sa a mwen wè l te nesèsè pou m te fè kèk rektifikasyon pou lektè ki ka mal entèprete lang kreyòl la nan fason otè a ekri li kòmanse atik la konsa anpil fanm nan peyi a ap travay pou bay kreyòl la jarèt pou fè respekte li kòm lang totalkapital pèp ayisyen men kreyòl la pa respekte fanm yo depi nan fraz sa a men kreyòl la pa respekte fanm yo otè a kreye yon pwoblèm kote kèk lektè kapab entèprete l tankou se blame l ap blame lang nan pi devan nou pral jwenn kèk kontradiksyon otè a prezante kote l pral kòmanse pale de kote pozitif yo nou jwenn fanm direktis sekretè k ap ekri kreyòl nan administrasyon òganizasyon yo nou jwenn fanm jounalis k ap ekri nan ayiti fanm nan jounal fanm ouvriyèz nan lòt ankò nou jwenn fanm k ap pibliye liv pwezi anpil fanm ap ferye nan tout radyo gen lòt k ap fè alfabetizasyon oswa lekòl toulejou fanm yo sèvi avèk lang lan pou chanje sosyete a y ap di bagay serye avèk kreyòl la donk la a li klè nan sitiwayon sa a pou wè itilizasyon lang kreyòl la kote pozitif y ap sèvi avè l men si n

kontinye n ap wè loko pral kritike lang nan blame l oubyen minimize l jan kèk kritik ka entèprete sa yon lang vyolan ak fanm yo yon lang ki bay dwa kraze fanm dabò lang se yon mwayen pou kominike e lang kreyòl la se lang natifnatal tout ayisyen sètadi se ladan l ayisyen pi alèz pou fè yon mesaj pase menm doktè jean metellus youn nan potòrik ekri nan literati ayisyèn k ap viv depi prèske 40 lane nan peyi lafrans ki pran anpil pri literè e ki yon gwo chabrak tou nan syans medikal fè deklarasyon sa a donk lang nan ka konsidere kòm yon machin men sa depan de chofè k ap kondi l la si l se yon bon chofè oubyen yon tètmatò si se yon bon chofè l ap fè tout posib li pou evite aksidan fè vye kout volan pou l pa tonbe nan twou oswa nan falèz sa vle di lang an jeneral pa gen anyen dwòl avè l men sa depan kouman y ap itilize l loko kontinye si yon lang sèvi pou kominike li sèvi tou pou entèdi pou manti ak blofe pou kraze pou detwi anwetan kèk powèm kreyòl kèk ekri lakay nou ki selebre bèlte ak kouraj fanm yo lang kreyòl meprize yo anpil li ofanse yo li joure yo kòmki dire li rayi yo la a ankò loko kontinye ap blame lang kreyòl la ki inosan olye li analize pwoblèm edikasyon nan sosyete ayisyèn nan kisa m vle di pa edikasyon la a mwen p ap pale de moun ki pa konn li ak ekri byenke sa fè pati pwoblèm edikasyon ayiti men se plis konpòtman yon seri moun nan sosyete a gen moun ki pase sou ban lekòl ki dekwoke diplòm apre diplòm poutan yo pa edike pou sa nan fason yo aji ak lòt moun oubyen jan y ap mennen bak yo nan sosyete a pakont nou kapab jwenn malere malerèz ki pa konn bekounaba nan fèy malanga men ki edike nan fason yo pale aji ak lòt moun oubyen atravè sajès yo montre anpil fwa moun ki te gen chans pase lekòl an(n) ayiti santi l pa kanmarad sa ki pa t gen chans pase lekòl la ki pa t rive lwen lekòl oubyen ki pa pale fransè nan sosyete ayisyèn nan gen anpil negativite ladan l e sa ki pi rèd la se moun ki te gen chans ale lekòl la ki fè plis tenten lè w ap pale ak yon peyizan (sitou si l apèsi ou eklere oubyen ou sot lavil li retire chapo l pou l salye w li pale avèk yon sajès yon dousè tandiske se raman pou yon moun lavil aji konsa kritik negatif masyana loko a sou lang kreyòl nan atik li a èske kreyòl la apral kontinye maltrete fanm yo gen yon enflyans kolonyal donk fò n trè pridan lè n ap ekri lè n ap fè kèk kritik pou n pa enflyanse oubyen pou kouran kolonyal la pa bwote nou dabò se te toujou kolon yo ki montre esklav yo tout sa k apateni a yo enferyè pa ekz lang ak kilti yo boujwazi ayisyèn nan yon boujwazi restavèk ti sousou sankoutya manfouben vin agrave bagay yo kote yo montre w tout sa ki bon fòk se ewòp pou l soti nou viktim deja nan sans sa a nan sa sèten ayisyen ap ekri nan liv sa moun ap ekri sou ayiti liv n ap sèvi lekòl ki pa gen reyalyte ayisyèn enpòtan an sèke fò n vin pran konsyans kilès nou ye kikote nou soti oubyen fò n ta fè yon kout pye annaryè pou reyalize filozofi mouvman endijenis lan sa sèten ekri etnoloj tètke jacques roumain dtè jean price-mars elatriye t ap eseye fè pandan premye okipasyon amerikèn lan nan kad dekolonizasyon atravè ekri yo nan twazyèm pati atik loko a li voye je l nan yon diksyonè kreyòl pou l wè sa yo di sou fanm kote l di depi nan diksyonè kreyòl la ou wè se de pwa 2 mezi nan sosyete a ann pran ekzanp nan diksyonè kreyòl-fransè l peleman ekri e ki pibliye nan edisyon bon nouvèl lè w al chèche fanm premye pawòl ou jwenn ki ekri se bèl fanm bèl malè la a ankò mwen kwè gen kèk ti rektifikasyon ki dwe fèt bèl fanm bèl malè se jis yon pwovèb pwovèb yo se pa kreye yon moun oubyen kèk moun ki kreye yo nou jis leve jwenn yo se sa k fè yo rele yo tou pawòl granmoun yo pa gen otè men yo evolye nan fason yon sosyete ap evolye genyen ki parèt tou o nivo entènasyonal pa egzant genyen ki soti nan lang laten ki pase nan lòt lang epi

yo tou rete la men gen pwovèb ki egziste sèlman nan yon kilti done se vre nan lang kreyòl la gen kèk pwovèb ki ta parèt negatif sou fanm oubyen gason tèlke lang fanm pa gen dimanch fanm se manje kwit fanm se machann lèt krab di si se gason ki mare l li va sove si se fanm li pral nan chodyè fè nèg byen se bondye ou bat nèg pa vle nèg fè byen nèg te rayi nèg depi nan ginen men an reyalye se kolon yo ki devlope yon seri bagay negatif ki pase de jenerasyon an jenerasyon nan kilti ayisyèn nan pase lè w ap gade pa ekzanp peyizan ayisyen yo k ap travay ansanm nan kòve konbit eskwad bout kadè kote youn ap ede lòt sa montre w depi nan ginen nèg te renmen nèg nèg te konn travay ansanm sa montre tou ide kolektivite peyizan nou yo eritye nan zansèt afriken yo lè n analize kilti yo men fò n pa bliye tou si nou menm ayisyen nou youn rayi lòt jodiya nou pa ka travay ansanm nou pa eseye ede yon lòt ki nan bezwen se nan malatyong kolon yo nou pran se yo menm menm ki te simen semans divisiyon an pami esklav ki t ap bourike sendomeng yo nan avantay peyi lewòp lè sa a si kèk esklav yon fanmi esklav ta pale menm lang enben kolon an ta separe yo voye y al bourike sou lòt bitasyon vann yo ak lòt kolon yon fason pou ta koupe tout kontak lengwistik antre yo ide divizyon an klè la a yon filozofi divize pou reye e se pa t esklav yo ki te kreye l kolon yo te fè sa paske yo te gentan prevwa sa esklav yo te ka fè si yo ini konplo yo te ka monte sou do yo si yo ka pale menm lang prèv la klè kou jou nan revòl esklav yo ki tounen yon siksè e ki abouti a 18 novanm 1803 e premye janvyè 1804 kòm pwovèb la di ou pa konn kote dlo soti li antre nan bwa joumou la a fò n apresye lang kreyòl la yon lang revòl pou nou menm vrè ayisyen yon lang liberasyon liberasyon desalin ban nou gratis ti cheri yon lang natifnatal ayiti toma fò nou renmen lang sa a menm jan ak yon boubout nou damou pou li tanzantan nou santi n ta miyonnen l nan sans sa a fò n trè pridan lè n ap pale de lang kreyòl la lè n ap itilize l pou eseye dechouke aspè negatif nan sosyete ayisyèn nan lè n ap analize sous yo ki gen yon enflyans kolonyal trè fò loko kontinye kout plim li sou lang kreyòl la pou l di lè nou gade adyatif kalifikatif nou jwenn pou dekri fanm se bagay pou ban nou kè plen fanm sòt fanm kolokent fanm kras fanm pèlen fanm rizèz fanm visyèz fanm kalekò fanm yo se ponya se zenglen kidonk jan pwovèb la di l la fanm ak chen se menm bagay men kalifikatif sa yo se kèk moun ki itilize yo sa pa vle di pou otan se tout gason ki itilize yo kont fanm oubyen nou kapab di ti pwason suiv kouran paske gen fanm ayisyèn ki imite gason ayisyen pozitivman ou negativman men fò n pa blame lang kreyòl la se yon timoun inosan li ye se sa k pa bon nan sosyete ayisyèn nan menm pou n denonse kritike tout aspè negatif li pou n rive pote yon chanjman moun joure nan tout lang e se nan lang matènèl la yon moun esprime l pi byen lè kòlè l monte l kit li te ayisyen fransè meriken espayòl nou pa kont lang fransè a plis nou ta pale plizyè lang plis sa ta bon men lang manman nou anvan tout èske fransè olanndè meriken jete lang yo pou ranmase pa zòt lang matènèl la se yon bagay tèlman natirèl gen de sikonstans se li menm ki parèt pwent nen l tousuit nou sonje sa k te rive seza anprès women lè misye wè britis pami ansasen l yo li sezi yo toujou pretann misye di an laten menm ou menm tou pitit mwen men dapre yon lòt vèsyon seza te pwononse fraz la an grèk se grèk ki te premye lang li pale mango di gen yon jounalis ameriken ki te di lè ayisyen an kòlè li bezwen joure se kreyòl li anplwaye menmsi se moun save gramè donk se pa yon kesyon kèk gason ayisyen itilize lang kreyòl la pou joure fanm oubyen lang fransè a pou file fanm pase gen fanm ayisyèn ki atann ou fè jakopyevèt dèyè yo an fransè si w pa file yo an fransè ou mèt tou bat dèyè w ou mache yo

ka menm ba w etikèt gwo soulye menm kan w ka trè enstwi donk kèk gason ayisyen tou pran woulib sou sa paske yo konn reyalite kilti a men verite se lwil l ap toujou rete sou dlo lè bonjan lanmou gaye lanmou ki rele lanmou lanmou ki pa ret ak lanmou lanmou o pliryèl ki lang ou panse ki parèt tèt li kreyòl evidaman sa pa gen okenn sans nan lang voltè a pou yon ayisyen donk se pito yon kesyon ki lang ki parèt tèt li pi vit e nan ki sikonstans kreyòl la pa yon lang ki vyolan ak fanm ni yon lang ki ba gason dwa kraze fanm si n ale pi lwen nan atik loko a n ap wè endirèkteman li vle pale de yon pwoblèm kominikasyon plis ant fanm ak fason pwoblèm sa a se yon bagay grav kay yon seri moun nan sosyete ayisyèn nan an(n) ayiti kou nan dyaspora a kèlkeswa klas sosyal yo koze vyolans lan lè y ap pale de li anpil moun sanble yo ta plis panche kote kèk gason ayisyen ap bat fanm yo ta plis wè se koutpwen men fò n analize l tou atravè langaj e lè n ap pale de langaj se pa si se kreyòl anglè oubyen fransè n ap itilize men se kisa k ap soti nan konvèsasyon an kijan gason osnon fanm ap esprime mekontantman l anpil fwa lè youn kòmmanse joure lòt la pa kalma (kò) l e si se yon gason men lejè ki san respè pou fanm premye bagay li wè pou l fè se ta leve men l sou li pou montre se kanson li pote (sitou nan peyi ayiti kote kèk gason abize medam yo nan sans sa a paske pa gen lwa k ap pini yo tankou sa fèt nan peyi tètke etazini kanada elatriye byenke gen kèk ayisyen ki kontinye koze vyolans lan nan dyaspora a nan sans sa a e deja gen anpil ka ki anrejistre kote yo rive touye fi a tètke nan miyami nouyòk kanada ak lòt kote faktè ekonomik lan vin jwe yon wòl enpòtan nan koze a ni an(n) ayiti ni nan dyaspora a pwoblèm nan parèt pi grav pou fanm ayiti kote yo bije kouche ak patwon an anpil fwa swa pou jwenn yon ti dyòb oubyen pou asire pozisyon l la a se pa yon kesyon bouzenti pou ta blame fi a tètke se yon vis oubyen pou satisfè dezi l anpil fanm ayiti swa yo marye plase yo yon manzè yon nèg ap ba yo de kou sou kont yon nèg k ap travay ki gen yon biznis yon woulman kèlkonk nèg sa a konn reyalize lefètke se li k ap ede oubyen okipe fanm sa a li ka fè sa l vle ak li bat li manke l dega pou ti krik ti krak nan ka sa a vyolans lan konn vin agrave kote yon seri gason konn gade fi a kòm objè seksyèl nèg la konn kontinye ap abize l e manmzèl bloke nan yon enpas ekonomik kote si l ta reyaji nèg sa a ta ka pa soutni l ankò oubyen l foukan chimen tras pwoblèm sa a reparèt nan dyaspora a pami kèk gason lè se yo k ap travay lè se yo k ap peye lwaye ak lòt fakti nan kay la epi si se yo ki bay dam nan rezidans menm bliye sa pou trè presi mwen di kèk gason se pa tout gason ki fè l men pa bliye lè ayisyen janbe lanmè li pote kilti l avè l tou aspè pozitif e negatif pafwa tou pa mank edikasyon ki pa vle di moun nan pa t pase lekòl pou otan swa fi a oubyen nèg la wè se tèt jan pou l esprime mekontantman l lè toulede an kòlè sa vin tounen gaz ak dife nan fwaye a ki eksite vyolans sou tout fòm nan katriyèm pati atik loko a se la li pral antre nan nannan kontradiksyon an ki parèt nan esè li a kote l sanble li ta vle retire chay la sou do lang kreyòl la lè l di kisa ki lakòz kilès ki responsab se la a li pral montre lang kreyòl la kòm yon zouti oubyen nou kapab di yon medyòm loko ap pale lang kreyòl la son w zouti li ye pou moun kominike kreyòl la pa responsab betiz l ap di sou fanm men la a ankò li te sipoze di betiz k ap di sou fanm yon fason pou kenbe inosans lang nan nan pati sa a li vize mesye yo ki toujou gen pouvwa k ap dirije k ap ekri k ap pran lapawòl k ap fè diskou k ap di sa yo pito ki fè lang nan di sa yo vle men dapre loko fanm feminis anndan mouvman fanm di bagay yo p ap ka fèt konsa fòk fanm yo di pwòp pawòl fanm yo men loko kontinye blame lang kreyòl la endirèkteman olye li konsantre l sou kijan sèten moun

nan sosyete a itilize l kote l di kreyòl la son w lang vyolan paske se yon lang seksis se yon lang ki pale sou fanm e ki pale sou kesyon lanmou tankou si se yon batay gason ap mennen kont fanm nan kreyòl la di peze yon fanm kraze l frape l koupe l taye l plimen l konyen l deboundare l la a ankò nou pa ka rann lang kreyòl la responsab jan loko prezante l nan tèks li a ofiamezi yon lang ap devlope mo ap pran lòt sans nouvo mo ap antre nan lang nan pafwa sa fèt nan yon moman done pandan yon evennman presi gen mo ki devlope apati yon chante popilè kèk chan kanaval ki an vòg pa egzans si n ap gade mo ak fraz sa yo banbòch demokratik bourik chaje brasa wouj dechoukay dechouke dechoukè dizyèm departman eleksyon bidon eleksyon fo mamit eleksyon maskarad eleksyon tèt chat fo kòk gouvènman lavalas ipokrit yo sezi ke makak ke makak la kase kò kalite lavalas magouy magouyè manman poul la mistè klin pentad pèlebren rache manyòk rechouke se pa pou lajan non woulo konpresè zenglendo lè n gade nouvo tèm sa yo ak estansyon yo pran nan ane 80 90 yo sa montre yon fenomèn lengwistik tout yon evolisyon nou menm ayisyen ki pale lang kreyòl la kòm natifnatal pa gen kontwòl sou sa menm jan vèb sa yo vle di menm bagay la se konsa tou sa egziste nan nenpòt lòt lang se plis yon kesyon vilgarite ak efemis men toujou gen fason moun itilize lang nan ki tip langaj ki itilize nan kèk sitiyasyon kikote ak kiyès poukisa si n ta feyte yon diksyonè ago fransè pou n ta chèche sinonim pou koupe oswa plimen nou ta jwenn yon bann ak yon pakèt nou ta met de men nan tèt tèlman nou ta sezi nan itilizasyon yon langaj ak souplès efemis la jwe yon wòl enpòtan pou netralize sèten mo kèk moun ta konsidere vilgè men pa bliye tou menm yon seri mo kèk moun ta konsidere vilgè fè pati leksik lang nan byenke kèk nan vèb sa yo kraze frape koupe taye plimen konyen deboundare ta parèt vilgè pou sèten moun nou pa ka di fò n retire yo nan lang kreyòl la oubyen pou n ta bay lang kreyòl la yon mestin pigatif ankò sa depan kiyès k ap pale ak kiyès e kikote lang kreyòl la kòm anpil chèchè ayisyen dakò sou sa pa parèt yon lang seksis jan masyana loko wè l la men mo seksis la nan atik li a gen lè gen yon lòt sans pou otè a sanble li ta wè l atravè yon seri mo ki an rapò ak sèks olye yon dominans lengwistik ki kapab alafwa sikolojik si l ta wè l konsa se pa sa san pou san paske nan tout lang w ap jwenn mo ki gen rapò ak sèks men sa ki enpòtan se analize fason moun itilize lang nan èske nan tout sikonstans gwo mo mo sal betiz ap soti pou esprime mekontantman vyolans manke dega lang kreyòl la gen egalite ladan l kote n pa ka di tankou fransè yo sa gen yon enpak sikolojik si n ap antre nan analiz apwofondi ès ke se sèlman gramatikalman palan nan lang fransè a oubyen nan kilti fransè a lè n gade gramè fransè a te mèt gen 99 fanm yon sèl gason se toujou ki itilize kòm pwonon pèsone l tandiske lè w gade gramè kreyòl la li mete gason ak fanm egalego yo melanje toulede pou montre inyon ant sèks maskilen ak feminen an nan ka sa a lang kreyòl la pa ka konsidere kòm lang seksis fò n di tou gramè fransè a lè mesye grameryen yo t ap kouche règ gramatikal yo sou papye fanm pa t gen lavwa o chapit se jouk apre ou pral wè kèk fanm ki vin manm si n ap gade lang fransè a nan peyi kanada pwovens kebèk enben feminis yo mande pou ta gen kèk chanjman fèt nan gramè a paske yo wè lang fransè a parèt twò seksis mwen kwè l ta pi bon pou loko analize sosyete ayisyèn nan kòm yon sosyete seksis an palan de dominans yon sèks presi yon sosyete kote gason domine olye pou l ta rann lang kreyòl la koupab enpòtan nan atik li a sèke l ap eseye montre kòman fanm yo viktim nan sosyete a nan yon kontèks lengwistik kote sèten gason pran woulib sou sa pou nouri vyolans kont fanm men estil li

chwazi pou l fè mesaj li a pase gen kontradiksyon ladan l kote yon bonjan kritik ap plis konsantre sou lang kreyòl la li ta rann responsab loko kontinye tout sosyete a responsab lè li kontinye asepte diskriminasyon kont fanm nou jwenn nan lang nan menm jan nou jwenn li nan travay nan edikasyon anndan kay tout kote la a li klè nou ka wè bagay ki merite fèt nan sosyete a pou ka amelyore kondisyon yo diskite sou pwoblèm sa a atravè medya kritike l men fò n ale pi lwen toujou paske pwoblèm vyolans lan ka egziste atravè langaj k ap itilize a nan kèlkeswa peyi a gran peyi ti peyi peyi rich oswa peyi pòv la a ankò nou ka fè yon kout volan pou retounen sou mo edikasyon an pou redefini l èske nou ka wete nan vyolans kont fanm ki nan lang nan se yon dènnye kesyon loko poze kote l vin ak kèk repons ki montre kijan se depi nou leve nou wè yon konparezon ant fi ak gason finalman loko wè edikasyon tradisyonèl ayiti trè seksis li kontinye pou l pale kòman dirijan yo responsab tou pou pouse pyon chanjman an pa ekzanp li mete anfas sou yon seri tèks ki ta parèt seksis ki ta minimize fanm ki ta dwe revize e korije avan menm yo pibliye epi finalman loko mete aksan sou siyati gouvèlman an nan platfòm bejin nan ki mande pou tabli yon sosyete non seksis nòt ago yon seri mo ki pa ta konsidere kòm mo teknik epi ki fè plezi a yon gwoup sosyal an patikilye yon sòt jagon yon gwoup sosyal itilize pa rapò a majorite moun ki pa itilize tèm sa yo ouvètman tèm agotik espresyon agotik efemis yon figi retorik ki itilize kòm tèm pou evite britalite yon mo konsa nou kapab itilize yon lòt mo nan plas youn ki pa ta parèt vilgè yon fason pou apeze mesaj n ap fè pase a leksik tout mo ou jwenn nan yon lang tout mo ki fòme diksyonè yon lang vilgarite karaktè ki pa delika ki pa rafine ki pa gen souplès sitou nan itilizasyon kèk tèm ki ta jije inapropriye pou itilize nan lasosyete estrateji pou solisyone kèk pwoblèm o pwofi devlopman ayiti pale de solisyone kèk pwoblèm nou wè deja yon bann ak yon pakèt ayiti genyen an patan nou ka met anpil anfas sou de nan kèk fason sitiwayon yo ka chanje nou vle pale de konsyantizasyon ak òganizasyon konsyantizasyon pa ta yon mo difisil pou n defini imedyatman nou wè konsyans ladan e nou ka pran konsyans de nou menm etan ayisyen nou gen yon drapo pou n defann pran konsyans de tout pwoblèm peyi a e kisa nou ka fè kòm sitwayen kisa m ka fè de pozitif nan devlopman ayiti èske m ka kreye yon model pou lòt moun suiv ak tout esperyans mwen èske m pa ta dwe retounen nan kominote a pou al ede lòt ki dèyè èske pwoblèm ayiti se pwoblèm mwen èske si ayiti te gen yon imaj pozitif zòt t ap fè yon estereyotip pozitif de mwen tout yon seri kesyon pou pran konsyans kilès nou ye e kisa nou ka fè pou chanje imaj negatif peyi nou nan òganizasyon an tout gwoup ki sipoze òganize yo e kesyon n ap poze se èske ayisyen ka rive òganize tèt yo nan tout domèn san okenn hinghang repons lan nan men yo e nan repons sa a si yo panse kote pozitif li y ap reyalize se youn nan pwen enpòtan pou pouse ayiti vè lavan nan ide sa a tou se tout gwoup moun pwofesyonèl nou vize kote yo ka menm anrejistre tèt yo anba labanyè yon asosyasyon men pwen santral la nan sans sa a ta dwe yon vizyon pou devlopman ayiti tèm òganizasyon an ta parèt global sou tout ang nou ta ka panse etidyan doktè enjenyè avoka anseyan chèchè kòdonnye achitèk enfimyè chofè transpòpwofesè lekòlpwofesyonèl nan tout domèn moun k ap pratike yon metye kèlkonk te ka panse kèk pwoblèm ki fè òganizasyon an pa ka rive fèt a mank dinamis egoyis c lespri koridò absans yon model nan pwen mank dinamis endividi a ap viv au jour le jour san yon plan byen detèmine nan tèt li kisa l ta panse reyalize nan dizan nan ki etap li ta renmen ye nan yon lap de tan la a imedyatman nou ka remake aspè pwogrè a kote nou wè

endividi a pa gen okenn ide pwogrè nan tèt li oubyen sa l ta renmen akonpli nan pwen nou ka wè nosyon egoyis la aklè mwen atenn yon nivo deja nan sosyete a mwen pa bezwen pesonn rive nan wotè m ye a pou ta vin fè konpetisyon ak mwen oubyen m ap rete nan ti klan m ye a la a kèk moun ou ti gwoup moun ki panse konsa separe tèt yo kareman de lòt gwoup o pwofi soudevlopman peyi a se mwen ki domine olye nou ki pwen santral la nan pwen lespri koridò nou konnen koridò se yon ale trè etwat kidonk panse endividi a la a trè etwat li pa gen yon vizyon pou l wè pi lwen pozitivman e sa konn rann li egoyis lespri l trè limite oubyen nou ka menm rele l ti lespri nan absans yon modèl nou wè pa gen yon modèl lidèchip yon chemen ki te trase deja pou suiv e si pa aza ta gen yon ti modèl ki te la li pa t byen estriktire konsa ki disparèt akòz mankman yon bonjan baz ki te tabli pou ta vin fè larelèv se tankou yon semans ki pa jèmen oubyen ki te tonbe move kote ki solisyon a tout pwoblèm sa yo pou solisyone yon pwoblèm premye bagay nou dwe fè se li l reflechi sou li pou jwenn solisyon l se tankou yon doktè ki pral fè yon operasyon li pa jis konsilte malad la epi pou l di li pral met kouto sou li men li fè yon dyagnostik avan epi l gen yon seri machasiv pou konnen maladi a fen e byen sèdike la a nou menm ki plizumwen nan yon nivo pou konprann sitiyasyon ayiti premyèman se ta konsyantize n dabò konsyantize maksimòm moun nan chak domèn epi gade ak ki preskripsyon nou ka vini si se pwofesè lekòl nou ye enben nou pral gwoupe nou an asosyasyon pwofesè lekòl e lè n gwoupe nou nou vin gen plis fòs paske n ap rankonre tanzantan pou diskite pwoblèm n ap konfwonte pwoblèm elèv ap konfwonte pwoblèm timoun ki pa ka al lekòl pwoblèm founiti paran timoun pa gen kòb pou achte pwoblèm pwofesè k bezwen prepare avan yo kòmanse anseye pwoblèm salè ki bezwen ajiste transpòtasyon pou elèv òganize joune pou elèv aprann vwayaje nan tout rakwen peyi a pwodiksyon materyèl didaktik òganizasyon fwa liv chak ane omwen pou konn sa k disponib sa k ka itilize nan lekòl e panse tou a sa n ka rele yon lekòl pratik kote elèv la lè l fin atenn yon nivo li kapab ede tèt li ak sosyete l ap viv la e ki estrateji posib pou solisyone tout pwoblèm sa yo menm ide sa yo kapab aplikab pou tout lòt pwofesyonèl men nan tout dwe ekziste yon pwen komen devlopman ayiti o maksimòm konsa kèk nan pwoblèm peyi a ka rive solisyone trapde lè motè machin konsyantizasyon ak òganizasyon an va fonksyone kòm sadwa fè rechèch pwoblèm ak solisyon pou elèv ayisyen ayiti e etazini poukisa moun fè rechèch moun kapab fè rechèch pou plizyè rezon pou ekri yon liv yon atik disètasyon tèz pou fè yon prezantasyon sou yon sijè ki an rapò ak yon tèm kèlkonk youn nan pwoblèm nou gen nan lekòl ayiti sèke yo pa antrene nou nan domèn sa a donk elèv la se jis bat pakè l fè jakorepèt san brenn li pa devlope pou l kritike e kreye majorite lekòl ayiti pa gen yon sal resous kote yo kenbe dokiman ak liv pou bay elèv askè fè rechèch se kèk nan lekòl prive yo ki gen ti bibliyotèk ladan yo men kesyon an se èske elèv reyèlman gen aksè a yo kontrèman a etazini chak lekòl gen yon bibliyotèk ladan l kèlkeswa nivo lekòl sa a primè segondè siperyè ki fasilite anseyan ak elèv fè rechèch tip dokiman w ap jwenn nan bibliyotèk lekòl sa yo se liv ki sèvi nan lekòl sa a lòt liv ki an rapò ak tout matyè yo anseye andedan lekòl la dokiman sou tout fòm pou fè rechèch sèten lekòl nan peyi etazini nivo primè segondè gen yon orè espesyal pou elèv pase tan nan bibliyotèk lekòl sa a pou envestige travay sou yon devwa oubyen yon pwojè kèlkonk sou koze bibliyotèk la chak zòn ta sipoze gen yon bibliyotèk piblik pa egzanp si n ap pran kapital la repiblik pòtoprens yon elèv kafoufèy pa t bezwen desann jouk bibliyotèk

nasyonal pou al fè rechèch oubyen pou al li yon liv te ka gen yon bibliyotèk piblik epi ki gen yon sistèm santral ki konekte tout bibliyotèk piblik sa yo tankou sa fèt pa egzanp ou te gen dwa prete yon liv kafoufèy epi ou remèt li dèlma ak avansman teknoloji a tou sa vin bay elèv etazini plis aksè nan domèn fè rechèch la pa egzanp nan bibliyotèk lekòl sa yo w ap jwenn konpitè ki klase materyèl yo kikote yo lokalize sa elèv prete nan men kiyès yo ye elt anvan menm elèv la al chèche liv oswa dokiman li bezwen an li gen dwa tyeke konpitè a pou wè si yon elèv pa t gen tan prete l si yo prete liv sa a li gen yon ide kilè y ap remèt li elèv yo gen aksè tou a yon seri videyo edikatif yo kapab itilize pou fè rechèch èske lekòl ayiti ka imite lekòl gran peyi nan sans sa a repons lan se wi anpil fwa lè y ap pale de gran peyii anpil ayisyen panse fò yo ta gen milyonven ayiti oubyen fò yo ta blan pou fè yon seri bagay ki byen senp youn nan pwoblèm anpil ayisyen ki swadizan eklere se yon pwoblèm mantalite ki kontribye anpil nan soudevlopman ayiti yo pa kwè nan tèt yo menmsi yo rive atenn yon nivo inivèsitè pou nenpòt ti bagay senp yo kwè fòk se yon blan ki pou vin fè l pou yo konplèksdenferyorite lakay nou klè la a nan soudevlopman ayiti fòk nou derape ak yon lòt mantalite yon mantalite pou leve defi yon mantalite pou n ka kreye tou lè sa a y ap di nèg ayisyen entelijan menmsi sa n fè a ta parèt medyòk nan je kèk moun men pwen esansyèl la sèke se nou menm ki fè l pou n montre zòt nou pa depann de yo totalman toutan ayisyen an pa kapab rive panse konsa li poko yon moun total nan menm absans bagay sa yo nan lekòl ayiti fò n pa bliye tou responsablite leta ayisyen ki wòl leta nan devlopman lekòl ayiti o nivo lekòl leta yo fòk se leta ki pou ta pran sa an chaj pou l bay elèv yo aksè a sa yo bezwen kòm nou kapab li nan yon seri atik nan konstitisyon an sou koze edikasyon atik sa yo bèl anpil nou te kapab menm ankadre yo epi n plake yo nan chak saldeklas ayiti pou fè n sonje responsablite leta men iwoni ki dèyè yo sèke yo toujou rete nan yon nivo teyori oubyen yo parèt kòm ilizyon pou ayisyen konsekan ki ta renmen wè pawòl sa yo tounen reyalyite yo rete yon ilizyon pase poko reyèlman gen yon politik edikasyon ayiti yon bidjè pou investi nan domèn edikasyon ak rechèch lòt bagay ankò ki merite fèt se tout moun k ap travay nan domèn edikasyon an ki dwe panse a ki sòt chanjman yo vle andedan sistèm sa a ki gen yon kansè sa mande òganizasyon ant anseyan miting regilye pou diskite sou pwoblèm nan e kijan y ap eseye jwenn yon solisyon pou li fòk pwofesè yo òganize kontinye òganize pou revandike dwa yo rele fò nan zòrèy leta pou tandè vwa yo epitou fè l konnen wòl li nan koze a mande l pou l fè chanjman paske se devwa l jan ke konstitisyon peyi a mande l fò n pa bliye tou gen yon seri brenn k ap gaspiye nan an(n) ayiti nou kapab di se yon boul lò ki nan lari sa yo bezwen se jis yon èd nan men leta pou ta fè yon seri mini-rechèch senp ki ta ka kontribye nan devlopman ayiti nou kapab pran egzanp dèmilye elèv ki fin desann bakaloreya ki sou beton an imajine w leta ta mete yon seri enstiti teknik pou elèv sa yo vin fè rechèch ti nèg ayisyen pa t ap pran lontan pou fè konpetisyon ak syantis lòt swadizan gran peyi nèg ayisyen an pwouve konptetans li deja nan lekòl gran peyi sa l bezwen sèlman pou fè tranzisyon an ayiti se aksè e patisipasyon gouvènman ayisyen an se kle pou derapman an fèt devlopman ayiti nan tout sans depann de ayisyen ayiti kou nan dyaspora a nan sans sa a kèlkeswa gouvènman ayiti a fò l ta gen yon politik pou l ankouraje patisipasyon ayisyen nan dyaspora a pou kontribye nan devlopman peyi a e gen ayisyen nan dyaspora a ki prè pou sa men sa k rete yo se apèl yon gouvènman ayisyen serye y ap tann pou fè yon dekabès tip chanjman sa yo pa mande milyonven kòm

anpil ayisyen ta prezante l yon fason pou chanjman de baz yo pa janm rive fèt men fòk gen politisyen serye fòk se pa yon seri gran manjè politisyen dyòl bòkyè ayiti bezwen moun serye nan gouvènman an pou fè bagay yo vanse fòk moun ki vle wè chanjman yo kontinye revandike reveye òganizasyon popilè yo pou epole yo nan objektif y ap eseye atenn lòt gwo pwoblèm ki prezante nan domèn rechèch la se jwenn dokiman sou ayiti lè m di dokiman ki sòt dokiman liv jounal atik revi videyo elt tout se dokiman ki ka itilize pou fè rechèch pa egzantp anpil nan jounal ayisyen pa anrejistre nan okenn bibliyotèk pou ta jwenn kopi yo pou li yon atik enpòtan pou fè yon rechèch sou yon tèm prensipal anpil pa menm sou mikwofich menm jan sa fèt pou jounal ameriken etazini mikwofich la se yon aparèy ki gen yon ekran tankou yon konpitè pou l li jounal la jounal sa a anrejistre sou fòm yon fim kodak ki nan yon bobin depi w foure l andedan aparèy sa a w ap li jounal la san pwoblèm jounal kapab youn nan sous ki pi soulamen pou yon moun itilize nan fè rechèch poukisa gen jounal ki parèt chak jou chak semèn chak mwa konsa yo kouvri yon evennman kèk atik sou yon evennman presi rapidopresto yon otè ap pran plis tan pou l ekri yon liv sou yon evennman patikilye men si ou gen abònman yon jounal w ap gen tan li sou evennman sa a anvan menm yo soti yon liv sou li se sa k fè l enpòtan pou nou menm ayisyen ki bezwen fè rechèch pran abònman jounal ak revi lè n fin li yo se pa annik pran yo voye jete okontrè se pou n anpile yo oubyen koupe atik sa yo pou sere petèt li ka itil yon zanmi k ap fè rechèch lè n ap li jounal oubyen pran abònman jounal li toujou bon pou n eseye li omwen 2 jounal diferan pa egzantp ou ka jwenn kèk jounal ayisyen ki fè yon repòtaj sou yon bagay epi yo prezante l ak yon pwendevi diferan men lektè oubyen chèrchè a fò l kapab an mezi pou konpare sous enfòmasyon an ki pwofondè validite enfòmasyon an pafwa gen jounal ki ka prezante yon koze sou fòm fiksyon ki pa reyèl ak manti yo mete nan atik la lè sa a li plis parèt yon fantezi pou fè moun ri olye pou eseye rive konvenk lektè a sitou si l deja konnen moso nan verite sou li koze fè rechèch la pafwa parèt yon bagay estraòdinè pou kèk ayisyen tandiske se yon bagay byen senp anpil fwa pou kèk ayisyen depi yo tandè koze rechèch imedyatman yo panse a gran peyi bagay blan ap fè men reyalyte a se jis antrene elèv la sou kijan pou l aprann fè fouy estrateji ak zouti li bezwen kote l pran aplike teyori ak pratik alafwa sa devlope lespri elèv la pou l entèprete konpare kritike epi kreye li enpòtan pou sa fèt nan tout nivo elemantè mwayen segondè e siperyè se youn nan egzèsis entelektyèl pou ede elèv la pwogrese yon lòt metòd nou kapab itilize tou nan fè rechèch se entèvyou nou kapab gen difikilte pafwa pou jwenn dokimantasyon sou tèm n ap fè rechèch la men enpòtan an se chèche konnen espesyalis nan domèn sa a epi entèvyouye yo pran bèt nan bouch yo pou al rapòte yon zouti enpòtan pou n genyen se yon ti tepikòdè apre entèvyou sa a nou kapab chita pou n ekri transkripsyon an finalman koze fè rechèch la enpòtan nan tout domèn e nan tout nivo se akòz yon moun ki te fè rechèch sou yon bagay kèlkonk ki fè jodiya nou menm nou kapb benefisyè de li fè rechèch se yon zèv imanité ann ankouraje antrene ti ayisyen ayiti kou nan dyapsora a nan fè rechèch rechèch pou n di zòt nou gen brenn tou pou n fyè de nou menm kòm premye pèp nwa sou latè e pou devlpman ayiti cheri investi nan devlopman ayiti li lè li tan pou ayisyen ki kapab sa yo ki gen dola bèl ide sa yo ki gen yon vizyon pou fiti peyi a met tèt ansanm pou fè yon bagay pou ede peyi a ale vè lavan ayisyen pou laplipa konsantre twòp sou radòt politik olye yo investi chache mwayen investi pou ede peyi a teyat entènasyonal k ap jwe an(n) ayiti a depi 29 fevriye 2004 ta

sanble paralize pifò ayisyen viris bliye sa mwen ta di investi pou ede paske gen investisman se souse y ap souse san peyi a depi lontan nou dwe aprann kijan pou investi travay ansanm boujwa klas mwayèn klas ki devan klas ki dèyè klas pòv entelektyèl sa yo k ap pratike yon metye sa yo ki gen yon pwofesyon patikilye elatriye yo kapab mete tèt ansanm pou fè yon bagay pou peyi a gen de lè nou dwe mete politik de kote epi pou n eseye fè yon bagay pozitif ansanm pou benefis peyi a lè nou wè kèk ayisyen met tèt ansanm pou yon bagay nan avantay peyi a nou dwe bat bravo epi ankouraje yo bat men ankouraje chen li lè li tan elit nou an eseye fè yon bagay pozitif pou peyi a mwen reyèlman fatige lè m li tout tan ayiti se peyi ki pi pòv nan emisfè a ayisyen sèlman ka fè peyi a sanble yon ti lasuis wi yo kapab mwen pa gen dout gen plizyè santèn lòt ayisyen ki pa renmen li fraz sa a men kisa yo fè repons lan nou pran responsablite fè yon bagay pozitif piti kou l ta ye men diferans lan va gran nou se yon nasyon ki rich anpil an tèm resous imen men nou pa mete bagay yo an pratik laplipa de fwa nou pa kwè nan tèt nou laplipa de fwa an tèm potansyalite nou imajine w chak ayisen ta mete de kote yon dola pou devlopman ayiti chak semèn nou plis pase yon milyon nan dyaspora a donk omwen nan yon ane nou ta gen 52 milyon dola e si chak ayisyen sa yo ta bagay yon chèk salè yo resevwa chak semèn si te gen yon vrè estrikti ki t ap jere lajan sa a wow investi nan agrikilti sante edikasyon nan lòt enfrastrikti de baz wè 16 pwen pou ede ayiti bouje pou ta fè sa chak ane pou omwen dizan o letènèl ala yon repo nou ta pran ak bank mondyal fmi fon monetè entènasyonal ak tout lòt èd pèpè oubyen èd ki la pou ankouraje soudevlopman peyi tyèmond kòm kondanasyon si sèlman bèf te konn valè l gen espwa pou ayiti cheri nan syèk tounèf sa a men chak genn ayisyen dwe chanje ansyen fason yo te konn panse pou tiye viris bliye sa a epi pou di li lè li tan pou m fè yon bagay pou peyi m paske ayiti se manman m tou ki fiti jènès la ayiti kesyon sa a se youn nan bwalong jènès la ka bay leta ayisyen kenbe kèlkeswa leta yon peyi depi l pa montre l sousye de jènès peyi sa a konnen l pa sousye de fiti peyi sa a nonplis paske se jènès ki fiti yon peyi se li k pepinyè demen si n ta pran tan fè yon ti rechèch sou kesyon jènès la e sa yo ta renmen enben nan ankèt sa a nou ta wè 100% ta reponn pati alò lè ou gade repons sa a petèt ou ta di a jèn yo pa renmen peyi yo se pa vre ditou! yo renmen ayiti men poko gen gouvèlman ayisyen ki montre yo renmen yo paske vrè amou pa mache san sakrifis youn nan mo santral nou ka vize nan diskisyon sa a se ankadreman se yon mo n tandè deja e nan kontèks ankadreman nou ka foure tout sa k pozitif ladan pou jèn yobonjan lekòl leta gratis pou yo ki byen ekipe ak ti bibliyotèk pou yo fè rechèch pou elaji konesans yo mete pwogram nan lekòl sa yo plizyè tip si n ap gade lekòl gran peyi yo òganize joune pou yo dekwa pou yo vwayaje al gade lòt kote nan peyi a pou yo ta vin konsyan de reyalite ayisyèn nan mete pwogram espòtif ladan yomwen mansyone deja ke tout timoun ayiti ta dwe anrejistre nan yon lekòl kèlkonk sot nan laj senkan rive nan laj disetan pwen pou ede ayiti bouje byenke mwen mansyone espò nan men nou ka al pi lwen toujou pou n ankouraje e devlope l ayiti pou jèn yo ta patisipe nan tounwa entènasyonal kote menm yo ta ka fè yon karyè nan domèn sa a nou gen espò kouwè foutbòl baskètbòl volebòl ki te ka devlope nan tout peyi a men kesyon n ka poze se èske gen reyèlman yon ministè jènès espò k ap panse a tout sa jèn ayisyen trè kreyatif entelijan men podyab se yon seri sèvo k ap gaspiye nou te ka menm panse a yon mize pou ta espoze travay kreyatif atistik yo kreye pri pou yo dekwa pou motive lòt jèn leta panse a sa poukisa pa gen yon asosyasyon

jèn ayisyen ayiti mele ak dyaspora a la a imedyatman nou antre nan òganizasyon sèdike la a nou ka panse a òganize oubyen reòganize yo si gen kèk òganizasyon jèn ki ekziste deja si sa ta rive fèt kote ta gen de bon òganizasyon jèn youn ayiti youn nan dyaspora a epi pou ayisyen ta eseye sipote yo finansyèman moralman kreye admosfè pou yo ta rankontre omwen chak ane nan konferans pou yo ta pale de sitiyasyon yo sa yo ta renmen kote yo ta vle rive sa yo ta renmen fè pou ayiti sa yo ta renmen wè ayiti se ta youn nan gran pa vè lavan o nivo entènasyonal jèn ayiti dèyè nèt pase yo pa gen aksè menm pou ta vwayaje sendomeng ki pi pre yo pou al wè sa k gen la donk yo izole totalman ak lesteryè pou ta rive fè yo kòmanse fonksyone o nivo entènasyonal dabò fòk gouvèlman ayisyen ta kòmanse pran pwoblèm sa a an konsiderasyon gade ki sa k genyen pou jèn yo nan peyi devlope yo pwogram echanj entènasyonal epi kòmanse mete yon seri enfrastrikti sou pye pou ede yo donk globalman pa gen anyen serye ki ka fèt si leta vag sou yo se youn nan gwo pwoblèm ayiti ta sipoze souliye nan kaye l pou l kòmanse solisyone men anfen kilè reyèlman va gen gouvèlman ki sousye de yo e ki va ba yo plas yo merite nan sosyete a ki tip lame ayiti bezwen prentan 2005 si n al fè yon resansman epi nou ta mande pèp ayisyen an si yo ta vle lame a retounen plis pase ta di non lame ayisyèn lan nan ventyèm syèk ke tonton sam enplante nan ane absoliman se pa menm ak lame endijèn nan ki te batay kont pouvwa kolonyal nan diznevnyèm syèk poukisa ayiti ta bezwen yon lame pou batay kont dominiken pou pwoteje pèp ayisyen pou fè koudeta lè sa nesèsè pou chita netwaye zam pou touye ayisyen inosan kòm yo te fè nan koudeta pi sanglan ki te fèt 30 septanm 1991 lan pou mete o pouvwa moun ki pa popilè yon bagay nou konnen ki fèt anpil fwa nan 20tyèm syèk la nou te ka kontinye poze yon dal ak yon pakèt kesyon ki relate wòl yon lame an (n) ayiti plis pase 16% bidjè nasyonal peyi a nan ane 80 yo ale nan lame yon kokenn pèt plizyè milyon dola vèt lajan ki te kapab itilize nan edikasyon agrikilti pou ede ak devlopman ayiti kreye travay pou pèp la lame mwen panse ayiti bezwen an se yon lame yon gwoup moun enkli ansyen manm lame defen an volontè pou travay nan plantasyon pyebwa ede konstwi wout ede nan devlope agrikilti epi patisipe nan lòt travay ke peyi a bezwen pou ale vè lavan tou depan bidjè peyi a demen yo ka peye mesye sa yo ki sèlman konn tire kòm metye kèk dola pou fè travay sa yo ke peyi a bezwen brid sou kou ayiti jis bezwen yon fòs polis pwofesyonèl youn ki byen antrene tou e youn ki byen ekipe ki gen ekipman li bezwen pou fè travay li mwen sèten anpil moun sou fowòm ayisyen yo familye ak istwa costa rica nan sans sa a èske l pa pi bon pou yo san yon lame depi nan fen ane 60 yo poukisa pou sipòte yon enstitisyon ki p ap travay pou pwogrè yon peyi èske vrèmanvre yon lame ap fin ak tout tip gang ki pran nesans ayiti nan fen ane 80 yo akòz vid politik ki te vin kreye se yon bagay mwen doute li sèten ke ayiti bezwen sekirite pou tout moun men ann serye sou sa ann diskite meyè fason sa kapab fèt ann gade pwoblèm lwa ki gouvènè sa ayiti epi lwa ki nesèsè pou fikse nan avantay tout sitwayen zafè lame dayiti si sa dwe kontinye egziste ou pa pa depann de okenn gouvènman ayisyen poudayè lè ou se yon peyi okipe ou pa gen lavwa o chapit pou pran desizyon esklav pa pran desizyon pou mèt li e patwon ki alatèt okipasyon an pa bezwen yon lame nonplis pou reyalize objektif li konben fwa yo repete sa endirèkteman èske nou janm di vrèman poukisa lame dayiti te egziste ki misyon lame defen an èske menm ayisyen ap gen odas di ke se yon enstitisyon ki te trè enpòtan e ki kontribye nan devlopman peyi a majorite moun ayiti lè yo te wè yon chèf kit li te makout ak inifòm ou

san inifòm kit li te militè atache chèf chimè premye bagay ki te vin nan tèt yo se ènmi yo nan yon sans yo pa t janm santi chèf la pou pwoteje yo chèf pa t janm zanmi moun an ayiti ann aprann viv nan reyalite e reyalite tan an tou san sa n ap toujou rete yon pèp k ap viv nan ilizyon fè diskou gramatikal zewo fot kòm piram ta di ki p ap abouti a anyen pou ede ayiti mwen ri kò pèdi lè kèk grenn odyansè sou kèk fowòm ta fè konnen enpòtans lame a nan devopman ayiti alò ki lame lame raketè bon si se sa ayiti deja gen twòp ki sekirite lame dayiti te janm bay pèp ayisyen tout bon vre sou divalye tonton an te neutralize lame ak kreyasyon tonton makout yo men an menm tan anpil nan militè yo te espyon divalye e anpil nan nou konn sa tou èske menm lame sa a pa t manje nan fanmi zanmi nou nan fò dimanch fò lanmò èske menm lame sa a pa t patisipe nan e tandòt gwo krim kote plizyè ayisyen inosan pèdi lavi yo men nan tout lwa gen esepasyon se vre te gen kèk moun serye nan lame dayiti ki te eseye chavire diktati sanginè sa a men ki pa t reyisi e ki pèdi lavi yo men pa t reyèlman gen anyen yo te ka fè tout bon pou ede nan devlopman peyi a an jeneral lè n ap pale de lame nou pa dwe wè sèlman kèk grenn sòlda k ap make pa swe kou pitit kokobe mèg kou tako alò pitit sòyèt ak yon fizi tonton nò yon bayonèt ladan e pou fizi sa a tire fò l pise pou plon an pou chofo l men se tout yon enstitisyon ki divize an plizyè branch e ki mande plizyè milyon dola vèt pou alimante l èske nan sitiyasyon ekonomik ayiti ye la a li reyèlman bezwen yon enstitisyon ki pa pwodiktif pou peyi a pou l ta envesti plizyè milyon ladan e nou wè sa lame dayiti remèt apre diktati kraze zo divalye a chavire an 1986 sa k pase kòm dinasti divalye a se te yon diktati sivil enben lame kòm enstitisyon ki pa t dwe nan politik vin kreye yon diktati militè li menm soti sou jeneral nanfi lè koudeta kòmansè fèt pou rive sou jeneral avril kòmansman 1990 epi lame reprann mayèt enkonstitisyonèl la ak koudeta 30 septanm 1991 sou lebedyans jeneral sedras byenke yo te mete« kèk popetwèl sou pouvwa kòm prezidan premye minis men o fon se lame ki t ap fè e defè sou lòd patwon blan an jis pou rive nan mwa oktòb pandan tan sa yo èske lame dayiti montre l te vle fè yon bagay pozitif pou peyi a tout bon se kesyon enpòtan pou tout ayisyen ta poze patikilyè kèk entelektyèl moun nou ta panse ki gen bon sans k ap pale anpil sou kesyon retou lame a ki p ap abouti a anyen enben repons lan se pito ratibwazay total sou pèp la atravè peyi a gen yon gran diferans ant mete lòd nan dezòd kontwòle bandi k ap fè dezòd moun k ap simaye latèrè ou latwoublay ak pèsekite moun inosan pou opinyon yo oubyen pou yon kandida patikilye yo te chwazi pèp ayisyen an ke kèk moun panse analfabèt la viv reyalite peyi a chak jou bondye mete e li ka esplike nou fen e byen fil an egui reyalite politik peyi a pase l diplome nan inivèsite lavi moun ki malad se yo k konn remèd kle ki nesèsè pou ouvè pòt sekrè devlopman ayiti kle ki nesèsè pou ouvè pòt sekrè devlopman ayiti se yon prizkonsyans mwen wè prizkonsyans sa a kòm yon bonjan priz tabak wi youn ki ta fè n estènen refwadisman kolonyal la ki depi desanzan bloke lespri nou li trè enpòtan tou nan sans sa a pou chak ayisyen ta pran yon moman pou reflechi sou kilès yo ye yon pèp ki gen yon patri ke l eritye nan men zansèt ki te batay kont pouvwa kolonyal yo pou te kapab jwenn libète yo pou kraze chenn lesklavay la e an menm tan kreye yon patri ki rele ayiti cheri pou yo kale kò yo jan yo vle yon pèp ki eritye yon kilti e youn ki gen yon eritaj istorik donk ki responsablite yo anvè patri sa a kisa chak nan yo fè pou kominote yo ke l te nan dyaspora a gran kominote ayisyen an kote plis pase yon milyon ayisyen ap viv ou ke l te an(n) ayiti manman peyi a ki bezwen èd tout pitit li yo ki gaye nan tout dyaspora a si ou se yon

ekriven trè byen men èske w voye kèk liv fè bibliyotèk an(n) ayiti kado èske w mete a dispozisyon kèk nan sa w ekri yo sou entènèt la oubyen menm pataje kèk ladan yo ak ak kèk fowòm dekwa pou kèk moun ka benefisye de ide w yo èske w te konnen ou kapab pibliye gratis ti cheri sou entènèt la dekwa pou plizyè milyon moun enkli ayisyen nan tout rakwen kapab gen aksè a yo si ou se yon chèrchè trè byen men èske w kontribye deja nan devlopman ayiti èske w fè kèk atelye ak entansyon pou ede ayisyen ak ayiti èske w antrene kèk ayisyen nan domèn ou espesyalize a èske w janm patisipe nan kèk fowòm sou entènèt la nan konferans ki gen pou wè ak ayiti èske w mete kèk nan rechèch ou yo sou entènèt la dekwa pou moun ka gen aksè a yo èske w poste kèk kopi ladan yo bay kèk bibliyotèk oubyen sant ayisyen an(n) ayiti ou nan dyaspora a si ou se yon medsen trè byen men èske w janm òganize kèk seminè pou ede edike moun nan kominote w la sou zafè sante èske w janm fè yon vwayaj ayiti ak kèk kòlèg enkli enfimyè oksilyè dekwa pou ede moun la èske w janm prezante yon papyè nan konferans anyèl etid ayisyen ki fèt nan mwa oktòb si w se yon anseyan ki Kanada etazini lafrans trè byen men èske w jis touche chèk ou chak semèn chak kenzen chak mwa pou peye kèk nan bil fakti w yo pou pran plezi epi sa fini èske w janm eseye pataje plan leson w yo sou entènèt la ak lòt moun èske w janm mete kèk nan rechèch atik ou yo sou entènèt la pou ede anseyan ayisyen ak elèv ayiti èske w janm prezante nan konferans yon bagay ki an rapò ak ayiti èske w kenbe kopi tout travay ou yo dekwa pou itil anseyan ayiti èske w janm planifye fè atelye pou anseyan ayiti ki materyèl didaktik ou devlope deja pou elèv materyèl ki kapab itilize ayiti tou kesyon sa yo kapab aplike a nenpòt moun ki gen yon pwofesyon oubyen yon metye kèlkonk pou panse anpil a ayiti nou chak ka yon lidè e nou pa bezwen ret tann yon moun monte sou pouvwa pou fè tout travay ki bezwen fèt pou devlopman ayiti ou kapab yon bonjan aktivis ki vle di yon moun ki jis aktif ki kwè nan sa l ap fè a e ke plizyè moun ka benefisye de li nan pwòp pwofesyon ou ak pwòp entelijans ou dekwa pou ede ayiti ale vè lavan mwen di bonjan aktivis paske m konnen gen anpil ransè fo kominis kòm yo konn di an kreyòl pafwa ki ka parèt aktivis men se jis pale teyori pa gen aksyon vrè pwoblèm nan se nan nou ak pami nou li ye tankou m ta entèprete l nan vè anba yo byenke sètènman gen kèk magouyè etranje ke n ta konsidere kòm kolon modèn bès ki gen dis metye men ki pa metrize youn pou ede ayiti e ki pa ta renmen wè bon bagay pou ayiti nonplis paske yo benefisye de soudevlopman oubyen touman l men ayisyen va chwazi si yo dwe kontinye pran lòd nan men mèsenè sa yo si pèp sa a reyèlman konnen kle ki nesèsè pou ouvè pòt sekre devlopman ayiti a lè kolon sa yo mande ou fè koudeta pouki w pa di yo lavoum wete kò yo la lè kolon sa yo mande w touye frè ou yo pouki w pa di demake al touye pa yo lè mons sa yo di w ka ayiti se fatra pouki w pa jis di yo non pa ba w kenbe sa lè bandi kolon sa yo vle pase ou lòd pouki w pa di ou pa sòlda k ap tann modòd se sanzave k ap chèche mwayen esplwate w ou konn sa k nan tèt yo pa kite yo blofe w mwen kòmanse konnen ayiti lè m kite peyi an an fevriye 1976 yon moun ka imajine epòk la diktati babi dòk la te an vòg yon moun pa ta oze ouvri bouch li pou kritike nenpòt bagay se yon gwo ris sa ta ye men lè w viv pwoblèm yo chak jou ou wè mizè pèp la vyolasyon dwa moun krim makout ratman lekòl tribòbabò nan peyi a pa gen pwogram nan tout rakwen peyi a ou gen yon vrè ide de ayiti vwayaj ouvè je moun mwen ta ankouraje moun ki ka vwayaje fè sa dekwa pou konnen sa k ap pase nan lemonn se tou yon lekòl gratis ti cheri nan inivèsite lavi kote yon moun ka aprann ak de grenn je l

reyalite lemonn mwen kapab devine poukisa depatman edikasyon nasyonal an(n) ayiti pa ta menm gen yon pwogram pou vwayaje la a sendomeng ki tou pre ak ayiti pou yon peryòd de tan byen kout an pasan kèk gran lekòl prive ki gen yon non al la ak kèk elèv konvèsasyon m ak yon elèv ayisyen ki te frekante youn nan gran lekòl sa yo yon vrè ministè edikasyon an(n) ayiti si tout bon vre ayiti ta rive gen chans gen youn ta pran jou vandredi kòm konje dekwa pou fè pwogram ak elèv yo tèlke òganize joune ak yon an tout peyi a òganize joune pou al vizite sendomeng angaje yo nan plantasyon pyebwa fè yo patisipe nan pwojè kominotè kou nan pwojè gouvènmantal epi fè yo ekri yon rapò sou chak joune oubyen aktivite yo fè pou mwen sa ta rele vrè edikasyon sivik ayisyen an(n) ayiti yo pito anseye n pou n rayi tèt nou peyi nou pou n rayi vwazen ayisyenepi pou n rayi sa ki pa nou tout engredyan ki ta konpoze kilti nou donk dwe gen yon edikasyon tounèf an(n) ayiti nou toujou gen yon edikasyon kolonyal kote yo anseye n pou n apresye kilti ansyen mèt kolon yo anseye n pou n fyè de kilti ansyen mèt yo nou bezwen yon edikasyon ki gen pou sib devlope ayiti nan tout sans youn ki santre sou dekolonizasyon kiltirèl k ap montre kreye envante afè pa nou epi tou yon edikasyon pratik pou mete an pratik nan sosyete a sa nou te aprann sou ban lekòl pa egzans elèv ka aprann kèk metye pandan yo lekòl apa de edikasyon jeneral lekòl yo ap bay koupdimonn 1998 yon rèv enkwayab pou lafrans koupdimonn 1998 yon koup ki fèt anndan lafrans gen yon dal enpòtans pou peyi sa a opwendeви sikolojik politik ekonomik e etnik pou rive konprann manifestasyon jwa fransè yo sikolojik se yon rèv ki tounen yon reyalite pou fransè yo kòm nou konnen deja lafrans klase pami 6 gran peyi nan lemonn men opwendeви espò mondyal sa a yo te santi yon konplèksdenferyorite lefèt yo pa t janm fè listwa si n ap gade lòt peyi ewopeyen tèlke almay itali ki pran koup la deja epi lafrans pa t manm klib 7 peyi ki pran koup la deja se te yon bagay ki dominepanse yo anpil si n ap fè kritik espòtif malgre yo konnen lemonn konnen yo avanse nan plizyè domèn epi yo toujou konsidere kòm sant sivilizasyon an ewòp depi kèk tan se tankou yon ekriyen k ap ekri depi lontan ekri anpil men li pa rekonèt nan yon anbyans entènasyonal e menm nasyonal pafwa lè ekriyen sa a ta vin pran yon gwo pri literè e si pa chans li ta rive pran pri nobèl la imajine w kòman l ta montre kontantman l diferan de jean-paul sartre ki te rechte pri sa a men pa bliye misye te yon filozòf dènye degre tout lafrans te gentan konnen l deja menm jan yo konnen foucault men lefèt sartre te rechte pri a popilarite l monte plis paske se premye ekriyen yon gwo ekriyen yon filozòf nan listwa ki fè yon bagay konsa donk endirèkteman li pase kòm chanpyon ou p ap jwenn yon lòt ekriyen ki pral rechte yon pri nobèl kounyeya paske sartre fè sa deja politik se yon viktwa pou chirac paske lè yon peyi pran yon koup premye moun yo kòmanse felisite se prezidan peyi sa a menmsi l pa t fè anyen grandyoz se menm jan lè yon peyi gen siksè sou yon gouvèlman se prezidan an ki jwenn tout glwa yo bousòl la se sou li l pwochte menm bagay la si peyi sa a ta an chen tankou ayiti se gouvèlman yo y ap toujou kritike se yo ki responsab donk tout bagay yo mache ton sur ton sèdike fokis lemonn nanzafè koup la pa chita sou yon gadyen estraòdinè tou oubyen pou lemonn ta poze bousòl la sou fokis la se sou lafrans pito kòm peyi ki pran tout glwa a epi l gen yon istwa byen long dèyè l plis enfluyans li nan kontèks mondyalizasyon ekonomik koup sa a pote dè milyon dola pou lafrans pou fransè yo e pou moun k ap viv an frans dabò se yon investisman kote lafrans fè yon pwofi maksimòn si n konpare ak lòt peyi ki te òganize koupdimonn deja tèlke etazini byenke mwen poko li

data sou ekonomi lafrans pandan yon mwa koup la men m konnen gen gwo dosye ki pral pale sou sa wè si n ta pran tan pou n ta pase sitiyasyon ekonomik ewòp an revè e patikilyèman lafrans nan fen syèk la e avan koup la nou pral wè yon seri koup ki kwaze sou aks y/x ekonomis fransè yo ka fè pi devan pou eseye montre n pwofi lafrans fè nan tout sans epi lajan sa a rete andedan peyi a pou l investi ankò kreye plis anplwa pou moun nan peyi a amenaje bagay espòtif lafrans si n ta pran touris pa ekzanp nonb de moun ki antre pou vin nan match yo moun ki sot nan kontinan ewopeyen an ak lòt kote ki rete lafrans pandan tout mwa a nou te ka pale an tèm de bilyon dola epi gen dè milye moun ki desann ayewopò orly ouest oubyen charles de gaulle chak jou bondye mete sèdike tout otèl fè mago chòf kafe restoran nayklib transpòtasyon vandè nan lari mize tout sa n te ka site fè yon pwofi estraòdinè epi reyalite ekonomik lan sèke se lajan kach touris sa yo kite lajan sa a remake byen se pa nan pòch gouvèlman l soti byenke gen yon pati ki soti nan pòch gouvèlman fim prive ki t ap prepare konstriksyon fè reparasyon estad konstwi estad nèf travay nan amenajman espòtif elatriye men tout kòb sa yo antre soulechan si n vin analize depans avan + pwofi apre yon ekwasyon k pral ban nou yon balans pozitif se ekip fransèz la tou ki pral resevwa plis lajan ke tout lòt 31 ekip yo plis dè milye dola yo pral fè nan piblisite e se poko anyen apre koup la touris kontinye ap debake lafrans sèdike gen dè milye dola lafrans pral antre ankò nan souveni ki pral vann etnik opwendeви etnik se yon siksè pou politisyen fransè pran woulib espesyalman pati chirac sot ladan an yon pati konsèvatè si n gade ekip fransè a n ap wè l gen yon bon konpozisyon etnik ladan sa non sèlman montre divèsite etnik nan peyi lafrans diferan de anpil lòt peyi ewopeyen epi depi lontan lafrans te konsa byenke se blan fransè ki toujou sou pouvwa ki nan meyè dyòb men se yon reyalite kounyeya pou wè kilès ki konpoze sosyete fransèz la e enpòtans kontribisyon imigran an frans kijan yo travay pou avansman peyi a byenke rasis la ekziste an frans sou yon fòm deferan de etazini men nou pa ka nye l petèt nou ka li kèk siy an frans ki di ne touche pas mon pòt an anglè leave my ass alone oubyen kite bounda m trankil an kreyòl yon mesaj anti-imigran an frans men malgre tou lafrans ap toujou rete lafrans an palan de etnisite nan match la lemond antye wè enpòtans jwè tèlke lilian thuram yon nwa ki voye ekip la nan final ak de gòl li fè sou ekipòlann lan ak zidane pitit imigran arab k ap viv marseille mwen wè se de meyè jwè ki fè lafrans gen koup la byenke m poko li lòt kritik pou wè sa yo di plis yon blond ki fè yon gòl anvan match la fini nenpòt kritik ap di de gòl zidane yo pi enpòtan yon fason pou te bay fransè yo plis asirans ke yo devan e kòm pwovèb la di nou devan devan nèt men nou konnen brezil sa l te ka remèt malgre l fin pran de gòl nan premye mitan an anpil fanatik brezil panse yo te ka rive egalize nan dezyèm mitan pou yo ta al nan pwolongasyon si l posib epi si sa pa ta mache pou yo ta al nan penalite menm jan sa te fèt nan dènye koup la ant brezil itali epi pou koze penalite a kritik espòtif konnen pwa tafayèl kòm gadyen ekip brezil la men sikolojikman moral brezilyen yo te bese anpil apre de gòl yo jwenn sipò jwè seleksyon fransèz la jwenn nan men piblik la ak teknik yo t ap jwe tou donk petèt ak kòmantè m fè yo lektè k pral li atik sa a kapab plizumwen konprann manifestasyon jwa fransè yo ak moun k ap viv lafrans pandan yon semèn la semaine de gloire pour les français ak enpòtans koupdimonn lan o nivo sikolojik politik ekonomik e etnik mennen koulèv la lekòl se youn fè l chita se de nou anba gwo presyon nan men kominote entènasyonal la pou itilize vyolans jeneral augusto heleno ribeiro deklare a yon komisyon

depite nan peyi brezil mwen kòmande yon fòs k ap mentni lapè pa youn ki la kòm fòs k ap okipe jeneral la site etazini lafrans ak kanada pami peyi k ap bay presyon pou itilize fòs kont gwoup ame yo brezil nan yon sans ta eseye kenbe pwomès li te fè avan asavwa li gen yon misyon pou ede nan rekonstriksyon ayiti nou pa la pou fè vyolans sa p ap fèt osilontan mwen an chaj fòs la brezil ap mande peyi donatè nasyonzini yo pou bay bilyon pou èd yo te pwomèt nan kad rekonstriksyon ayiti tradiksyon anglè kreyòl pou rezime sitasyon anlè yo brezil nan yon sans montre sèten valè moral kòm yon fòs k ap mentni lapè ki pa ta renmen tonbe nan mitan yon gè sivil ant ayisyen itilizasyon vyolans pa meyè fason pou estope vyolans kòm anpil nan nou ki gen valè moral ta rezime l epi se pou rezon sa a politik etazini nan zafè etranje pa gen siksè kote yo kreye plis hèn pou tèt yo nan lemond itilizasyon fòs olye vrè diplomasi kòm mwayen pou rezoud kèk kriz entènasyonal anpil fwa etazini chita deyè pwovèb laten an si w vle lapè prepare lagè imajine w nelson mandela ta mete sa an(n) aplikasyon lè l te monte sou pouvwa kijan afrikdisid t ap ye jounen jodiya èske apated ta kòmanse disparèt èske ta gen espwa pou lapè alontèm nan yon rèv ke mandela ak anpil lòt moun t ap nourri depi lontan yon rèv anpil sakrifye vi yo pou li premyèman pou dezame bandi sa yo ayiti a kèlkeswa gwoup yo apateni se ta jwenn enfòmasyon sou yo epi chèche yo pou mete nan prison kreye bonjan dosye pou yo dekwa pou rete vijilan gen kontwòl yo pou sekirite ka blayi sonje konstitisyon 1987 la aboli pèn lanmò epi an pasan se yon santans ki ta egziste toujou nan dotyen peyi men sa pa evite kèk lawon nan sosyete a kontinye fè krim pou sa mwen sèten pèp ayisyen an konnen kilès k ap simen latwoublay nan kèlkeswa katye kote yo rete donk la a menm gen yon sous enfòmasyon trè rich pou sa yo ki gen renn peyi a nan men yo aktyèlman lòt bagay nesèsè pou gouvènman an ta fè se ta kreye aktivite pou angaje tout moun nan fè yon bagay yon gouvènman enterimè pa ta vle di youn ki jis la k ap fè yon kenbe pou lòt prezidan eli a sa ta dwe pito yon opòtinite bab e moustach pou demontre lidèchip ki ka gen yon efè pozitif sou gouvènman ki pral pran mayèt la e sa yo k ap vin annapre poukisa ayiti chaje ak bandi repons lan senp pa gen aktivite pou kenbe chak moun okipe nan peyi a pa gen dout absans koze sila a pral pwodui tout yon seri gang imajine w chak jèn ayisyen an(n) ayiti ta andedan yon lekòl yon kote y ap aprann yon metye gen yon travay y ap fè kèlkonk mwen di jèn paske si nou fè yon rechèch n ap jwenn majorite nan gang sa yo se yon seri jèn nan laj ventan ou menm pi jenn toujou byenke n ap jwenn sa yo ki nan trantèn ou plis toujou moun pa t ap wè ekip sa yo ak make lèsanpa nan lari mele nan aktivite gang ak yon seri jèn k ap dòmi nan lari lèsanpa tout kote nan pòtoprens pami yo anpil inosan vrèmanvre se pa yo menm ki envante sitiyasyon sa a e sosyete ayisyèn nan ta dwe gen yon obligasyon moral pou fè yon bagay pozitif pou ede yo paske yo se manm menm sosyete sa a si w di yo ekip solid ekip tyòbòlmekè sa yo pa make lèsanpa nan lari pa fè krim pa fè sesi pa fè sela ou dwe kreye yon bagay pou yo pou kapab fini ak sa youn nan pwoblèm mwen genyen ak lidè ayisyen ke m rele pèdan anpil fwa sèke majorite nan yo pa gen yon vizyon alontèm pou ayiti sèl rèv yo se monte sou pouvwa epi yon fwa yo fin monte yo pa konnen de ki lakyèl sa pou fè 2 men yo mare epi yo pa kapab panse fè kèk bagay pozitif pou kite deyè kòm eritaj pou sa k ap vin ranplase yo fòk ou gen fyèl pou vin yon bon lidè epi pou devlope bonjan lidèchip dwe gen yon atmosfè amikal ant fòs polis ayisyen an ak pèp ayisyen an se te youn nan gwo pwoblèm lame defen an yo te konsidere kòm ènmi pèp la olye zanj gadyen l ke l te sou

duvalier ke l te aprè rejim brital sa a te fayi yon fwa tip konfyans sa a fin tabli ant lapolis ak pèp la pral gen yon kokenn siksè nan pataje enfòmasyon ki va ede anpil nan rezoud pwoblèm sekirite a dwe gen tou dyalòg manch long ant gouvènman an e pèp la di yo men sa k ap fèt kisa k dwe fèt fè yo pran konsyans de patisipasyon yo nan kad devlopman peyi a yon bagay trèzenpòtan epi etan gouvènman ki gen mayèt pouvwa a nan men l ou pral kreye kanal pou patisipasyon pote fri aplikasyon filozofi konbit la nan devlopman global peyi a oubyen aplikasyon filozofi grès kochon an kwit kochon an yon gouvènman dwe kreye yon atmosfè pou montre pèp la ke l ap travay pou li e pou byennèt peyi l oken politisyen ayisyen pral gen siksè san yo pa ta mete bagay sa yo an(n) aplikasyon moun k ap sikile ak zam tèlkom polis ansyen manm lame defen an manm gang gen tandans atake sa yo ki san zam oubyen moun inosan sa se travay moun lach lojikman moun ki pote zam legal tankou manm fòs polis la ta dwe sèlman itilize l nan kad defans lejitim men depi plizyè ane ayiti tounen yon peyi kòbòy donk edike fòs polis la ak pèp ayisyen an se yon bagay trèzenpòtan nan kad atenn kèk nan objektif kle vizavi lapè piblikasyon elektwonik ak enpòtans li nan difizyon lang kreyòl la tanzantan plis ide vin nan tèt mwen lè m fin travay sou yon gwo rechèch kreyòl malgre m toujou gen tandans pa panse a sa m pibliye deja dekwa pou m pa di m ap kanpe la pou mwen jou yon atis pa ta pwodui ankò nan domèn li se kòmki dire li pa ta ekziste ankò se menm paralèl la nou ka fè ak yon ekriyen nou toujou atann l ap mete yon zèv nouvo deyò menm aprè l ta fin pran yon pri nobèl apre senkan rechèch entansif pou rive mete sou pye youn nan pi gwo dokiman sou lang kreyòl la an mwen aprann anpil de rechèch sa a non sèlman kòm otè l e kòm kreyolis ki sousye anpil de fiti lang natifnatal la men tou sou pwoblèm dokimantasyon an jeneral ayiti ap konfwonte depi digdantan e metòd ayisyen itilize pou fè rechèch nou pa ka ale pi lwen nan kritik nou san nou pa ta di anyen sou pwoblèm lekòl ayiti ki youn nan sous pwoblèm yo fason yo anseye nou gen anpil nou ka di sou sa e kòm nou konnen poko reyèlman gen yon bonjan refòm eskolè ki fèt an ayiti mwen mansyone sa anpil fwa nan rechèch mwen pou moun ki vle fè plis investigasyon sou sa difizyon lang kreyòl la se youn nan pwèn trè enpòtan mwen mansyone nan kòmantè rechèch mwen yo sou kreyòl e san patisipasyon leta san investisman l tout bon sa p ap rive fèt kòm sadwa men pou nou menm ki konnen reyalyte a ayiti li enposib tou pou n ta ret tann se gouvènman k ap vin fè tout sa peyi a bezwen donk li enpòtan pou n panse a altènatif nan sans sa a lè n ap pale de devlopman ayiti e nan kad difizyon lang kreyòl la nou kwè li enpòtan pou n panse seryezman a piblikasyon elektwonik non sèlman sa vin kreye achiv estraòdinè pou dokimante piblikasyon pou tout referans men sa vin bay tou yon dal aksè pa ekzanp aksè a dokiman pou sèvi nan lekòl pou ede moun fè rechèch nan tout nivo e sou tout sijè avantay pou moun ki bezwen pibliye zèv yo e ki pa gen kòb pou sa men annatandan yo kapab pibliye vèsyon elektwonik lan kote y ap atire plis lektè e kreye posiblite pou jwenn plis kritik sou zèv yo nan sans sa a li enpòtan pou n ankouraje tout moun k ap pwodui an kreyòl pou rekonsidere pouvwa entènèt la e kijan yo ka pran avantay de li pou ede e ankouraje difizyon lang kreyòl la pi rapid nan tout domèn n ap ankouraje tou tout moun k ap kreye pajwèb dekwa pou mete ladan yo dokiman k ap fasilite rechèch sou ayiti refleksyon sou jounen kreyòl gen plizyè fason nou ka entèprete jounen sa a oubyen kòmante sou senbolis li kreyòl lang liberasyon kreyòl sèl lang ki konekte tout ayisyen kreyòl kòm lang ki lega kilti ayisyèn kreyòl se lang nou pi alèz ladan kreyòl sèl lang nou

fè lanmou ladan pi byen kreyòl lang zansèt nou yo kreyòl antre sou entènèt la nèt se kreyòl ki towò a sou tè desalin men kòm ayisyen ki konsyan de pwoblèm ak reyalite ayiti pa gen anyen m pral fete ou fete se lè reyèlman kè w kontan y ap pale de byen pou peyi w kote w pase lè w di ou se ayisyen moun pa gen sèt min nan fon men yo souri ba ou reflechi! se plis pou mwen yon jounen refleksyon non sèlman sou lang natifnatal nou an men sou tout kilti ki gen kreyòl kòm non de batèm nan tout rechèch k ap fèt sou kreyòl se ayiti tout chèche masyone nan tèt lis la epoutan se la yo pi meprize kilti ak lang kreyòl la swedizan entelektyèl lengwis nou yo kòm mwen masyone nan yon entèvyou ak sicrad pa pwodui yon pyèlyèm an kreyòl apa yves dejean ki fè yon gwo diferans jodi a mesye yo chita ap ekri bèl koze sou kreyòl nan lang voltè chekspi pou yo ba yo grad gran chèche epitou depi yo rive nan yon nivo akademik elve anpil kategorikman elwaye yo de kominote ayisyèn nan reflechi! donk fò n reflechi sou mantalite sa a kritike l pou n eseye chanje l e nou kapab kesyone tou men ki liv atik metòd yo ekri an kreyòl pou ede lang sa a bouje ki dokiman yo pwodui eseye met deyò pou bay ide sou eradikasyon to analfabèt ayiti ki ide yo bay pou montre sa k pa konn fè rechèch men ki montre yon vòlwa nan avansman lang kreyòl la pou ta ede yo kisa yo fè ak tèt liv yo fin ekri yo èske yo menm panse voye kèk kopi nan kèk sant rechèch ki kenbe dokiman sou ayiti panse voye kèk nan bibliyotèk nasyonal ayiti reflechi! jounen jodi a n ap travèse tou kon kriz dokimantasyon kote menm dokiman kreyòl si w ta bezwen fè bonjan rechèch ou pa menm bezwen pèdi tan al ayiti sof si w pral entèvyoure moun pou ranmase yon corpus oral ki fèt deja plis pa chèche etranje nan plizyè domèn fò ou ta pran avyon al lafrans ak lòt peyi ewopeyen epi al nan kèk bonjan inivèsite ameriken ak nan library of congress pou jwenn yon seri dosye pa sèlman sou kreyòl men sou ayiti an jeneral reflechi pou jounen espesyal sa a m ta di konpatiyòt mwen yo patikilyèman sa k nan domèn rechèch kreyòl sa k rele tèt yo kreyolis jounalis ekri sa k ap fè yon bagay kèlkonk ki an rapò ak kreyòl pou yo reflechi analize pwoblèm yo pa ret fè vye politik chen manje chen youn ap kraze lòt men antre nan ou menm pran konsyans de reyalite peyi nou sa ou ka fè a pa atann okenn glwa an retou lajan k ap soti nan yon òganizasyon kèlkonk pou ede w men jis fè sa ou wè ki nesè menmsi se ak lajan k sot nan pòch ou se yon lòt altènatif tou nan tout domèn pou n rive chanje vizaj ayiti chak ayisyen eseye fè yon bagay nan domèn li san nou pa bezwen tounen pwatann nan ret tann akonplisman pwomès swedizan lidè x / y zwazo ki gen plim pa chante donk se souwè refleksyon pa m pou jounen espesyal sa a kòm chèche lengwis kreyolis edikatè direktè plizyè pwojè rechèch dwayen albert valdman ap toujou rete nan tèt plizyè moun yon ewo estraòdinè non sèlman pou travay ekselan san souf li sou yon dal lang kreyòl sou varyasyon fransè ki pale tout kote sou latè men pandan 40 ane rechèch li nan indiana university gouvènman fransè voye anbasè vin dekore l ak pi gran onè akademik peyi lafrans bay li se youn nan chèche ki chanje konplètman vizaj inivèsite sa a donk menmsi nou ta fin ekri youn de twa liv atik yon grenn tèt sou kreyòl byenke se yon kontribisyon kanmenm pa panes travay la dwe kanpe la epi pou n ap tann moun vin bat bravo pou nou ban nou yon plak sa ka fè n vin parese kou chen plenn kòm si nou akonpli misyon nou nou mèt kanpe la se kontinye travay la jouk nou pa debou ankò epi pa janm pran chans glorifye travay nou ta fè sa se travay kritik pou di sa yo panse travay chèche atis la se kontinye pwodui nan nivo maksimòm nan domèn li epi an menm tan pase travay lòt moun an revè investige travay lòt moun vin ak kritik konstruktif pa

kritik pou kraze moun si yon moun sa a pa nan gwoup menm asosyasyon ak ou reflechi! finalman gen bèl travay tou k ap fèt nan domèn lòt kreyòl guadeloup lagiyan matini sechèn senlisi pa ekz ann ba yo lebra ankouraje yo nou se yon sèl pèp ki gen yon istwa an komen nou ka panse a estrateji pou n kolabore patisipe nan rechèch devlopman kreyòl lòt kote sa yo ki pale apeprè menm kreyòl a baz leksik fransè e nan echanj kiltirèl reflechi kilès k ap dirije ayiti pèp ayisien oubyen lidè anpil fwa kèk nan nou ayisyen gen tandans blame pèp la olye nou blame lidè yo pou travay yo ke yo pa fè pèp la pa gen pouvwa nan nenpòt kote nan lemond ann santre sou pwoblèm lidèchip an(n) ayiti si nenpòt nan nou ta reyèlman vle wè bèl bagay pou ayiti nou dwe denonse klèman sa ki pa bon fò nou gen kran pou n di laverite kèlkeswa pri nou ka peye pou sa an menm tan lè n ap kritike lidè nou yo pou travay yo ke yo fè nou dwe prezante tèt nou kòm modèl kòm endividi k ap fè yon bagay pozitif mwen pa konnen ki valè lekti kèk nan nou fè deja sou José Martí gran ewo ki enspire revolisyon kibèn lan nan 19 èm syèk mwen ka konprann kòman e poukisa kibèn yo tout kote yo ye jodiya fyè konsa de ewo nasyonal yo a pifò ayisyen ap plenyen de sitiasyon ayiti ye depi plizyè deseni men an menm tan yo toujou ap fonksyone ak yon mantalite kolonyal menm sistèm bankè a kòm filozòf brezilyen paulo freire oubyen filozòf ta di jodiya konsyan de pase istorik nou epi efè kolonizasyon gen sou nou nan kèk sa m ekri avèk patisipasyon mwen nan plizyè fowòm ayisyen sou entènèt la mwen mete alpil anfas sou òganizasyon kèk moun pa t konprann mwen oubyen pwobableman ta mal entèprete mwen lè yo pa t konnen kibò m soti an tèm sou ki bit mwen kanpe epi travay m ap fè depi 15 ane nan kad edikasyon nan tout nivo an tèm rèv mwen pou ayiti rèv mwen pou wè yon ayiti kote kè tout moun kontan tout ka ale lekòl gratis ti cheri tout ka gen yon travay tout ka viv ak fyète e diyite len ka respekte lòt tout ka manje chak jou tout ka lib pou di sa ki nan panse yo èske sa pa vrè demokrasi men pou sa rive fèt nou menm endividi dwe jwe patisyon pa nou nou dwe travay trè di tou pa gen danje nou ka kritike swadizan lidè nou yo men an menm tan nou menm etan endividi nou dwe trase egzanp lefèt ke nenpòt moun kapab devlope lidèchip nou dwe angaje tèt nou nan fè yon bagay pozitif pou benefis kominote nou e peyi nou kote agwonòm biznismann syantis konpitè doktè edikatè enjenyè politisyen entelektyèl syantis moun ki gen talan nou yo ki abòne diferan fowòm ki an rapò ak ayiti jodiya e ki konnen ke fowòm sa yo ouvè a nenpòt moun ki vle fè nenpòt ide pase èske yo ka pale èske yo ka pataje ide yo ak lòt moun èske yo òganize yon fason èske yo se manm kèk òganizasyon ki gen nan tèt yo pou fè yon bagay pozitif pou ayiti èske yo eseye sipòte kèk òganizasyon k ap eseye fè yon bagay pozitif pou ayiti èske yo gen nan tèt yo yon plan pou ayiti demen poukisa yo pase plis pase 20 ane lekòl jis pou jwenn yon dyòb pou anpile diplòm èske se priye y ap priye pou chanjman rive fèt san ke yo pa patisipe nou bezwen yon diskou radikal kòm yon bèl dam entelijan sijere sou yon fowòm ayisyen mwa pase se pa yon kesyon nou agoch oubyen adwat nou se ayisyen pwogresis oubyen liberal tout sa se kaka rat dèyè bwèt e kèk nan nou k ap travay di depi kèk tan pou yon lòt ayiti konnen sa tou mwen wè tande kèk ayisyen mete etikèt konsèvatif kominis liberal maksis maksis-leni sou yo kèlkeswa adyatif politik yo chwazi men lè n ap pale de reyalite ayisyèn lan tout sa se kaka rat dèyè bwèt si ou se yon konsèvatif oke! si ou se yon kominis oke si ou se yon liberal oke si ou se yon maksis oubyen maksis-lenis oke tou men kisa w fè pou avansman ayiti kisa w kontribye nan rekonstriksyon ayiti èske ou konsyan de reyalite ayisyèn nan de kisa l ye

ann kite moun jije nou baze sou travay nou pou chanje sosyete nou pou l vin pi bon epi ann eseye trè senp e enb etan imen k ap reve pou ta wè yon ayiti tankou japan lasuis oubyen nenpòt peyi kote tout moun kapab fyè de tèt yo ak peyi natal yo tou lidè ki te pretann yo sou bò dwat oubyen bò goch oubyen kèlkeswa non yo chwazi pou bò yo deja blofe pèp la ase nan desanjan ki sot pase yo nan gaspiyaj istwa e vrèman se apre yo fin monte sou pouvwa ke pèp la ka vrèman dekri bò yo yon fwa yo fin rive la yo rele pèp la egare a jounen jodiya li enpòtan pou kesyone yon moun ki pral nan eleksyon pou nenpòt pozisyon an(n) ayiti kandida sa yo ta dwe disponib pou gen dyalòg ak pèp la ki pral jete bilten yo men podyab lefèt ke yo konnen pèp la konnen yo fen e byen anpil ladan yo pa pral fè sa paske yo tyalenj yo dwe disposib pou rankontre laprès malgre podyab poko egziste yon prè endepandan ayiti yo dwe disponib pou pale ouvèman de ajannda politik yo men podyab okenn nan yo pa gen youn yo dwe disponib pou pale ouvèman apwopo sa yo fè deja nan sosyete nou an men podyab anpil nan yo pa t janm fè anyen sa a se tip transparans nou bezwen nan pwosesis lidèchip pou yon ayiti tounèf bo dlo a bò dlo a nan yon ti vilaj sitiye o sid peyi zend yon kannòt antre nan pò a yon ameriken ki te la konplimante pechè tamoul la sou kalite pwason l pran epi l mande l konbyen tan li pran l pou kenbe yo pa twò lontan endyen tamoul la reponn mèzalò poukisa ou pa rete nan lanmè a pi lontan pou ta pran plis ameriken an mande l endyen an reponn ke kèk pwason l pran yo sifi pou soutni fanmi l ameriken an mande l men kisa w fè nan rès tan ou mwen fè mwen fè yon ti peche mwen jwe ak pitit mwen mwen fè lasyès ak fanmi mwen aswè mwen al nan vilaj la pou wè zanmi mwen yo nou bwè te olè epi nou chante mwen chaje ak aktivite ameriken an entewonp li mwen gen yon mba metriz an jesyon nan harvard university e mwen ka ede ou ou dwe kòmanse fè plis tan ap peche ak benefis ou fè yo w ap ka achte yon pi gwo bato ak lajan bato sa a ap rapòte w w ap ka achte yon dezyèm epi lòt aprè jiskaske w posede yon flòt olye pou vann pwason ou a yon revandè ou ka negosye dirèkteman avèk izin lan e menm ouvri pwòp izin ou alò w ap ka kite ti vilaj ou a pou al epi petèt nouyòk kote w ap ka dirije tout biznis nou endyen an mande l konbyen tan sa ap pran konsa an reponn li e aprè aprè se la sa pral vin enteresan ameriken an reponn an riyan lè lè a rive w ap ka entwodui konpayi w lan nan labous epi w ap fè plizyè milyon plizyè milyon men aprè kisa aprè w ap ka pran retrèt ou abite nan yon ti vilaj bò dlo faire la grasse matinée jwe ak pitit ou fè yon ti peche fè lasyès ak fanmi w epi pase sware w ak zanmi kote w ap bwè te olè epi chante ak yo rekòmandasyon senpozyòm kreyòl 1999 la 1 nou rekòmande kreyasyon yon paj wèb nan chak peyi kreyòl e g sechèl rodrig il moris lareyinyon guadeloup senlisi matini e tout lòt peyi kreyòl ki pa t reprezante nan senpozyòm nan sa va fasilite enfòmasyon gaye yon pajwèb ki fonksyone kòm yon tablo afichaj peyi sa yo ki te reprezante nan senpozyòm nan pran responsablite pou kreye pwòp paj enfòmasyon yo epi yo va kontakte peyi ki pa t reprezante yo pou ka fè menm bagay la nou te pwopoze yon lis moun ak enstitisyon pou fonksyone kòm lyen pou korepondans kòm gen yon senpozyòm rejonan ki òganize chak ane nan il sechèl ki fè pati festival kreyòl la nou pwopoze pou ta gen yon senpozyòm entènasyonal ki òganize chak 2 ou 3 ane tankou sa ki te fèt an 1999 la nou pwopoze tou ide sa yo pou senpozyòm ki va fèt nan lavni ankouraje yon apwòch ki ouvè a tout reyon mond kreyòl la e youn ki pratik e dinamik a nouvo disiplin touris kilti anviwonman achitekti yo dwe bay mizik yon plas espesyal akòz enpòtan li nan sosyete kreyòl la yo dwe ankouraje peyi

kreyolofòn yo pou fè echanj atravè mwayen odyovizyèl ak itilizasyon devlopman resan nan teknoloji nou rekòmande pwogram echanj pou etidyan k ap etidye kreyòl ant peyi kreyolofòn yo ak lòt peyi nan lemond finalman pa bliye enpòtans lang matènèl nou senpozyòm nan rekòmande dyanm pwomosyon kreyòl nan tout domèn an patikilye edikasyon e pou ankouraje itilizasyon lang matènèl pou montre timoun li ak ekri bravo pou majistra vwala se te yon fèt patwonan yo t ap selebre sou waf okay donk anpil moun nan vil la te reyini machann fresko machann chenjanbe machain kola glase machann pojina eksetera era tout te la òganizatè fèt fin fè diskou remèsiman remèsye tout moun ki te fè selebrasyon sa a vin yon siksè men majistra vil la potko janm pale misye se yon nèg timid ak ankonbreman foul la moun ap pouse youn lòt pou fè plas pou ka wè pi byen moun k ap pale sou podyòm gwoup mizisyen k ap jwe nan pouse pouse yon moun pouse majistra a epi l sot tonbe nan dlo a ansanm ak on ti lezanj ki te bò kote l kòm msye konn naje donk se lizaj li sekouri timoun nan pou l pa nwaye li sot deyò ak ti lezanj lan byen mouye kounyeya tout foul moun lan se majistra a y ap gade tout moun bat bravo pou li mezanmi gade jan nou gen yon bon majistra a msye se yon lidè tout bon ki ta bay vi l pou pèp la se konsa anpil moun t ap di tout jounalis gentan rasanble kote msye ap lonje mikwo ba li pou l pale pase yo wè l anvi di yon bagay misye voup li pran yon mikwo epi l di lanmèd pou moun ki te pouse do m nan mezanmi pa di m ap salopete lasosyete non donk pandan m t ap gade sèn lan yon ti bandi ban m yon koutpye nan dèryè epi w wè m vin tonbe jouk la a pou te rakonte w istwa a diferans ant fi laj 8-78 tradiksyon anglè kreyòl yon blag ki sikile sou entènèt la diferans ant fi laj 8-78 ki diferans ki genyen ant fi laj 8 18 28 38 48 58 68 and 78 a laj 8 ou mennen l nan kabann epi w rakonte l yon istwa a laj 18 ou rakonte l yon istwa epi w mennen l nan kabann a laj 28 ou pa bezwen rakonte l yon istwa pou mennen l nan kabann a laj 38 li rakonte w yon istwa epi l mennen w nan kabann a laj 48 ou rakonte l yon istwa pou evite al nan kabann a laj 58 ou rete nan kabann pou evite istwa l a laj 68 si w mennen l nan kabann sa a se yon istwa a laj 78 ki istwa ki kabann kilès ou ye koutwazi mm judith pean tradiksyon kreyòl koleksyon blag ki sikile sou entènèt la diskou elektoral yon pati politik nan pati politik nou an nou pral akonpli sa nou pwomèt sèl enbesil yo ka kwè ke nou pa pral lite kont koripsyon paske gen yon bagay ki sèten pou nou onètete ak transparans se koze esansyèl pou atenn bi nou n ap demontre ke l ta yon gran enbesilite pou kwè ke mafya yo pral kontinye fè pati gouvènman an tankou l te ye avan nou asire san okenn dout ke lajistis pral bi prensipal manda nou malgre sa gen enbesil ankò ki panse ke nou kapab kontinye gouvèn avèk riz ansyen politik la lè n fin pran pouvwa a n ap fè tout mwayen posib dekwa pou met fen a sitiyasyon privilejye yo e nan trafik ki gen enfliyans yo nou pa pral pèmèt nan oken fason afè timoun nou yo ap mouri grangou nou pral akonpli pwomès nou menmsi rezèv ekonomik yo konplètman vid nou pral egzèsè pouvwa a jiskaske w ap konprann ke depi kounyeya nou se pati dan griyen politik tounèf mouri pou libere ayiti yon lè ayiti t ap fè fas ak yon gwo kriz politik diferan pati politik ak òganizasyon te reyini pou panse a ki meyè fason yo ta ka soti nan kriz la yo te rankontre pandan plizyè jou pou diskite pwoblèm sa a finalman yo te vin ak yon repons youn nan yo di mwen ofri pou m mouri pou libere ayiti epi nou p ap janm gen pwoblèm ankò lè tout peyi a te tandè nouvèl la o tout moun kontan! tout moun ta renmen wè ayisyen sa a ki di l pa pè mouri pou liberasyon ayiti li parèt nan televizyon radyo pou di volonte l pou l mouri pou libere ayiti

cheri li deside pou l ta mouri yon vandredi vè 3 00 p m epi li di jounalis kijan li ta tiye tèt li li ta kouri depi pòtay senjòzèf rive kafou la li ta lage kò l yon kote ki fon nan lanmè a yon kote reken konn vini kòm li pa konn naje donk ou panse se bagay tout bon hm! tout vil pòtoprens desann sou boulva jean-jacques dessalines pou al gade ayisyen sa a ki pral yon ewo tout moun t ap bat men se sa nèt ale ale pou liberasyon ayiti ale pou sa nou fyè de ou pitit desalin tousen kristòf msye te kòm yon moun ki reprezante ayiti nan yon maraton entènasyonal li te abiye ak koulè drapo a ble e wouj ki senbolize espwa e viktwa rive l rive kafou kote pou l ta lage kò l nan dlo a foul moun nan miltipliye paske sètènman tout moun te kirye pou wè ewo sa a avan l touche liy pou abouti a li di mwen twò cho pou lage kò m nan dlo a m a pran refwadisman mwen menm ki te kafou ap gade sèn lan yon moun ban m yon ti kout pye epi m tonbe la a pou pataje istwa a ak ou èske w se yon ayisyen ki fyè si nou menm ayisyen nou reyèlman vle ede ayiti epi wè yon lòt ayiti se yon bagay ki mande sakrifis nou dwe kwè ladan epi eseye fè maksimòm sa nou kapab ak tout kè nou nanm nou nou wè deja anpil lidè ak pati politik ki pa reyisi se pa paske yo pa t janm gen resous peyi a bezwen e pafwa ou ka mande kisa k pa mache kisa k pa mache ak ayiti poukisa nasyon sa a pa reyisi tout yon seri kesyon ki ka travèse lespri w bon premye bagay pou fè se gade tèt ou nan yon glas m pa gen dout ke pesonn pafè nou ka eseye vin pafè e se pou rezon sa a nou pa zanj sinon nou pa t ap soufri sou planèt sa a donk se tout yon pwosesis pou chanje mantalite konplèks ayisyen an youn ki resevwa yon lavaj sèvo depi plizyè syèk m ap eseye devlope yon apresyasyon pou ayiti nan modèl defen paran mwen te kite dèyè tout yon eritaj lanmou apresyasyon respè pou tout moun ak sajès ak 28 lane esperyans mwen depi m ap vwayaje aletranje nan diferan kontinan ak peyi mwen aprann anpil e fò w gen kran pou di mwen se ayisyen akoz fason negatif yo wè ayisyen nan lemond san fè distenksyon klas sosyal yo apateni oubyen nivo edikasyon yo se menm kout baton an men ou konn yon bagay moun gen respè pou ou lè ou fyè de kilès ou ye lè ou fyè de kilti w lè ou konnen fè reyalite sou peyi w lè ou renmen pèp ou rich kou pòv lè ou fyè de gwoup etnik ou apateni e anpil fwa w ap santi ou se yon anbasadè ki reprezante peyi w sa fè anpil lapenn pou wè jan sosyete ayisyèn nan divize depi endepandans ayiti epi menm mantalite kolonyal la toujou prezan nan venteyinyèm syèk la men gen espwa pou chanje bagay yo e espwa sa a se nan mwen ak ou li ye sèlman lè nou pran konsyans de reyalite nou sèlman lè nou asepte laverite e sèlman lè nou ka mete tout diferans de kote pou n ka travay ansanm pou yon peyi yon manman ki te akouche nou tout ayiti & ak otodestriksyon defi a devan nou e devan chak nan nou kisa n ka fè kisa chak nan nou ka fè pou chanje vizay sal ayiti se kesyon pou n poze li tris anpil lè w tande gen plis pase 20 pati politik an(n) ayiti si swadizan politisyen ayisyen oubyen lidè te reyèlman serye pou peyi a ale vè lavan sètènman yo ta met tèt ansanm pou redui chif la a 3 eseye òganize eleksyon fason yo òganize isit ozetazini premyèman kandida yo ale nan eleksyon prime prezidansyèl epi 2 pati ale nan final non paske mwen pa reyèlman wè yon peyi men pito fason pou jwenn dola vèt pou pati politik mwen an k ap fonksyone tankou yon ong donk mwen kapab konprann kèk moun lè yo di mwen rayi politik ayisyen bon mwen devine pifò moun ki reyèlman sousye pou gen chanjman an(n) ayiti pa renmen fason bagay yo ye yon fwa yon moun eli woy gwo koze ou tande te gen magouy yo te vole bilten batay isit lòtbò donk w ap mande poukisa an(n) ayiti lè yon moun eli lòt pati yo pa kapab tann moun sa a acheve manda l sètènman kapab gen opozisyon nan yon

sosyete demokratik men sa pa ta vle di destriksyon pou otan sa nou wè atravè istwa politik ayiti se dechoukay oubyen destabilizasyon depi endepandans peyi a (1804) pou rive nan bisantnè endepandans li (2004) e sa fèt nan tout nivo pa sèlman nan nivo politik se tout yon mantalite youn ki gen pou wè ak destriksyon moun ki sot nan menm klas domèn gwoup enstitisyon travay òganizasyon relijyon ap goumen youn ak lòt yon kous rat nou gen yon trè bèl egzanz sa k te pase isit katran de sa nan eleksyon prezidansyèl ozetazini entèpretasyon rapid mwen de sa reflète nan powèm anba a koudeta nan peyi sivilize koudeta peyi sivilize gwo koze tout kote nan lemonn branche pou obsève latwoublay blayi nan yon kokenn eleksyon ki pral potomitan anndan tout desizyon yon siklòn politik balize florida bilten papiyon gentan vin pou gate sa batay legal pou rekontaj vot yo pete bagay yo mele kay tonton sam tout bon vre gwo koze koudeta peyi sivilize pèp ki pa te byen vote ap rele anmwe rezilta eleksyon sa a dire bon bout tan poudi pa ta gen magouy pou koupe devan lobo pete devan grenn je lemonn antye leson tounèf pou ti peyi soudevelope kokenn batay ant kandida pou pran pouvwa ala tray demokrasi tonbe nan koma! de (2) kandida yo nan yon fason sivilize te pote ka a nan tribinal e jis nan lakou siprèm pou yon dènye desizyon e finalman sa regle! de (2) pati yo ak pèp meriken an sige pafwa w ap mande èske se yon kilti politik an(n) ayiti lè w ap gade degradasyon eta bagay yo youn nan bagay anpil moun renmen nan majistra tom menino boston se lè l di mwen pa youn moun ki fò nan pale men mwen konn kijan pou fè bagay yo mache nan politik ayisyen se revè a mwen se youn moun ki fò nan pale men mwen pa konn kijan pou fè bagay yo mache jèn ayisyen ak lidèchip lè m te kòmanse panse seryezman a pwoblèm yo mwen ekri ti atik sa a ki fiti jènès la nou kwè li trè enpòtan pou montre jèn ayisyen kijan pou bati lidèchip se tout yon pwogram manchlong ki ta dwe fèt an(n) ayiti kou nan dyaspora a ak jèn yo montre yo estrateji pou òganize tèt yo ke yo pa jis la pou fè grèv kraze brize pou ti krik ti krak boule kawoutchou menm lè w ap fè grèv gen yon seri disiplin a suiv ou respekte leta otorite ki reprezante leta leta tou dwe respekte dwa sitwayen yo ki gen dwa reyini pasifikman dapre konstitisyon an jèn ayisyen bezwen modèl pou yo gade sou li ak ankadreman modèl sa yo se nan nou menm adil y ap chèche yo mwen ta sijere nan sans sa a pou ta pwopoze yon konferans anyèl pou jèn ayisyen ki ayiti ak nan dyaspora a se yon konferans ki te ka dire 2-3 jou dekwa pou yo ta prezante pwoblèm yo epi pwopoze yon seri solisyon fè yon seri atelye pou yo lajènès se fiti yon yon peyi si gouvèlman yon peyi pa ta panche sou pwoblèm lajènès ou mèt konnen gouvèlman sa a pa gen anyen nan tèt li pou fiti peyi sa a jèn jodi se lidè demen donk si yo medyòk jodi epi n pa prepare yo enben demen y ap lidè medyòk tou kèk nan pwoblèm jèn an(n) ayiti ap konfwonte yo pa konn kote fiti yo gad pa gen modèl pozitif pou gade plizyè fwa pa gen yon seri pwogram nan medya a jounal radyo tv k ape de yo pale de pwoblèm yo epi pwopoze solisyon fristrasyon anpil konfwonte plizyè tip de fristrasyon kote yo konn menm panse a suisid koze ki tabou nan sosyete ayisyèn nan e ki gen gwo enfliyans sou yo ann pran pa ekzanp reyalite pwoblèm seksyèl sèks se yon koze tabou ke paran ayisyen ta fè tout posib yo pou evite pale de li e an(n) ayiti pwoblèm nan pi grav toujou kote edikasyon majorite paran pa t janm fèt sou sa donk sosyete a ta dwe panche sou pwèn sa a pou wè kijan yo ta kapab ede jèn yo tabli sant kote yo te ka jwenn konsèy yo bezwen isit nan prèske tout lekòl ezazini gen espesyalis nan travay sosyal ki la pou sa nou konnen se yon fenomèn nan lekòl mwayen segondè kote anpil ti medam kòmanse

ansent lefèt ke gen yon seri pwogram ki la deja pou ankadre yo donk pa yo pa tèlman gen yon seri fristrasyon menm jan ak jèn tifi ayiti ki ta pran nan gonm nan laj sa a anpil fwa ayiti ti medam yo fè avòtman ki pi devan konn koze kèk pwoblèm grav pou yo kote kèk konn fè enfeksyon ki koze yo ale nan peyi san chapo yo sou tansyon tou an(n) ayiti lè sa rive lefèt ke pa gen yon seri sant ki la pou pran koze yo an men pou ede yo ba yo tout konsèy posib jenn tifi a an(n) ayiti ki lekòl depi l ta tonbe ansent li panse lekòl fini pou li li panse sosyete a ba l do e sa k pi rèd la li vin tounen yon bèt nwa pou paran li donk edikasyon seksyèl nan sans sa a ta dwe yon sijè pou yo ta diskite sou li nan kad pwoblèm jèn yo epi pwoblèm tou ki egziste ak maladi veneryèn anpil jèn yo nan laj katòzan gentan fòme sitou tifi yo se laj anpil tou kòmanse fè ti renmen gen tout yon transfòmasyon fizyolojik lakay jèn yo nan laj sa a depi n ap pale de renmen konpè sèks pa twò lwen se vre gen pwogram ki pale tou de abtinans men nou konnen reyalyte a nan kad bezwen seksyèl kote se pa majorite jèn yo ki pral mete abtinans an(n) aplikasyon donk edikasyon seksyèl pou jèn yo se yon sijè ki ta dwe diskite an grann manchèt nan lekòl radyo televizyon jounal nan tout medya posib pou atenn jèn yo wyclef jean ap chèche yon solisyon lapè pou ayiti atravè dyalòg se yon bèl ide wyclef ap eseye fè yon bagay kòm yon gran vedèt ayisyen-ameriken trè koni nan monn mizik la o nivo entènasyonal kote l ap eseye pale ak diferan gwoup epi wè kijan li kapab konekte yo men li dwe konnen ke chak ti gwoup an(n) ayiti ke l te biznismann pouchis dilè dwòg sòlda demobilize gang politisyen entelektyèl ak manm elit kowonpi nou an gen enterè patikilye yo ki trè lwen de ede solisyone pwoblèm ayiti pa egzanp lè nou gade diferan pati politik sou teren an plis pase 20 e lòt gwoup ki bay tèt yo yon nimewo idantite yo pa t gen okenn ajennda pou ayiti ni avan ni aprè 29 fevriye 2004 ke eslogan aristid dwe ale e kòm nou konnen ansyen prèt la renmen pouvwa kote l santi l tankou yon wa sou twòn li donk li depan de ayisyen si yo vle vrèmanvre vin ak yon solisyon ki kapab benefisye peyi a si nou fran ak nou tèt e san patipri okipasyon twazyèm nan kounyeya e youn ki vizib pa solisyon pèp ayisyen bezwen e kèlkilanswa moun ki ta eli prezidan etazini nan dat 2 novanm 2004 pa t ap solisyon an nonplis pou konjonkti politik aktyèl la ayiti li klè kou jou nan sa m li sou diferan fowòm ke gen ayisyen pro-bush ak sa ki pro-kerry kit yo rete ayiti ou nan dyaspora a sa yo ki pro-bush t ap swete bush reeli yon fason pou kite aristid nan kanpe lwen e pami sa yo ki pro-kerry yo t ap swete kerry eli e petèt ou pa janm konnen kote dlo soti l antre nan bwa joumou li ta ka jwe wòl yon dezyèm bill clinton pou voye aristide tounen ayiti e delaetan sa l fè l fè men kesyon enpòtan an se èske sa ta yon no! uvo kòmansman pou ayiti lè l gen plis pase 20 deja de mèm aristid te gen ase tan pou l te pwouve tèt li kòm lidè paske lavalas yo te gen pouvwa absoli de 1994 oktòb 2004 fevriye ann di l konsa paske koudeta 1991 lame a te fè vin estope tout bagay sa te bay nesans tou a pi move anbago nan istwa peyi a soti 1991 pou rive 1994 men ayisyen kit se lidè oubyen senp sitwayen pa kapab kontinye blame zòt pou sò ayiti pa e g lè yo pa t jwenn sipò finansyè konplè aprè preval vin sou pouvwa an 1996 oubyen aprè aristide vin sou pouvwa an 2001 klèman sèten peyi etranje pa t vle ede ayiti pandan epòk sa yo e patikilyèman pou pwoblèm nan eleksyon lejislatif yo ke kèk ayisyen ka wè kòm yon bwalong pou aprann devlope lidèchip e peyi sa yo benefisye de pwoblèm ayiti an menm tan men nou pa ka kontinye blame yo lè nou bliye pwòp responsablite nou vizavi manman peyi a an palan de dyalòg kesyon nou ka poze se èske dyalòg pami ayisyen ki

gen diferan enterè ka pote fri men toujou gen yon sòti si ayisyen ka chita ansanm bò tab la epi mete tout diferans yo de kote dekwa pou fikse rega yo sou yon peyi pou fè sa chak grenn ayisyen dwe konsyan de reyalite ayisyèn nan epi deside kibò yo vle ale annaryè oubyen annavan te gen dyalòg si nou vle retounen nan listwa avan fevriye 2004 ant aristid e swadizan opozisyon an li pi bon pou n ta di konvèjans kit yo kwè aristide te serye ou pa men konvèjans te sèlman vle pou l kite pouvwa li enpòtan pou n mansyone ke se tout yon kesyon ki ta pran rasin li nan rezilta eleksyon lejislatif me 2000 yo sou presyon tòp ofisyèl gouvènman an leon manus yon avoka ki gen 84 lane e ki te tyèmman kolèj elektoral la te oblije pran egzil san bat je dekwa pou te pwoteje lavi l anbasad yo nan pòtoprens te repo nn a menas lanmò kont leon manus kote yo te voye yon elikoptè vin pran l pou mennen l an(n) egzil tradiksyon kreyòl yon sitasyon christopher fauntroy 2000) lè peyi a t ap travèse pwoblèm entèn ivè 2003 epi presyon nan men kominote entènasyonal la t ap monte lesyèl aristide te ka senpman demisyone ofisyèlman kòm jès epi yo t ap ba l kredi pou sa verite a sèke li vin tounen politisyen ki pi popilè ayiti vle l ou pa epi l kwè nan popilarite l dekwa pou l ta ret fin acheve manda l sa nan yon sans bloke chemen espwa pou anpil lòt politisyen ki aswafe pouvwa pou ta vin fè kou pa yo pi devan yo ta fè nenpòt bagay pou desann li paske yo pè pou pati lavalas la pa rete sou pouvwa pou tout tan lè yon gwo pousantaj moun nan popilasyon an sipòte aristide byenke yo t ap toujou pase atravè pwosesis elektoral aristide li menm ta fè tou nenpòt bagay pou l kenbe pouvwa a jiskaskè l fini manda l donk klèma n batay la se youn ki pou pouvwa a men ankò kesyon nou ka poze se pouvwa pou fè kisa pouvwa pou travay pou chanjman peyi a bezwen pouvwa pou bay tout moun manje pouvwa pou jete baz enfrastruktirèl peyi a bezwen pouvwa pou emèjans bonjan lidèchip pouvwa pou jere enterè pèsònèl pi byen yon dal ak yon pakèt kesyon nou te ka kontinye poze e ki gen pou wè ak lit pouvwa an(n) ayiti baay florida sa a genlè se yon waytouke k ap fè politisyen chimè baay florida sa a de tout fason se yon sous enspirasyon totalkapital se esperyans granmoun nan se yon trajikomedi byenke sitwayen jan mapou k ap viv nan miyami ekri kèk trajikomedi kouwè dpm kanntè li posib pou kouzen mapou ak kèk lòt koukouy ap layite yon pyèsteyat longpleying sou koze sila a bon gen kèk mesaj poste nan plizyè fowòm sou koze a men m remake anpil moun pa tèlman debat koze a nan fowòm ayisyen yo yon koze k si enpòtan nan kad kominote ayisyèn nan konte sa yo florida patikilyèman miami dade county kote 10 700 bilten alò bilten papiyon ta pase nan machin men moun poko konnen si pèp la te vote pou jak osnon pou pyè se premye fwa m wè yon tèt pyèsteyat politik etazini sèn yo long long sèn yo pi long pase yon lajounen mizè pi long pase larivyè misisipi m tandè yo toujou di pa janm gen koudeta k fèt nan peyi tonton sam sètadi peyi ki ta pi demokratik sou late benni poudi se vre yodi genlè manti bon yodi ou manti tankou chen je pa gen bòday ann gade sa k ap rive nan kèk jou pou zafè kle a mesye yo bezwen pou ouvè depo tranzisyon an ak kèt y ap fè pou ti seza anvan 20 janvyè rive joujoulakonmedi ou menm ki patwon tout konmedi sou latè esplike nou non konmedi sa a! di nou non joujou si oliwoud pa pral soti yon fim waytouke sou teyatanwon sa a chak grenn ayisyen enpòtan pou devlopman ayiti youn nan pi bèl bagay ansyen militè yo ak tout lòt gwoup ki ame ilegalman te ka fè se ale renmèt zam yo san bri san kont epi di piblikman ke kounyeya yo pre pou bay tout koutmen posib pou peyi a ale vè lavan menmsi se ta kèk mwa travay volontè annatandan yo ta jwenn yon ti tyotyò lage nan men yo tout peyi a bezwen lapè

nou bezwen tout yon kanpay chalòm pou n ka bouje e nou wè klèman touye youn lòt pou benefis gran peyi pa ede ayiti fè yon pa kita yon pa nago men se plis bak sa fè l fè se plis nan betiz zòt pase nou kòm si se yon seri moun mawon nou ye kòm si se yon seri moun sovay ki san kilti nou ye moun ki pa konn sa yo vle pa gen pàn si yon moun ta gen zam lakay li pou pwòp sekirite l men fò lalwa ta gouvènè sa men mache ak zam ilegal tribòbabò sou moun nan peyi a se plis latèrè sa kreye sekirite se youn nan pwèn enpòtan pou devlopman ayiti fèt kijan touris pral pote kapital nan peyi a si pa gen sekirite kijan moun pral investi nan peyi a si pa gen sekirite kijan pwomosyon touris lokal pral fèt si pa gen sekirite kijan dyaspora a pral desann al bay tout koutmen posib si pa gen sekirite se moun ki mandate pou pote zam ki ta dwe fè sa sèlman lè yo desèvis donk kòm tout moun ap viv nan ilegalite ayiti zafè lalwa vin tounen yon itopi sa rete yon rèv li lè li tan pou chak grenn ayisyen eseye reyalis si zòt di l ap ba n lajan pou kraze pwòp frè n jis di l monchè demake w la tandè nou tout se frè eseye reyalis tou nan sa ke w ka fè pa pete pi wo ke posteryè w avan ou pran desizyon pou fè yon bagay panse a tout konsekans sa ka genyen imedyatman kisa k pase mesye ilegalman ame ki te cho devan bann nan kòmansman 2004 repons gwo blan an reze tout ansanm ak ti boujwa ti sousou opòtinis yo k ap peri peyi a ki toujou renmen rete tyoul mouche blan kòm si mouche blan ap vin solisyone pwoblèm yo zòt pa janm bay gabèl se enbesil ki bay entelijan pran zòt jis montre se yon seri moun ti lòlòy ki pa gen anyen anndan sèvèl yo oubyen moun sèvèl kaka kalbas ki pa konn kote yo soti sa yo vle ak kikote yo prale donk annou chak grenn ayisyen eseye pran yon ti tan pou n panse a avni ayiti nou an chire pit p ap mennen nou oken kote monte kòlèt p ap mennen nou oken kote divizyon p ap mennen nou oken kote pa bliye deviz nou sou lajan an ki tèlman bèl ke lòt peyi kopye l depi w vwayaje aletranje kit ou te ayisyen tèt grenn ble kou digo po kwiv koulè chokola cheve siwo cheve boulon baton ki bat chen nwa a se li ki bat chen blan an yo toujou trete w ayisyen se vre nou sipoze gen libète pou fè moun tandè vwa nou pou n revandike dwa nou men lè n fè sa avèk zamannfwa enben se plis touman sa vin kreye se plis traka nou bay manman nou ayiti cheri ki deja depatya gen moun ki pale de revolizyon pasifik atravè ekri yo mwen eseye dechifre mesaj yo ekri se yon fòm lit kanmèm menmsi kèk nan nou pa ta apiye yon seri ide ladan yo men kanmèn nou dwe montre yon fòm sivilizasyon voltaire ekriyen frans di n tou fòs plim nan pa kanmarad fòs epe donk lè n kouche ide n yo sou papye se koze pou plizyè jenerasyon n fè sa chak grenn ayisyen nan sosyete a enpòtan èske n te te konnen ke n se yon pèp entel lijan chak grenn ayisyen gen potansyèl èske n te konn sa enben pwovèb la di si towò bèf te konn valè l li pa ta kite yon kòd senk kòb touye l nou chak gen yon potansyèl estraòdinè men nou pa bay sa valè nou pa pran tan pou n reflechi mèvèy nou nan listwa glwa nou te genyen nan listwa nou pa rann nou kont ke zòt jalou de sa e ke depi digdantan l ap eseye fè tout mwayen posib pou efase bèl istwa nou demèm si chak ayisyen te konn valè l ak valè ayiti cheri enben li pa ta kontinye ap pran lòd nan men zòt pou kraze pwòp frè l dekwa pou zòt benefisye de sa chak grenn ayisyen bezwen yon ti tan pou fè yon egzamenkonsyans pou konn potansyèl yo e devwa yo pou kontribye nan devlopman ayiti an repons a yon deba ki rele divalye aristid menm kout baton divalye aristid sa se tan pase imajine w ta ap kondi sou yon haywe epi w pran nan yon blokis kisa w ta fè mwen kwè patisipan fowòm sa a en tel li jan ase pou reponn kesyon sa a e menm yon timoun setan ki gentan atenn laj pou rezone ta ban m repons

lojik la kisa nou konpatryòt ayisyen ka fè kounyeya pou sove chètout nou an ayiti kisa nou ka fè ansanm pou rejwenn pèl sa a ki pèdi a mwen kwè li enpòtan pou kandida onèt e konpetan yo si sa egziste vrèmanvre ayiti ou nan dyaspora a pou eseye fè kèk bagay pozitif pou ede ayiti eseye fè kèk bagay pozitif m ta di nan sosyete nou an anvan menm y al nan eleksyon yon moun pa bezwen yon eli pou met men nan pat la sa se pwoblèm nou fò nou nan yon pòs politik pou esaye chanje bagay yo pouf ayisyen an majorite ban m enpresyon y ap fè politik kòm si se te yon sòt komès pou vin rich trapde just pure business jan yo di l nan lang anglè men yo pa gen okenn vizyon alontèm pou devlopeman peyi a oubyen wè kòmman yo kapab ede nan rekonstwi yon sosyete pou demen nou gen ase pwoblèm nan tout sektè yo an(n) ayiti ann panse pito a sa nou kapab fè menm akoutèm pa egzanzp al bay kèk seminè an(n) ayiti pou yon semèn yon mwa ou plis nan domèn nou ann panse a pwoblèm moun iletre kisa n ka fè ansanm pou eradike maladi sa a kriz jenès nou an ap travèse pa gen anyen pou yo men kòmman yo pral fyè demen kòm ayisyen lè majorite nan yo vle kite peyi a ann panse a pwoblèm peyizan nou yo ki pa ka jwenn yon moso tè pou travay e si yo ta gen yon moso yo konfwonte pwoblèm irigasyon tandiske gen dlo tout kote ayiti tandiske nou gen twòp enjenyè pou konstwi baraj pwoblèm nou yo anpil si n drese yon lis men ann panse a sa nou kapab fè ansanm pou manman chètout sa a ayiti cheri pa gen pwoblèm si yon moun vle fè politik kòm karyè l men panse pou fè bon politik mwen sa pa enterese m politik kòm karyè mwen se yon anseyan ekriyen & bouskadò chèrchè e mwen santi m byen nan domèn mwen ye a depi plis pase 15 lane fò yon moun wè avni peyi a e mwen panse ke chak ayisyen dwe panse a sa l ka fè pou ayiti fòk chak moun vin ak yon bagay nan rekonstriksyon sa a dyaspora ayisyen an sèlman gen ase pouvwa pou ede ayiti bouje ou menm chanje ayiti si vrèmanvre li vle travay sou sa epi mete yon seri estrikti anplas pou fè rèv sa a vin yon reyalyite si bèf te konn fòs li donk ann panse a sa nou ka fè ansanm epi eseye mete de kote omwen pou yon ti tan diferans politik nou lè se ede ayiti tan nou trèzenpòtan e fò n itilize l byen kòmantè védrine monchè mwen toutafè dakò ak ou ke nou pa bezwen ret tann se eli pou n eli nan yon pòs pou sèvi peyi a nou dwe fè sa n kapab e pafwa lefèt ou ka pa eli pou yon pòs ofisyèl sa pèmèt pou fè plis toujou pou peyi w selon kalifikasyon nou e talan nou nou kapab sètènman kontribye otan sa posib pou amelyore bagay yo donk kòm ou sijere li lè li tan pou n sispann plenyen epi jwenn kèk solisyon pou ede chètout nou ayiti sepandan byenke kèk bagay ta o pase nou pa ka iyore yo védrine sa ka fè n fè menm erè yo donk nou dwe okontrè byen analize sa k pase deja epi aprann de yo leson nesesè pou garanti vrè konstriksyon yon lavni sou wout pwogrè ak diyite moun e dayè sa w wè ki pase ann pa kite l kontinye domine n ankò jodiya puiske se sa ki fè n soufri ankò nou pa panse iyore yo nèt ale pakont si kèk moun onèt e sensè gen tout kalifikasyon pou sèvi nan kèk kapasite ofisyèl poukisa yo pa ta ka ranplase yon seri visye e enkonpetan kandida onèt e konpetan yo si yo jwenn opòtinite y ap fè enstitisyon nou yo mache kòm sadwa epi bagay yo ta mache pi byen lakay nou èske se pa sa m salye w patriyotikman kisa n ka fè pou ede ministè edikasyon nasyonal ayiti bon se yon kesyon anpil nan nou ka bay kèk repons patikilye pou li men kite m di w yon ti bagay toutan nou menm ayisyen pa deside travay pou ayiti toutbon ak nanm fòs resous bòn volonte nou enben jenerasyon lan 2000 lan ap toujou gen yon sèl lide nan tèt li kite ayiti donk nan sans sa a youn nan bagay edikatè ayisyen nan dyaspora a ka panse met aksan sou li se ta estrateji pou kolabore ak ministè

edikasyon nasyonal ayiti bonjan edikatè ayisyen ayiti & nan diaspora a pou wè kisa n fè patikilyèman nou menm ki gen ti resous ak lakonesans nou kapab etale pwopozisyon sa yo konsa l kreye yon pajwèb sit oubyen yon lyenajwèb koneksyon pajwèb pou mete tout dokiman nou panse lekòl ayiti ta bezwen ladan mete yon lis pajwèb ki gen dokiman sou ayiti ladan oubyen jis ogmante sou anyè elektwonik mwen kreye deja the haiti superweb directory pou fasilite rechèch sou ayiti mennen yon kanpay pou ranmase papye rechèch dokiman rechèch ki an rapò ak ayiti elèv chèchè k ap ekri sou ayiti e dokiman rechèch an jeneral pou bay elèv ak anseyan ayiti nan tout nivo aksè a rechèch pou ede yo pou reyalize sa se yon bagay fasil osilontan ou kwè nan ide sa yo e ke ou ta renmen ede ayiti elanse nan domèn edikasyon ak rechèch san tann se kwi pou n al lonje devan zòt pou reyalize yon seri ti pwojè fasil nou menm nou ka fè pou byennèt peyi nou nan sans sa a koze teknoloji a nou pa ka kite l dèyè anpil ayisyen ta grate tèt yo lè n mansyone teknoloji kite m di w ayiti se youn nan peyi nan lemond ki kale sèvo men pwoblèm nou sèke nou pa kwè nan potansyalite nou oubyen pran ti tan reflechi sou kijan pou n aprann itilize pwòp resous nou se yon konbit konsyantizasyon kote n bezwen tout moun tout pwofesyonèl ayisyen kou blan non sèlman pou ban nou koutmen men tou pou boukante lide lide k rele lide pou devlope ayiti donk panse a kijan ou ka konsyantize edikatè ak espesyalis ayisyen nan tout domèn pou aprann mete konesans yo o sèvis ayiti ak tout lòt moun ki ta vle ede nou youn nan nannan koze a tou ta kreyasyon yon bonjan sant rechèch ayiti kote premyèman fòk gen konpitè pou kreye yon sistèm enfòmatisasyon pou dokimante ep enprime materyèl sa yo sa ta pèmèt nou fè yon seri atelye ak monitè anseyan elèv dekwa pou bay pi bon ranman lekòl nan kad devlopman ak estrateji pou itilize materyèl didaktik ann pa pale anpil fè yon dal literati ak sa men wè ki ide ou menm ki sousye de devlopman ayiti ka bay kisa ou ka pwodui pou ayiti benefisye de li nan yon lap de tan ou menm ki gen tout kalte digri k pandye nan panno lakay ou kòman ayiti ka benefisye de yo panse a konkretizasyon ide sa yo pou rejwenn prestij nou nan listwa e pou chanje imaj negatif ayiti sa depann de mwen de ou de nou tout e jodi a se youn nan defi k kanpe an kwa nan wout pwogrè peyi nou pou n leve edikasyon se youn nan pòt lakay n ap bezwen chanje seri l pou kle siksè travay ladan m swete ou va panse a ide sa yo epi pataje yo ak zanmi ou pou vin bay konkou nan gwo konbit sa a 20 fraz kreyòl potomitan an nou tout pèp kreyòl sou latè bay lamèn devlopman tout bon ke majorite ayisyen swaf la li pa p ka sa fèt ayiti san kreyòl gwo sijè kouwè politik nan lakou ayiti debat an kreyòl pou l ka gen gou sèl kreyòl ak ayisyen se kòkòt ak figaro kreyòl pa sèlman yon lang yon gwoup etnik men se tout yon filozofi kreyòl se lang liberasyon nèg sendomeng kreyòl se lang natifnatal tout ayisyen kreyòl se lang zansèt ayisyen ki te pete chenn lesklavay kreyòl se sèl towò ki mèt tout savann nan peyi ayiti kreyòl se sèl pyebwa oken tanpèt ayiti p ap janm ka dechouke kreyòl se zombi ki goute sèl lè l revòlte li kase chenn sove mwen reve lemond an kreyòl ap bezwen fè tradiksyon bèl zèv klasik yo an kreyòl tou nou se kreyòl donk nou pale kreyòl pa mande sa kreyòl ka fè pou ou men pito sa w ka fè pou kreyòl pou lekòl ayiti gen siksè tout bon fòk kreyòl antre ladan yo san grate tèt se kreyòl ki lang towò a lakay pase se li tout moun pale si gen yon vrè wa ayiti ke pesonn p ap ka betize ak li enben se wa pale kreyòl ki pa kanmarad lòt twa yotout blofè magouyè rakatè woulibè va reyalize pèp la soud lè yo pa pale an kreyòl y a pale kreyòl pou pèp la ka sispann pase yo nan betiz gen espwa toujou lavalas 3 konvèjans 0 lavalas pran koup rezistans lan pou

ayiti nan final 7 fevriye 2001 an ki te fèt nan estad palè nasyonal sou chandmas aristid kapitèn ekip la bay de gòl preval bay youn nan dezyèm mitan pèp la klase yo kòm meyè jwè ekip lavalas la jwè ekip lavalas la te gen inifòm ble e wou jwè ekip konvèjans lan te an nwa an repons a gen espwa toujou lavalas 3 konvèjans 0 mwen kab konprann aristid fè gòl sou opozisyon an men mwen pa konprann ditou sa preval vin fè nan match sa a mwen te kwè misye pa t pou pèsonn sa ta vle bay rezon ak moun ki ta vle fè kwè ansyen gouvèlman an mete ansanm ak nouvo a pou youn pase mayèt la bay lòt ou pa dakò avèk mwen mwen rekonèt opozisyon an ayiti si egziste youn fè anpil erè anpil fwa enterè pèsonnèl mele twòp ak enterè peyi a sa bay latwoublay men an jeneral sanble anpil moun nan pèp la pa dakò pou genyen moun ki wè bagay yo nan yon lòt fason pa m pi bon pa lèzòt se fatra se sa ki alamòd e se politik sa a rejim divalye a sanble t ap mete sou pye se sa ki eksplike pa t ka gen opozisyon sou divalye mwen pa ta swete nou tounen nan menm bagay sa yo ankò nou lite twòp pou nou te sòti anba grip divalye yo pou nou ta retounen nan menm bagay yo swa sou yon lòt fòm osnon an lang anglè a t ap di li under new management mwen menm mwen enterese nan pwogrè pèp la ap fè an jeneral swa sou zafè politik ekonomik ou sosyal youn pa kab mache san lòt la nou pa p janm kab di nou fè pwogrè sou zafè politik tout tan nou pa kab rekonèt lòt moun nan gen dwa genyen yon lidè diferan ak pa m nou bezwen yon modus operandi ki se manman lwa peyi a si nou pa respekte li ebyen nou chire si gen bagay ladann nou pa remenm osnon ki pa nan avantaj peyi a nou gen zouti nan men nou pou nou chanje sa ki pa bon an avan nou chanje nenpòt bagay ladan li nou dwe respekte li jan li ye koulye a mèsè pou ti lòsyè sa nou ban mwen an kenbe la bon avan n kouri jije yon moun ann chache konnen dabò kilès moun sa a ye e ki travay li fè deja m pa ta kouri konsa konsa pou m di m dakò m pa dakò nan kèk koze pa bliye ayiti sou chemen demokrasi kounyeya pou yon moun pran pouvwa a fò l pase pa eleksyonlame defen pa la ankò pou l mete wete moun donk yon chemen kout ki bouche pou ta fè wout chankre sètadi la a se pèp la ki dapre mach yon sitwayen travay li nan sosyete a ka lage yon bilten pou li m kwè sa klè jodiya e pèp la ap pran nòt de tout bagay kilès ki ak li ki pa ak li kilès ki sousye de li pa nan bouch men nan aksyon moun ki pale langaj li la a pa jis wè kreyòl men moun ki konprann doulè l ak bezwen l e k ap revandike pou li nan yon sistèm demokratik li nòmval pou gen opozisyon nou wè sa etazini e nan kèk lòt peyi avanse men yon opozisyon ki ale an favè peyi sa yo pou byennèt yo pa an favè yon gwoup endividi ki swaf jis pouvwa pou al banboche men lè n jete yon koudèy jodiya lakay kesyon n ka poze se èske opozisyon sa a se youn ki kontriktrif ou destriktif kisa mesye sa yo fè nan sosyete a deja de pozitif m ta renmen evans bontemps kòmante sou sa ak kèk bonjan ekzanp konkrè jodiya si yon moun pa ta enterese nan pwogrè pou ayiti enben konnen l pa renmen ayiti li pa ta yon vrè ayisyen nonplis e mwen kwè moun ka pale jan yo vle ayiti pa gen okenn remotkontwòl k ap kontwole vàn lapawòl nou sou yon rèy demokratik e li dwe kontinye konsa fèt travay ayiti poukisa ayiti dwe fete fèt travay lè depi digdantan plis pase 80% moun ap chome lè plis pase 80% peyizan nou yo pa gen tè pou travay pa gen plantasyon agrikilti zewo bare pèp ayisyen an si reyèlman li pa t gen lasi nan je ta sipoze pwoteste kont yon tèl jou konje jouktan bagay yo ta koumanse chanje si tout fwa yo ta sanble ap chanje fibak sou lang matènèl ayiti ak frankofoni devlopman ayiti ap fèt atravè yon prizdekonsyans de enpòtans lang matènèl la sa pa vle di pou otan n ap mete de kote lang franse a gen yon travay ki ka fèt kote 2 lang yo rete kòtakòt san

moun pa bay youn plis valè pase lòt mwen espere ke tout ayisyen ki pale fransè kòm lang matènèl va li kòmantè la ak anpil atansyon lafans gen youn kanpay l ap fè ki akselere nan ane 90 yo kote l ap eseye sove lang voltaire la oubyen akòz krentif li genyen pou anglè pa gen batay lengwistik la se sa kanpay la francophonie an ap pwone anyen ankò lè nou poze kesyon sa a kisa lafrans fè deja pou peyi frankofòn an(n) afrik ak pou lòt peyi soudevlope ki egziste nan lemond mwen doute jacques chirac ta bay youn repons klè a sa an menm tan se pa youn kanpay m ap fè pou defann lang anglè a nonplis ni lòt lang anyen peyi pouvwa kolonyal yo men mwen kwè metrize kèk lang se youn bagay enpòtan pou mete moun an kontak anefè nou viktim de kolonizasyon e nou viktim tou de komès esklav yo sa gen plis pase 500 ane fò n metrize kèk nan lang sa yo men jis kòm youn mwayen pou kominike paske nou bezwen konnen kèk nan lang prensipal ki pale nan lemond jodiya tèlke pa e g anglè fransè panyòl pòtigè alman chinwa jis pou site kèk pou kominike ak plis moun epi chak lang nou pale se youn kilti nou reprezante e n ap an mezi pou kominike ak plizyè trilyon moun ki pale yo tou gwo pwoblèm nan se kijan nou itilize lang an jeneral pou enpoze pouvwa pou kominike youn ak lòt pou fè chèlbè pou blese moun pou pwomote siperyorite e pou reponn kesyon sa a nou wè deja ke pifò swadizan entelektyèl ayisyen ak ayisyen ki kapab yo ta itilize lang fransè a nan tan pase kèk kontinye fè l toujou plis kòm youn zouti lengwistik pou distanse yo de rès popilasyon an moun ki enkapab yo nan plizyè fason klas ba yo ki pale kreyòl sèlman toutsuit nou ka analize tout prejije si nou ta vle antre pi fon nan detay sosyolengwistik ke nouvo kolon sa yo ki ranplase anyen kolon blan yo envante men nou konnen ke se lamajorite k ap pote viktwa nan tout sans e nan sans sa a lang kreyòl la siviv an(n) ayiti e l ap kontinye siviv paske pifò ayisyen ta vote pou chanjman nan tout nivo nan youn peyi kote yo maltrete lang matènèl la pandan plis pase desanzen anplis chanjan ki dwe fèt la se youn ki dwe kòmanse anwo desann dewotanba sa vle di li lè li tan pou entelektyèl ayisyen ak sa ki kapab yo chanje mantalite kolonyal la epi panse a youn peyi youn drapo youn pèp youn lang youn kilti kòm constel charles sijere nou bezwen youn prizdekonsyans pou chanjman sa a fèt ide a se pa sèlman «itilizasyon lang nan sosyete a men tou pou n kòmanse valorize sa ki pa nou tout youn eritaj kiltirèl sa nan youn sans te enspire m tradui an kreyòl kou an(n) anglè youn entèvyou youn radyo il moris te fè ak kote l touche ayiti tout moun se frè youn sitasyon m pran nan tit liv gran lidè non-vyolans endou a mwen toujou souliye fot sa a tout kote m ta wè l ayiti se youn peyi frankofòn se tankou nou ta di nan youn sans kanada se youn peyi frankofòn tou byenke pa gen konparezon posib ant ayiti ak kanada menm kan nou ta gen youn deba sou fenomèn lengwistik ki rele diglosi a ki ta plis dekri sitiyasyon lengwistik ayiti a tradiksyon kreyòl sitasyon constel charles la fowòm nòt pou distribitè ak mezondedisyon liv kreyòl youn ti nòt pou tout distribitè liv kreyòl ak mezondedisyon konsène kijan distribitè ak mezondedisyon liv kreyòl kapab ede nan solisyone kèk pwoblèm pou resanse piblikasyon liv ak dokiman ki ekri k ap ekri sou an kreyòl se youn bèl kesyon tout moun pa kapab reponn si yo poko gen esperyans nan fè rechèch nan domèn bibliyografi nenpòt tip rechèch bibliyografi se youn ki trè enpòtan nan tout domèn pou fasilite moun k ap fè rechèch jwenn referans trapde epi lokalize piblikasyon an ou sous sib yo ak entènèt la jounen jodiya plizyè distribitè e mezondedisyon kapab kominike youn ak lòt trapde pou echanje enfòmasyon men èske koze sa yo fèt nan gran kominote ayisyen an ayiti ak dyaspora a repons lan se non e poukisa sa pa fèt plizyè moun nan gran

kominote ayisyen an pa rann kont pouvwa entènèt la genyen ak avantay bab e moustach li bay tout moun k ap fè biznis nan lemond byenke nou konnen se yon liks zafè entènèt la ta ye an ayiti men gen cibè café ayiti byenke yo pa anpil kote moun kapab abòne tyeke imel yo voye mesaj sou entènèt la nan lemond antye malgre pwoblèm elektrisite a egziste lakay distribitè liv kreyòl ak liv ayisyen nan dyaspora a gen imel men pwoblèm nan se èske yo sèvi ak li pou sikile trapde yon seri enfòmasyon ki kapab sèvi nan kad rechèch e menm fè piblisite pou biznis yo se grav si w ta mande yon distribitè ayisyen pou l ta ba w yon enfòmasyon trapde sou yon otè liv yon otè li ta distribiye pou solisyon pwoblèm bibliyografik sa a li enpòtan pou distribitè mezondedisyon ayisyen yo ta repanse pouvwa entènèt la e aksè yo genyen pou òganize yo pi byen nan syèk tounèf la li enpòtan pou yo ta konstwi bonjan pajwèb pou ta mete tit liv yo pibliye ane otè valè paj rezime liv la epi kataloge yo tou pa sijè mete enfòmasyon sou otè a tèlke bibliyografi l kritik sou zèv li ki kapab parèt nan peryodik yo jounal revyi tout travay sa yo kapab fèt trapde kote yo kapab disponib an liy pou lemond antye epi pou enpòtan pou rezime fè deskripsyon liv sa yo nan lang kreyòl franse epi tradui yo nan lang anglè lè sa posib pou mache entènasyonal la nou swete ti enfòmasyon sa yo kapab sikile pou ede moun k ap pwodui zèv kreyòl e panse a estrateji pou fè konnen piblikasyon ki disponib sou mache a pou zèv yo ekoule ak plis rapidite pou mete yon diplis sou piblikasyon zèv kreyòl tèks sa a trè enpòtan e nou ta renmen tout lektè pran l oserye sikile l epi pwofite poze kesyon yo ta vle sou sijè a gen anpil ti pwoblèm nou ta remake tou nan zèv kreyòl k ap pibliye kote maniskri yo pa pase anba men kèk moun konpetan avan y al enprime tank zèv la ta swave pi byen avan li al sou prè se plis siksè otè a ta genyen avè l men lefèt majorite tèks kreyòl yo se otè ki retire lajan nan pòch pou mete yo deyò epi genyen ki pa mande ransèyman sou kèk koze enpòtan avan piblikasyon an pran lari konsa travay vaykevay kontinye fèt ki ta fè kèk moun pa respekte piblikasyon tèks kreyòl yo donk gen yon travay konsyantizasyon manch long ki dwe fèt pou moun k ap pibliye ta pran konsyans tyeke moun ki ta parèt konpetan nan domèn lan pou tande sa yo di sou maniskri a pwofesyonèlman se konsa sa ta dwe fèt mwen ta ankouraje moun k ap ekri an kreyòl tou si yo potko janm suiv okenn seminè kreyòl pou ta chèche mwayen fè sa ak moun ki konpetan moun ki deja gen yon fòmasyon lengwistik epi chèche genyen kèk bon liv diksyonè sou kreyòl kòm zouti referans lè yon diksyonè soti otè a toujou gen entansyon pibliye yon nouvo edisyon chèche konnen si tèl diksyonè ta gen yon dezyèm twazyèm edisyon edisyon ki pi resan an se li k ta pi bon kote otè a fè koreksyon epi ogmante sou kapasite liv la 16 pwèn pou ede ayiti bouje agrikilti bay agrikilti plas li merite pou ede nan devlopman peyi a ekz envestisman nan pwodiksyon agrikòl peyi a ka pwodui pou diminye to enpòtasyon pwodui k ap antre sot aletranje kreyasyon endistri agrikòl ogmantasyon pwodui agrikòl pou konbat lavichè bonjan elvay irigasyon tout bon zouti leta ta ka posede dekwa pou ede peyizan travay latè tabla kredi agrikòl pou ede peyizan diplomasi bonjan diplomasi ak peyi ki montre respè pou ayiti e ak sa k vle ede l fè pwogrè dyaspora responsablite dyaspora a dwe pran pou l ede nan devlopman ayiti pou l sipòte tout bagay pozitif k ap fèt an(n) ayiti pou l sipòte gouvèlman serye ki ta pran rèn pouvwa a e ki ta montre sousi yo nan avni peyi a e pou byennèt chak ayisyen kreyasyon yon fon espesyal pou kore tout pwojè k ap ede nan devlopman ayiti edikasyon edikasyon gratis pou tout moun plis yon edikasyon pratik ki ka sèvi endividi a ak sosyete a bati bonjan lise ki rive nan tèminal nan

chak komin lekòl pou aprann tout metye pa ekz nan chak lise ka gen yon estansyon lekòl vokasyonèl bonjan pwogram alfabetizasyon nan lang kreyòl dabò kantin nan lekòl leta yo pou ede timoun paran pa kab bay manje dekwa pou yo rete lekòl enpòtans pou ta gen yon sal resous ti bibliyotèk nan chak lise pou ede elèv jwenn dokimantasyon pou ede elèv ki pa gen liv epi pou ede anseyan nan fè rechèch pou pran plis bèt nesese pou kreye kanmpous inivèsitè nan inivèsite leta ayiti nan chak depatman nesese ak estrateji pou ogmante nivo edikasyon ayiti nan tout nivo program pedagogik pou prepare anseyan nan tout nivo yon lwa k pou ekzije ke tout timoun al lekòl anrejistre nan yon lekòl kèlkonk sot nan laj senkan pou rive nan laj disetan patisipasyon elèv tèminal nan ede leta nan pwogram alfabetizasyon nan tout rakwen peyi a ak anfas pou alfabetize popilasyon k pi jèn yo kòm pepinyè e nan yon seri pwojè nan kad devlopman peyi a ekoloji rebwazman nan peyi a rebwazman mòn yo pwoteksyon lanati plantasyon pyebwa tout kote pou pwoteje krèm tè yo pou konbat ewozyon ak plantasyon pyebwa ki pwodui fri endistr ekz endistri touris estrateji pou remete endistri touris la sou pye pou pote kapital nan peyi a e pou kreye anlwa ekz amenajman plaj yo bèlte tout kote bèl peyizaj tout sa k fè pati enfrastrikti endistri sa a ankourajman devlopman endistri agrikòl atizanal nan tout peyi a pou ogmante aktivite travay enèji yon bonjan pwogram enèji tètke sibvansyon gaz nan tout peyi a pou ranplase chabon ki konsititye plis pase 80% sous enèji k ap boule e ki kreye an menm tan gwo pwoblèm debwazman ki fè tè yo ale nan dlo epi ki koze sechrès pwoblèm ekolojik pwoblèm sante ak gwo lafimen bwa k ap boule pou fè chabon simaye kouran tout kote konstwi baraj nouvo tibin ak aparèy idwolik pou solisyone pwoblèm blakawout itilizasyon enèji solè kote l aplikab enfrastrikti minimal yon enfrastrikti pou met ayiti sou ray pou ede l kòmanse soti nan kriz ekonomik li ye a ekz bonjan wout ekoloji sekirite elekrisite dlo potab ijyèn lopital lang itilizasyon lang kreyòl la lang tout ayisyen pale a 100% nan nivo ekri oral e nan tout domèn e respè pou li kòm youn nan de lang ofisyèl peyi a ankouraje anseyman lang vwazen yo ekz anglè panyòl kòm lang etranje nan lekòl ankourajman materyèl didaktik an kreyòl pou itilize lekòl e nan pwogram alfabetizasyon revizyon tout materyèl didaktik ki devlope deja nan lang kreyòl an(n) ayiti kou nan dyaspora a e kijan pou sèvi ak yo anndan lekòl bon metòd pou anseye fransè kòm dezyèm lang e youn nan de lang ofisyèl peyi a estrateji pou itilize materyèl didaktik ki ekri an fransè anndan lekòl ak esplikasyon an kreyòl sitou liv syans yo pa ekz laprès pale e ekri wòl laprès dwe genyen nan devlopman peyi a yon près endepandan ki dwe fonksyone san okenn baboukèt san okenn entimidasyon yon près ki dwe net e ki dwe pwofesyonèl an menm tan lwa bonjan lwa k pou pase nan palman an kòm amannman nan konstitisyon an lwa k ka ede nan devlopman peyi a mete lalwa an aplikasyon pa kite l kouche sou papye sèlman epi l pa dwe gen paskouki patrimwàn valorizasyon tout sa k fè pati patrimwàn peyi a ekz kreyasyon mize pou pwoteje yo respè pou engredyan k fè pati kilti ayisyèn nan politik admosfè pou tout pati politik fonksyone libremman san okenn entimidasyon e nan respè youn pou lòt pou evite difamasyon pou yo aprann travay nan avantay peyi a olye yo kite kèk peyi etranje ap manipile yo pou kreye zigzani k ap kraze ayiti devwa laprès pou l ta kreye deba pou diferan reprezantan pati politik ta parèt nan radyo televizyon avan eleksyon tètke pandan kanpay elektoral pou yo ta di sa yo gen nan dyakout yo pou devlopman peyi a pou gen dyalòg ak pèp la di kisa yo fè deja de pozitif nan sosyete a pou pèp ki pral jete bilten vot yo ta wè nan yo sitwayen ki sousye de

avansman peyi a rapò politisyen yo ta dwe bay pèp la sou sa yo akonpli pandan yo sou pouvwa ou pandan manda yo bonjan politik pwogresis pou tyalenj lòt pati rechèch kreyasyon yon bonjan bibliyotèk santral ak plizyè branch nan diferan depatman awondisman komin ak itilizasyon sistèm konpitè pou ede nan dokimantasyon materyèl ankourajman rechèch sou tout fòm nan lekòl yo tout nivo kreyasyon sant rechèch pou ede nan dokimantasyon aprann envestige enpòtans pou etidyan ayisyen ki nan kolèj inivèsite nan dyaspora a aprann fè rechèch sou ayiti sou kominote yo (tout sijè epi mete rechèch sa yo disponib pou ayisyen ayiti ka gen aksè a yo ekz kopi tèz atik papyè yo ekri enpòtans pou tout ekriyen chèche blan kou ayisyen aprann fè sant rechèch ayisyen bibliyotèk ayisyen kado nan liv dokiman y ap pwodui mete yon seri rechèch sou paj wèb dekwa pou ayisyen gen aksè a yo pa sèlman eksplwate ayiti kòm sijè pou jwenn fon pou fè lajan nesite pou tabli yon bonjan laboratwa konpitè nan inivèsite leta ayisyen pou elèv gen plis aksè nan fè rechèch epi pou gen aksè a dokiman ki disponib sou entènèt la seminè pou antrene moun nan fè rechèch pou ede nan devlopman ayiti e nan kwasans entelektyèl yo resous imèn valorizasyon resous imèn filozofi grès kochon an kwit kochon an nan devlopman peyi a patisipasyon chak ayisyen nan devlopman peyi a patikilyèman sa k kapab yo pwofesyonèl entelektyèl moun ki gen mwayen finansye biznismann syantis chèche teknisyen motivasyon dyaspora a pou ede met men nan devlopman ayiti estrateji pou sa fèt sante bati bonjan lopital dispansè nan chak depatman awondisman komin òganize woumble kolòk sou pwoblèm sante maladi k ap ravaje moun epidemi edikasyon pou tout prevansyon posib ogmantasyon to de vi an(n) ayiti pou fini ak to timoun k ap mouri akòz mankman swen bonjan pwogram sante pou tout moun zouti pou ede doktè aparèy lopital yo bezwen pou fonksyone byen ijyèn nan lopital yo pwogram pou edike moun fè mwens pitit planing rapwochman 2 kreyòl a baz fransè kreyòl senlisyen ak kreyòl ayisyen moso nan entèvyou ak kèk senlisyen k ap kòmante sou tradiksyon nouvo testaman an nan lang yo frè e sè frèzesè mwen asire si tout senlisi te ka ede mwen remèsye tout moun ki te travay sou tradiksyon bib sa a wout la te long travay la pa te fasil men jodi a nou ka wè kisa travay sa a ak dedikas ka pwodui travay la se pa nou nouvo testaman an se pa nou mwen envite tout moun pou anbrase travay sa a li pawòl bondye nan lang nou nan lang pèp senlisyen mwen asire gen anpil moun jodi a ki pa sa ka li e ekri kreyòl la men mwen asire sa se on bagay ki pral ankouraje w aprann li epi ekri kreyòl la sonnekselans madam pearlette louisy gouvènè jeneral senlisi kounye a lè a rive pou moun senlisi reyalize enpòtans pa jis yon lang men enpòtans nou kòm pèp aktyèlman nou pa (sa) ka jis pale kreyòl la nou ka li kreyòl la prenmye (premye) tradiksyon an se on tradiksyon ki enpòtan epi nan legliz katolik nou pral fè tout sa nou kapab pou ankouraje pèp nou pa jis pou achte on liv men pou aprann li kreyòl la paske se lang manman nou tout monseyè katedral kounye a lè a rive pou moun senlisi reyalize enpòtans pa jis yon lang men enpòtans nou kòm pèp aktyèlman nou pa sa (ka) jis pale kreyòl la nou ka li kreyòl la prenmye (premye) tradiksyon an se on tradiksyon ki enpòtan epi nan legliz katolik nou pral fè tout sa nou kapab pou ankouraje pèp nou pa jis pou achte on liv men pou aprann li kreyòl la paske se lang manman nou tout monseyè vikè swè m pou eleksyon novanm 2000 yo ayiti n ap di bondye mèsi lame restavèk la pa la pou vin brake fizi pou grennen ayisyen inosan atè ann kite pèp ayisyen manifeste chwa l pou moun li ta vle gouvènè l 7 fevriye 2001 ann aprann respekte chwa majorite li lè pou n aprann pran

responsablite granmoun nou tou pou peyi etranje pa vin ban n dikte e se youn nan pwoblèm lè y ap monte tèt youn seri politisyen visye lakay ki sousye de enterè pèsònèl yo olye de enterè peyi a epi nou konnen lakay bezwen nou tout pou rebati l ann kòmanse panse kijan nou kapab kontribye nan travay ki bezwen fèt lakay kijan nou kapab patisipe ak fòs nou kòb nou nanm nou toujou gade patisipasyon w nan avantay peyi ayiti nan avantay tout ayisyen men pa nan avantay youn grenn lidè oubyen youn pati politik ki ta sou pouvwa m ta swete tou nouvo gouvèlman ki va pran renn pouvwa a 7 fev 2001 pou l ta reyèlman panse a dyaspora a kòm sous vital pou elanse ayiti sou tout fòm se de vrè zèl zwazo a pou l vole e ki estrateji li pral mennen pou dyaspora sa a patisipe 100% nan rekonstriksyon ayiti gen anpil travay ki dwe fèt e koze sekirite pou tout moun ta dwe nan tèt ajannda nouvo gouvèlman an kòm youn nan engredyan enfrasatrikti k ta dwe sou pye nan nouvo milènè a pou fè peyi a bouje ansanm ansanm nan diyite respè youn pou lòt san ògèy ak egoyis nou ka rebati ayiti nou ka leve anpil defi pou reprann onè nou nan listwa m ap swete tout kandida bòn chans epi pou yo panse a ayiti cheri nan syèk tounèf la panse a devwa yo anvè peyi a etan politisyen e panse a kijan listwa pral jije yo demen patriyotikman èske youn pwogram militèng pral solisyone vrè pwoblèm lekòl ayiti mwen ta di di ak fè se de bagay diferan nou dwe premyèman solisyone pwoblèm ki an rapò ak kesyon diglòsi e bilengwis an ayiti epi itilize fowòm ayisyen sou entènèt la kòm mwayen pou diskite kesyon sa yo pou fè sa youn bonjan plan polisi lengwistik nes esè pou gouvènman an ta vin avè l nenpòt lè youn vrè gouvènman ta monte sou pouvwa ki lang ou panse timoun nan peyi japon aprann li ak ekri avan yo kòmanse klas 8tyèm nivo mwayen sètènman repons lan se japonè yo kòmanse anglè nan 8tyèm menm jan ak lekòl nan peyi eskandinav yo byenke pifò elèv nan peyi ewòp dinò sa yo gen youn pi bèl metriz lang anglè a si n ap konpare ak elèv japonè akoz metodoloji lengwistik aplike ki itilize nan peyi sa yo mwen kòmanse aprann espayòl pou kont mwen lè m te gen dizan an ayiti kote m te itilize metòd sans peine assimil yo sa vle di li t ap youn bèl ide pou paran espoze pitit yo a lòt lang pandan yo trè jèn epi vwayaje nan lòt peyi ak yo si l posib e lè l posib enterè m nan lang cervantes la te pi pwofon ke enterè m nan lang shakespeare la men apre anviwon prèske 3 deseni trantan depi m ap viv ezetazini epi vwayaje an ewòp anglè vin tornen tankou dezyèm lang mwen byenke mwen toujou metrize lang espayòl la nenpòt moun ki gen chans li liv mwen an ki rele youn koudèy sou pwoblèm lekòl ayiti pral wè fokis mwen nan esè sa yo pa sou itilizasyon lang nan lekòl ayiti tankou kèk otè ayisyen komik ta fè sa oubyen kèk entelektyèl sou rejim duvalier a kote yo ta rann kreyòl ak fransè responsab pou to alnalfabèt ki grenpe lesyèl nan peyi a olye pou yo ta santre vrè pwoblèm nan ki gen pou wè ak politik kote yo eseye divòse yo de reyalite ayisyèn nan men sa k pi enpòtan an se pito opòtinite pou ti ayisyen ta genyen pou ale lekòl timoun sa yo byen entelijan si n ap gade kèk nan pèfòmans yo kèlkeswa lang yo ta vle itilize nan lekòl ayiti sa p ap youn gwo pwoblèm pou yo osilontan yo gen opòtinite ale lekòl vrèvanvre sa nou dwe batay pou li a pa ak zam se leve vwa nou pou gen lekòl gratis enkli materyèl ak manje rechèch demontre ke pifò nan timoun ayiti k al lekòl pa rive konplete menm sik mwayen an akoz sitiyasyon ekonomik peyi a pa gen lekòl gratis paran timoun k ap bat dlo pou fè bè pou voye yo lekòl pa kapab achte liv ak manje pou yo byenke yo fè sakrifis achte omwen youn inifòm ke l se youn lavam metam wetam yo mete sou yo chak jou lekòl gratis pa dwe konsidere kòm youn kado ke gouvènman ayisyen an ta bay timoun

sa yo men pito se yon pwovizyon ki kouvri anba konstitisyon 1987 la bagay sa yo dwa legal yo dwe pale sou yo nan radyo ak televizyon an ayiti pou edike popilasyon an e nan fason sa pral eradike maladi ki rele analfabetis l si timoun sa yo an ayiti jodiya ap trennen nan lari antre nan gang tornen vagabon dilè dwòg dwòg adikte ak mandyan se pa fòt yo men pito fòt gouvènman an ki pa fè travay konstitisyonèl li sa se vrè sivik ki pou ta anseye e nou menm ayisyen nou dwe fè yon bagay ak sa yon fason yon lòt ann eseye fè travay nou kòm sitwayen ann eseye aktif nan ede ayiti ale vè lavan ann eseye yon aktivis pou yon pi bon ayiti renmen ayiti pa ta dwe sèlman yon pawòl k ap soti nan bouch ayisyen men ann montre sa pito pa aksyon nou pou retounen a jason ki dwe youn nan sous enspirasyon pou ayisyen ki ta vle wè vrè devlopman fèt ayiti nou te ka poze kesyon sa a konbyen peyi nan lemomm ki pale japonè repons lan se youn m ap li kòmantè komik sou kreyòl depi plis pase 30 ane tèlke li se yon lang izole vrè radòt ki soti nan bouch swadizan ayisyen save ki rive lwen lekòl li si komik pou wè a ki nivo mantalite a kolonize kèk menm ale pi lwen toujou pou di kreyòl pa yon lang donk si l pa yon lang yo pa moun paske chak moun pale yon lang matènèl nan yon fason yo mete tèt yon an klasifikasyon omosapyen ki pi ba pase moun lefèt ke yo panse konsa donk edikasyon dwe fèt nan tout nivo pou refè mantalite kolonyal la oubyen pou mete vi ak sèl nan brenn ki zombifye yo pakonsekan lang matènèl la dwe jwe yon gran wòl nan lekòl yo epitou nan peyi devlope yon an lemonn ak nan kèk peyi tyèmond depan de kanton an lang natifnatal la se li menm tou ki lang ofisyèl ki itilize lekòl sityasyon lang an ayiti diferan de kèk kèk peyi afriken kote pa egzans nan peyi kouwè jis pou site kèk yo pale plis pase 50 lang ki reprezante diferan gwoup etnik pakonsekan yo bezwen yon lang nasyonal ke l se fransè ou anglè ki an menm tan itilize kòm la langue véhiculaire et la langue des registres ki konekte tout moun tou epi sèvi kòm lang ofisyèl an giyan fransèz kote m vizite gen anviwon 11 lang ki pale la kòm department d outre-mer lang fransè a se li ki lang nasyonal nan ka ayiti tout ayisyen pale kreyòl kòm lang natifnatal yo pa gen pwoblèm menm pou kominike paske se yon gwoup etnik omojèn donk li dwe jwe tou yon wòl enpòtan nan edikasyon kòm premye lang avan metrize nenpòt lòt epi pou montre respè pou kilti ayisyèn nan paske lang an jeneral se yon koze ki trè sansib e se youn nan engredyan kiltirèl ke yo dwe manyen ak anpil swen gouvènman ayisyen dwe kòmanse valorize lang matènèl tout ayisyen epi itilize l nan pale kou nan ekri siy tout kote dwe ni an fransè ni nan kreyòl mwen pa t ap gen oken pwoblèm ede ak tradiksyon sa yo gratis ti cheri si yon gwoup ayisyen ta vle ede nan sans sa a oubyen anbake yo nan fè kèk bagay pozitif ki ta kapab ede nan sans sa a pou moun k ap viv kanada gen yon lwa nan pwovens kebèk ki rele la ki di li obligatwa pou poste an fransè nan ane 70 yo lè m te kòmanse vizite kebèk pou premye fwa tout bagay te bileng an fransè kou an anglè kounyeya tout siy yo an fransè dwe gen tout yon kanpay pou epole bilengwis an ayiti ou pa ka janbe de yon premye lang a yon dezyèm epi a yon twazyèm a yon katriyèm san metrize youn nan sa avan yo ki ofisyèlman rekonèt nan konstitisyon peyi a se jis yon konsèy pou lekòl an jeneral men lakay se ta yon bèl ide si paran te kapab espoze timoun a plis ke youn e an ayiti nou konnen deja se sèlman paran ki kapab ki pral gen opòtinite fè sa amwenke gouvènman an panse a pwogram radio ak televizyon kote ta gen televizyon nan tout lari dekwa pou timoun ki pa gen aksè ak sa lakay yo ta gen chans gade kèk pwogram timoun epi mwen gen anpil dout se yon bagay ki pral fèt akòz lajan sa ta koute e nou ta ka menm

mande konbyen tan l ap pran gouvènman ayisyen pou solisyone yon senp pwoblèm elektrisite lè ayiti te ka itilize enèji solè yon bagay ki pa ta koute chè ditou epi ki ta nan avantay tout peyi a jiska yon lòt lè ankò ann kontinye viv nan ilizyon an tèm rèv nou pou yon bèl ayiti men pataje bèl ide n yo ak lòt moun kèk kesyon pou ouvè deba sou pwoblèm edikasyon ayiti nou ka poze kesyon sa yo kisa refòm lekòl ye kilès ki gen monopòl lekòl la ayiti leta oubyen sektè prive a kisa konstitisyon 1987 la di sou lekòl ak edikasyon ki tip preparasyon anseyan ayisyen genyen avan yo còmanse anseye nan nivo elemantè segondè ou siperyè elèv ki rive konplete nivo segondè a èske yo resevwa yon edikasyon prati apre yo fin pase ane sou ban lekòl kisa k pa mache nan korikilòm lekòl ayiti nan tout nivo èske korikilòm sa a reflekte reyalite ayisyèn nan oubyen èske l pratik èske leta reyèlman konsène pou l kreye lekòl gratis bonjan lekòl nan tout rakwen peyi a pou tout timoun antre gratis ti cheri e san grese pa t pesonn pou achte yon plas pou yo èske leta gen yon prèz pou enprime materyèl didaktik pou ede elèv ki pa ka achte liv si l gen youn èske l ap fonksyone kounyeya kilè leta pral fè l obligatwa pou tout timoun laj zan oubyen tan pou anndan yon lekòl kèlkonk ki tip pwoblèm elèv ayisyen konfwonte lè y al lekòl nan peyi etranje sou kesyon lang kreyòl fransè èske se yon pwoblèm ki kenbe elèv tout bon pou pa vanse lekòl oubyen se yon kesyon aksè majorite elèv pa genyen pou al lekòl oubyen se jis yon chemen kout pou divòse de reyalite politik la èske se pa ta yon bèl ide pou leta pase yon lwa ki ta fè sèvis kominotè vin yon bagay obligatwa la a leta ta ka itilize pa ekzanp elèv ki konplete nivo bakaloreya pou angaje yo nan kèk travay kominotè tèlke patisipe nan kanpay alfabetizasyon si ap gen youn tout bon yon lè atravè peyi a angaje yo nan nenpòt tip travay leta ta tanmen nan lavni pou benefis peyi a pa bliye peyi tèlke almay lafrans itilize sèvis kominotè sa mache epitou nan ka ayiti se yon bagay ki ka ede gouvèlman an ekonomize nan bidjè peyi a anka si y ap gen youn alontèm sa fè pati de sa n ka rele resous imèn ki yon bagay enpòtan nan devlopman ayiti nan tout nivo oubyen sa n ka rele grès kochon an kwit kochon an an retou leta ta dwe ede elèv sa yo tèlke ba yo ti kòb ak lojman epi pi devan sa ta ka sèvi kòm yon obligasyon avan pou pran yon pòs nan leta nòt sou koutmen kiba ap bay ayiti nan domèn edikasyon tradiksyon yon atik ak tit pwennvi kiba kontinye pwogram kiltirèl e edikasyonèl li siksè kiltirèl kiba nan il la alawonnbadè ak kanpay edikasyonèl li previzib pèp kibèn an depi triyonf revolisyon an gen opòtinite ogmante konesans li epi devlope espètiz talan atistik li donk pakonsekan yo gen yon gran vòlwa nan kontinye ogmante sou konesans yo gen deja sa ki enpresyonan se tout patisipasyon ak enterè kibèn yo montre chak jou nan gade e suiv kou nan televizyon ki enkli lang literati e apresyasyon pou ar se nan rekonesans travay gouvènman kibèn an ke l fasilite e ankouraje tout moun devlope yon amou e apresyasyon pou pwòp kilti yo e rekonèt tou enpòtans nan aprann lang etranje pou kapab kominike ak lòt nasyonanite yon tip kanpay konsa kapab antreprann nan peyi sosyalis paske tout resous nasyon an aladispozisyon pèp la pakonsekan medya piblik la ak enstriksyon e anseyan yo kapab atire bezwen nasyon an pito ke bi komèsyal konfòm a ideyoloji entènasyonan kiba benefis devlopman yo nan tout domèn la pou pataje ak lòt peyi k sou ray devlopman yon ekzanp resan se patisipasyon kiba nan travay alfabetizasyon k ap fèt ayiti ayiti se premye peyi amerik latin ki pran endepandans li an 1804 selon estatistik ofisyèl ayiti se peyi k pi pòv tou nan rejyon an ak yon to analfabetis 55% pou san kiba fè esperyans lan nan pwòp kanpaydalfabetizasyon gouvènman revolisyonè a te òganize an

1961 yon kanpay ki ak siksè eradike analfabetis nan peyi yo espètiz sa a aladispozisyon kounyeya pou repiblik ayiti ane k sot pase a ofisyèl ki sot nan ministè edikasyon kiba travay ak ayisyen bati chema ak devlopman kou alfabetizasyon nan lang kreyòl bagay ki pral transmit nan radyo atravè nèf depatman yo kreyòl se premye e lang ofisyèl ayiti sèt milyon edmi pèp la pale l yon pwojè pilòt ak plizyè ankèt fèt deja pou evalye bezwen alfabetizasyon pèp la monitè alfabetizasyon pral vizite pwovens yo pou evalye pwogrè patisipan yo epi gade fason metòd la apwopriye pandan kiba ap devlope talan nasyonal pou benefis pèp la li toujou sonje lòt peyi ki bezwen sipò ak ankourajman pou atenn dwa granmoun yo ak diyite atravè lakonesans sante an fòm ak idantite nasyona kredi sous an liy max blanchet tèks orijinal reposte ak pèmision jeran lis sijè pou restriktire lekòl ayiti restriktire lekòl ayiti se yon tèm ki ta parèt yon ti jan vas pou n diskite tèlman domèn lekòl ayiti a chaje ak pwoblèm e mwen kwè si nou menm edikatè chèche ayisyen k ap viv nan dyaspora a pa panse seryezman a sa edikasyon ayisyen ka efondre nan venteyinyèm syèk la premyèman nou ka vize pwoblèm nan soti anwo desann leta monopòl lekòl anseyan elèv nan premye kategori a li enposib pou n pa ta pale de leta kòm engredyan pi enpòtan nan koze a ki gen pouvwa fè e defè nan kad sa a nou ka al gade premyèman konstitisyon 1987 la kòm bousòl kisa l di sou zafè edikasyon e de la nou ka kesyone responsablite leta èske l ap travay nan respè konstitisyon an pou l garanti yon edikasyon gratis a tout moun men nan menm kesyon sa a tou nou ka poze fò n pa kouri blame gouvèlman aktyèl la san n pa ta fè bak nan listwa pou wè sa lòt gouvèlman te kite e an menm tan retounen o prezan pou jete yon koudèy sou palman an ki an majorite p ap regle anyen serye ki plis eseye bòykote yon seri pwojè lwa ekzekitif la ta pwopoze nan kad devlopman ayiti si n ap gade konpòtman yo pandan plis pase yon ane pou bloke gouvèlman an konplètman nan dezyèm kategori a monopòl lekòl premye kesyon nou ta ka poze avan n ouvè diskisyon se kilès ki gen monopòl lekòl ayiti leta oubyen sektè prive a se yon kesyon ki fasil pou reponn lè n konnen majorite lekòl ayiti se prive yo ye nan menm klasman prive a nou gen lekòl bòlèt yo kolèj prive ak kolèj relijye yo pou lekòl bòlèt yose yon seri lekòl w ap jwenn yon direktè sovè alatèt yo se yon biznis pate cho pou ouvè yon lekòl ayiti pou fè lajan e depi moun nan gen koneksyon ak ti lamama sa pa pran tan pou l lwe yon kote bare chak chanm ak kès nas epi mete yon ansèy kolèj prive sesi sela nan menm klasman prive a plizoumwèn gen kèk anseyan ki ka gen yon fòmasyon pedagogik ki ka fonde yon lekòl kote plizoumwèn w ap jwenn kèk anseyan kalifye k ap fè kou ladan yo pou lekòl relijye yo potestan ou katolik ta sanble yo pi òganize patikilyèman katolik yo e si n pakouri listwa lekòl ayiti soti nan le concordat de 1860 nou ka remake dominans lekòl katolik yo k ap taye banda depi epòk la pou rive nan fen syèk sa a leta konnen egzistans yo e menm moun k ap travay nan leta panse yo ta ofri meyè edikasyon donk anpil fwa se la pitit yo ale se vre yo gen yon sòt òganizasyon yo devlope pwòp materyèl didaktik yo men kesyon nou ka poze se ki pousantay nan popilasyon elèv ayiti ki ka benefisye de lekòl sa yo pou reponn kesyon sa a nou vin tonbe nan aspè ekonomik lan kote majorite timoun ayiti pa gen aksè pou yo ta resevwa yon edikasyon nan lekòl relijye sa yo pase yo koute kòb men kit se elèv ki nan lekòl bòlèt lekòl prive lekòl relijye yo sèvi ak materyèl didaktik lekòl relijye yo devlope pa egz lè n ap gade majorite materyèl didaktik devlope ou pibliye nou ka gade sa kòm yon monopòl tou nan domèn devlopman materyèl didaktik k ap sèvi lekòl la a gen kèk parantèz pou kritik ouvè nan

twazyèm kategori a anseyan kisa n ka di repons lan anpil koze premye kesyon nou ka poze se ki fòmasyon anseyan ayisyen yo pou reponn kesyon sa a nou ka pase tout nivo yo an revyi elemantè mwayen segondè siperyè majorite anseyan yo pa resevwa yon fòmasyon pedagogik avan menm yo vin dèyè yon tablo nou ka antre nan faz sa a anseyan elemantè mwayen ak nivo segondè ki pi enpòtan nan gwo pepinyè edikasyon an avan n ta atake nivo siperyè a la a ankò fò n pa kouri blame yo men blame pito lwa ak leta pa gen anyen serye nou ka rive fè san suiv yon seri lwa ki tabli si n ta deside fè yon rechèch pou n ta tyeke konbyen anseyan nan nivo segondè ki pa gen menm papye bakaloreya vwa yon lisans inivèsité katran etid siperyè epi pou n ta rekòmande yo tounen lekòl enben tout lekòl ayiti nivo primè segondè ta fèmen menm jou a men si ta rive gen yon refòm tout bon vre ayiti fòk yo ta pase anseyan yo an revyi kote yo ta dwe tounen lekòl kanmèm ankò pou sa fèt nou vin abouti nan aspè legal la kote li ta dwe obligatwa avan yon anseyan anseye nan nivo segondè pou l ta gen yon lisans epi pou l ta suiv yon seri atelye pedagogi e pou anseye nan nivo elemantè mwayen yon anseyan ta dwe gen papye bakaloreya l epi pou l ta suiv yon seri atelye pedagogik men ankò kesyon nou ka poze se kilès ki gen monopòl lekòl ayiti leta oubyen sektè prive a sètadi pou ta rive pran yon seri mezi ki ta amelyore sistèm edikasyon an ayiti fòk ta gen yon seri lwa pou respekte e se leta ayisyen ki gen pouvwa pou l ta akselere sa pwopozisyon sa yo ta dwe soumèt a palman an pou ta vote yo an majorite men kesyon an ankò se ki palman ki preparasyon palmantè sa yo èske yo reyèlman sousye de pwoblèm edikasyon an ayiti oubyen èske yo nan yon nivo pou konprann filyè pwoblèm sa a se tout yon seri kesyon ki mande reflechi ak anpil estrateji ak altènatif pou yon ayisyen ki konsyan de pwoblèm nan kijan pa ki mwayen li kapab pase pou l ede donk an gwo se yon pwoblèm ki dwe konsène ayisyen ayiti kou nan dyaspora a kèk altènatif pou ta eseye rezoud nan pwoblèm konplèks sa a se ta òganize ou reòganize kominote yo vil komin kote lidè kominotè sa yo ta dwe chita ansanm pou analize pwoblèm lekòl la nan zòn yo e kisa yo ta ka fè etan kominote la a nou vin tonbe nan filozofi grès kochon an kwit kochon an nan filozofi sa a premyèman nou kapab gen absans leta nan yon sans kote se kominote a k ap repanse pou l restriktire tèt li pou l bay tèt li sa l bezwen san leta li menm pa debloke fon pou sa nan lòt volè a nou pa ka iyore leta nonplis poukisa kèlkeswa sa k ap fèt nan kominote a fòk otorite ki reprezante leta nan zòn nan envite fòk prezans li la menmsi se yon figi li ta ye men o fon li konnen li gen yon otorite kèlkonk la a nou vize mè vil sa a oubyen mèk komin nan fòk li la fòk li okouran de pwojè yo e fòk yo apwoche l tou ak sajès pou l ankouraje demach fèt e pi davan si l posib leta ka kontribye pase se yon fason pou aleje pwoblèm nan pou leta donk fò l ta apresye travay devlopman k ap fèt o nivo kominotè pase li menm gen twòp chay sou zepòl li pou l ta fè tout bagay alafwa nan dènye kategori a nou wè se elèv yo sa fè n sonje timoun piti ti inosan imedyatman kèlkeswa sa ou bay yon timoun piti l ap mete l nan bouch li kanmèm alò la a gen yon sèten paralèl ant elèv ak timoun sètadi gwoup ki anlè nan yerachi a responsab edikasyon timoun yo remake mwen pa enkli paran e kèk kritik ka di paran ta dwe la nan kategori sa yo wi paran la souzantandi men mwen vle poze bousòl mwen plis sou kategori ki ta dwe pi responsab yo paran toujou jwe yon wòl kapital nan edikasyon timoun ayiti gen manman timoun ki vann pistach griye ki mache ak yon zèl sapat men ki di w l ap travay di pou pitit li vin doktè e rèv yo konn rive akonpli anpil fwa gen papa se machann fresko ki gen menm rèv la e tandòt paran ki pa t gen

chans pase lekòl ki nan yon echèl sosyo-ekonomik dezagreyab men ki gen yon vizyon pou pitit yo rive lwen lekòl donk fò n bat bravo pou anpil paran ayisyen k panse konsa pase edikasyon se yon liks li ye ayiti youn nan bagay ki touche m anpil pa tèlman lontan se pandan mwen t ap li otobiyografi manno sanon foutbolè ayisyen trè popilè k ap pale de manman l sa l te fè pou ede l se yon istwa ki fè dlo kouri nan je donk paran trè enpòtan nan edikasyon timoun yo kèlkeswa klas sosyal yo ta apateni e li enpòtan pou lekòl ayiti ta mete anfas sou apresyasyon paran kote chak lè yo bay kanè pou ta gen sa yo rele ozetazini open house reyinyon espesyal kote paran elèv la ta reponn prezan pou rankontre ak anseyan yo pou konnen sou pwogrè pitit li lekòl la kijan elèv ka ede nan devlopman ayiti se youn nan gwo erè leta ayisyen te ka fè lè yo neglije aspè sa a pa bliye elèv se pepinyè ki reprezante fiti yon peyi nan tout sans se depi bonè pou n kòmanse angaje yo nan yon seri travay pou byennèt ayiti e gen fason espesyal sa ka fèt li ta bon pou leta ta mete l obligatwa pou elèv bakaloreya ta pase yon ane an pwovens nan yon travay kominotè kèlkonk egz batisman yon lekòl leta amenajman yon lekòl leta batisman yon klinik leta yon lopital leta patisipe nan kanpay alfabetizasyon yon pwojè kèlkonk leta ta genyen k ap fonksyone nan avantay kominote a la a fòk leta ta anchaj pou l responsab elèv sa yo pandan dire travay yo sètadi ba yo yon ti kòb responsab manje ak dòmi yo tou epi sa ta garanti yo yon pòs nan leta lè yo aplike pou travay men fòk tout sa ta chita sou lwa donk globalman anpil pwèn nou ka touche ki an rapò ak devlopman ayiti e patikilyèman sektè edikasyon an nou vize ta dwe chita sou lwa dekwa pou leta ta fè chanjman de baz ki nesèsè yo si l vin kontwole monopòl sa a e petèt nan bon konprann nou kòm kritik obsèvatè ou ayisyen konsyan nou ka panse a lòt altènatif lè machin lwa a anpàn oubyen lè leta demisyone fidbak mwen li avèk anpil atansyon tèks ou ekri sou kesyon restriktire lekòl ayiti mwen felisite w pou refleksyon sila a edikasyon se pilye devlopman yon peyi se baz keksyon devlopman peyi a ou poze la a mwen wè genyen anpil bèl ide nan tèks ou a men mwen pa wè ou poze pwoblèm edikasyon an nan yon kad byen defini sa mwen vle di se ki edikasyon pou ki peyi ak ki devlopman fòk genyen yon chwa devlopman klè pou kapab konnen ki kalite edikasyon w ap bay popilasyon an e ki estrateji w ap mete kanpe pou rive atenn objektif ou fikse yo mwen ta di tou dabò fòk nou ta kapab klè sou yon premye chwa alfabetizasyon oubyen eskolarizasyon oubyen toulede èkse mwayen nou ap pèmèt nou fè toulede si se te pou mwen mwen ta chwazi eskolarizasyon kòm priyorite pou mwen kapab seche sous k ap founi analfabèt yo mwen ta di tou ki lekòl nan ki lang mwen ta genyen tandans chwazi yon lekòl repiblikèn kote tout timoun yo ta pataje menm valè yo mwen ta di yon sèl lekòl pou tout moun anpil moun kwè se ta nan lang kreyòl pou yo ta va eskolarize ak alfabetize pèp ayisyen yo di ke se lang manman yo l ap pi fasil konprann sa pwofesè a ap anseye l la mwen pa dakò ak apwòch sila a nan anpil peyi kote yo pale kreyòl ak fransè ou kreyòl ak anglè yo rive eskolarize pifò moun si se pa tout moun an franse ou an angle mwen vle pale de lòt antiy yo ki sou kote nou yo ak kèk peyi afriken nan peyi afriken yo menm ou ta kapab di ke sa ta dwe pi konplike pase yo konn pale menm 20 dyalèk diferan nan menm peyi a yo rive kanmenm fè sa tou mwen ta kapab site peyi senegal pwendevi sila a moun ta genyen tandans di li se yon pwendevi elitis men mwen kwè se pa vre se yon pwendevi ke nou kapab fè lontan ap diskite mwen panse tou ke nou ta dwe fè yon edikasyon ki pou pèmèt nou vini pi louvri sou mond lan mwen pa dakò ak ankenn demagoji nou kapab fabrike

kèk ti materyèl pedagogik an kreyòl men nou pa gen mwayen pou nou genyen aksè a tout materyèl syantifik ak teknik yo nan lang kreyòl la ekonomi peyi nou pakab pèmèt nou sa menm si nou ta mete ansanm tout ekonomi peyi ki pale kreyòl yo nou pa ta kapab atenn objektif sa a deja an ayiti nou yon ti jan izole ak lang franse a paske tout alantou nou se panyòl ak anglè yo pale men sa pa fè anyen n a pale yo tou men kabrit la di ou sa k nan vant ou se li ki pa ou annou kòmanse pa lang istwa nou kite pou nou e ki kapab ban nou plis ouvèti sou lemond kesyon sila a ta kapab mennen nou nan lòt ankò pa ekzanp kesyon pwofesè yo fòk nou di san demagoji nou pa genyen vre pwofesè an ayiti ankò fòk nou ta fòme anpil lòt pandan nou ta fè vini pwofesè nan tout peyi ki pale franse yo tankou guadeloup matinik giyan franse kanada senegal elt pa gen manti nan sa pa kapab genyen demagoji nan kesyon fondamantal sila a kanada te fè sa anpil peyi afriken te fè sa nou menm ayisyen nou te ede yo anpil nan sa mwen p ap kontinye deba a jodi a mwen kwè mwen di anpil bagay deja men mwen pa pretann di tout bagay mwen kwè mwen di bagay ki kapab choke moun e ki kapab soulve anpil diskisyon mwen preferè tann kèk reyaksyon anvan mwen kontinye deba a mwen pa yon anseyan men mwen konnen ke kesyon sa a se kesyon fondamantal la si nou pran li mal nou p ap rive ankenn kote rate materyèl nan pwogram bileng ayisyen an rate materyèl pedagogik nan pwogram bileng ayisyen an se tit yon entèvyou edikatè powèt te fè ak kèk edikatè ayisyen ki travay nan pwogram bileng ayisyen rezon ki fè m fè rechèch sa a sou rate materyèl ki genyen nan pwogram bileng ayisyen an se paske mwen sousye de pwoblèm nan e ke mwen konnen ta kou l ta m ap konfwonte pwoblèm sa a pifò anseyan ayisyen ki apateni a nouvel jenerasyon an konfwonte pwoblèm sa a malerezman yo tout wè l men yo iyore l si youn moun ta vle vin anseyan li enpòtan pou l pale de pwoblèm sa a pwoblèm santral la oubyen tèm prensipal rechèch mwen an se pou rekonèt rate materyèl ki egziste nan pwogram bileng yo pou rele pwogram yo bileng fòk elèv yo konn li ak ekri nan lang matènèl yo pwoblèm sa a enpòtan paske li bay timoun yo yon move enpresyon de lang matènèl yo mwen li plizyè atik ak liv ki pale de pwoblèm bileng an ayiti sou pwoblèm ki relate tèt mwen an pifò etid yo santre sou pwoblèm alfabetizasyon pou rive elimine pwoblèm nan gen anpil mwayen pou fè sa donk edikasyon kreyòl la se pa li ki pwoblèm santral pou vize a menm sou tèt meriken an pwoblèm nan reparèt erezman lang franse a pa la kòm zouti klas elit la apwoch pèsònèl mwen pou etidye pwoblèm sa a se pale ak plizyè pwofesyonèl metòd sa a apopriye paske l ban mwen yon bèl opòtinite ou konnen toudabò sa k ap dewoule nan klas bileng yo apati rechèch mwen an mwen jwenn ke egziste aktyèlman yon rate materyèl nan lekòl piblik yo se pandan rate materyèl sa a ka sèvi kòm pon pou kreye fenèt atravè sistèm piblik la mwen aprann anpil nan rechèch sa a malerezman mwen bezwen plis tan pou kapab mete tout enfòmasyon sa yo ansanm mwen itilize plizyè liv atik jounal elt mwen gen pou m entèvyou 6 pwofesè ayisyen pwofesyonèl ki panse fèmman konsènan pwomosyon atitid pozitif sa a ke yo atann kòm kle amelyorasyon ak kreyativite pami elèv bileng yo se direktè pwogram bileng ayisyen nan se konferansye nan depatman espayòl se pandan te anseye syans sosyal pandan twazan nan pwogram bileng ayisyen yon ane franse ak espayòl nan ak nan apre tou twazyèm pwofesè ke m te kontakte se yon pwofesè lengwistik ak edikasyon bileng nan li se direktè nan pou an palan de pwofesè pandan l ap fè fas ak pwoblèm pwoblèm bileng nan gen pwoblèm tou nan non pwogram nan li deklare tout dokiman yo ekri an anglè li kontinye mouvman pou anseye sèlman an

anglè a bay yon reflè de nyaj politik ki nwasi diskisyon prensip pedagoji fondamantal ki aplike a tout timoun prensip sa yo sijere ke diferans kiltirèl yo kapab anpeche timoun k ap aprann si enstriksyon yo iyore diferans sa yo nou tout sipoze pase nan etap mantal sa yo tèlke pa egazanp bagay ki fèt espontaneman devinèt konstrikasyon mantal e estratejik chanjman mantal pwosede mantal e lòt ankò ki mande yon anbyans kote enstriksyon kiltirèl kapab pran pye pou kapab konprann edikasyon bagay sila yo e nati travay mantal sa yo timoun ki gen yon konpetans kiltirèl e lengwistik yo dwe bay timoun sa yo opòtinite itilize sa yo konnen an pwofesè mete plis anfas sou prensip say o lè l di prensip sa yo dwe deklare e aplike menmsi presiòn politik ak prejije rasyal ta tounen yon obstak kesyon pou kapab pwomote e edike elèv bileng yo nou bezwen materyèl èske ou panse nou gen ase materyèl pou ayisyen gen ase materyèl ke m wè mwen te achte kèk liv an ayiti donkkèk nan materyèl sa yo pa san pou san ale ak reyalyte elèv yo ap viv nan ka sa a sa ke mwen reyalyze sèke li esansyèl ke nou kreye materyèl ki ta kapab ede elèv pou wè yo menm k ap travay nan yon nouvellè direksyon pandan ke y ap viv nan sosyete a donk materyèl sa yo sipoze devlope selon bezwen lekòl la sa ke mwen wè se yon ekip anseyan ayisyen ki pou travay ansanm pou kapab devlope materyèl pou pwogram bileng lan nan lekòl boston yo mwen byen sousye de aktivite sa yo nan kèk vil nan eta pa egzanp nan vil cambridge ak gen kèk anseyan ki devlope materyèl pou klas yo kesyon eske li nòminal pou di ke gwoup ou mansyone yo ap travay pou founi liv pou tout vil yo kote ki gen pwogram pou ayisyen prou bon li twò bonè pou di ke gwoup sa yo byen estriktire pou preye materyèl pou vil kote ki gen pwogram ayisyen kounyeya gen volontè epitou priyorite a se nan tranzisyon an li ye nan korikilòm nan yo vle elèv yo aprann anglè radidopresto epitou mwen di ke pifò anseyan ayisyen ke nou genyen yo pa t resevwa yon trening adekwa pou kapab devlope materyèl pou kèk moun se premye fwa yo wè lang kreyòl la ap travay la menm gen yon limitasyon kesyon èske w vle di ke pwofesè ayisyen yo pa kalifye pou anseye kreyòl bon mwen pa ta di yo pa kalifye men yo fè trening diferan kèk ladan yo te resevwa yon trening pou anseye lekti donk lekti sa a se lekti anglè epitou mwen konnen ke gen yon atitid kont lang keyòl la donk pifò pwofesè pa konsidere lang kreyòl la kòm yon zouti fò pou itilize nan klas menmsi yo bay esplikasyon yo anseye an kreyòl men yo pa mete anfas sou lang kreyòl la pou ta anseye elèv yo l pou pwofesè yo lefèt ke yo konnen sa pwogram tranzisyonèl yo vleyo eseye itilize lang kreyòl la oralman pou kapab ede elèv fè tranzisyon an donk tout bagay ki genyen yon rapò ak lekti yo fè l an anglè yo itilize yon sistèm kote ou ka wè ke tranzisyon an fèt rapid donk pwogram nan se yon pwogram bileng oral ki fèt nan yon sèl lang yo itilize toude lang yo anglè kreyòl oralman sepandan lè y ap ekri yo itilize sèlman anglè kesyon ou mansyone pwogram ki ap kreye materyèl wi ge anpil materyèl pou nivo primè a ki te kreye an ayiti pandan ane 80 yo sepandan kèk nan materyèl sa yo pa itilize paske pwofesè yo pa abitye ak yo epitou mwen dwe di ke pa ankouraje pwofesè pou gade materyèl ayisyen yo donk apati pwen sa a nou kapab wè ke gen yon rate se pou sa pwogram nan mal ekipe nan ofis lan nou achte materyèl an kreyòl pou \$4 000 kòm ou kapab wè se pa ase nou gen diksyonè liv istwa men nou pa gen ase pou tout moun pafwa nou ta rekòmande liv men pwofesè yo refize itilize liv sa yo nou bezwen gade atitid pwofesè yo tou lè w ap gade pwofesè ak paran yo enfòmasyon nou jwenn sèke timoun yo se ameriken yo bezwen aprann nan materyèl anglè yo donk mwen pa nan klas la pafwa lè m vizite lekòl yo mwen obsève ke yo pa

itilize materyèl sa yo menmsi yo genyen materyèl an kreyòl men kèk nan pwofesè ayisyen yo eseye fè tout sa yo kapab pou kreye pwòp materyèl yo yo fè kopi pou elèv yo yon moun dwe konnen ke pwogram bileng lan se yon pwogram ki la pou l remède mwen kont tout sa edikasyon bileng gen yon bèl fondasyon donk pa gen kesyon pou prepare elèv yo pou antre nan yon pwogram regilye lè yon moun bileng li bileng pou lavi se yon ensil li ye pou moun ki bileng e pou elèv bileng an jeneral anseyan yo anba anpil presyon espesyalman anseyan bileng yo ki anseye lang natifnatal la direktè lekòl la pafwa tache nan kò yo pandan yo mande plis anglè nan saldeklas la pafwa yo mande yo pou itilize lang anglè a paske yo vle elèv yo aprann anglè a rapidopresto donk kèk nan pwofesè yo asepte sa kòm yon siksè lè yo yo di ane sa a kèk nan elèv mwen yo antre nan pwogram regilye an angle sèlman donk efò pou t a bay lang matènèl la plis pouvwa vin yon tounen yon bagay minim kesyon kisa ofis east zone nan fè pou kapab fè anseyan pwogram bileng yo sousye de sa k ap fèt pandan ke y ap fè esperyans y ap anseye elèv nan lang matènèl yo byenke nou gen atelye pou anseyan yo pou kapab ba yo pouvwa pou anseye pi byen pandan y ap itilize lang matènèl la apre yo retounen nan klas yo yo bliye tout bagay yo sot fè nan atelye yo yo kontinye ap anseye menm jan mwen dwe di pwosedi sa a pran tan se yon travay ti pa ti pa kèk nan anseyan yo vle eseye li yon moun dwe reyalize ke pwogram nan tounèf epitou nou bezwen gade ekip ke n ap itilize nan pwogram bileng yo espesyalman pwogram bileng ayisyen an pwofesè sa yo te resevwa yon trening nan peyi yo trening sa a se te pou anseye an afrik ak ayiti yo se bon edikatè sepandan yo pa entèprete reyalye anviwonman etazini an donk lè ou gade travay yo an amerik yo pa 100% konplè mwen swete ke kèk nan anseyan bileng ki resevwa yon trening ap nan milye sa a pou kapab mete vi nan pwosedi sa a donk mwen espere ke yo kapab mete tèt ansanm pou kapab kreye nouvo materyèl ki kapab itilize pa sèlman isit etazini men ayiti tou kesyon ki kalite materyèl ou ta renmen wè yo itilize nan ane k ap vini yo bon nan pwogram sa a pwogram bileng ayisyen an nou resevwa tout sòt elèv sa ki iletre sa ki iletre a mwaye sa ki konn ki ak ekri kèk nan elèv nou yo soti nan meyè lekòl prive nan peyi ayiti genyen ki vin etazini ak viza nan paspò yo kèk ladan yo pa t genyen papye legal nou bezwen materyèl sou tout dimansyon pou elèv ki byen ekipe yo pa gen okenn pwoblèm pou fè tranzisyon sa a men sa yo ki pa konn li ak ekri pa gen avantay kesyon kimoun ou panse ki responsab rate liv politik biwokrasi oubyen pwofesè non mwen ta di ke en anpil lòt bagay pa egzanp pwofesè yo pa enterese nan achte liv nan lang matènèl la pou elèv yo si yo gen pou achte liv yo ta pito achte liv fonik olye yo achte liv nan lang natifnatal la si ou mande yo pou achte liv istwa ayiti pou elèv yo yo ta di bon mwen gen yon kopi donk mwen pral fè kopi pou yo oubyen mwen pral ekri sou tablo a pou yo yo pa pral depanse kòb yo nan achte liv nan lang natifnatal la lè ou pale yo de liv yo panse ke liv ki enpòtan yo se liv matematik direktè pwogram bileng ayisyen an nan pale de prejije kòmman li manifeste nan kominote ayisyen an e nan lekòl pa moun kin an pèsònèl pwogram regilye a paran ak timoun kapab entèprete sa kòm yon konfli nan valè kiltirèl pito ke li vin yon filozofi byen pale e ki rasis tou souvan li manifeste nan yon espas kote moun yo angaje nan dyalog avèk moun ki genyen kilti diferan de yon lòt e anplis diferans lang e karaktè fizik yo tou selon theodat tip prejije sa a se yon prejije ki patikilyèman enpòtan pou konbat paske li ka anpeche anseyan e elèv devlope yon relasyon pèsònèl e etwat ke timoun bezwen pou vin aprann lang lekòl la dapre kèk nan

pwoblèm enpòtan nan pwogram bileng ayisyen an se elèv ki pa pale yon mo anglè gen tout liv yo an anglè anseyan bileng yo tou gen yon tandans pou bay espikasyon sèlman an anglè san okenn èd pou elèv yo nan lang matènèl yo li kontinye pou l esplike ke premye bi edikasyon bileng nan se pou ede elèv minorite lengwistik pou kapab atenn yon nivo avanse nan alfabetizasyon epi yo kapab aprann de enfòmasyon yo e devlope kalite mantal ke yo rele abilite pou kapab mete bagay yon an plas yo sa kapab fèt pi fasil atravè lang matènèl la epi li fasil pou transfere l a yon dezyèm lang deklare ke pou itilize lang matènèl la kreyòl nan kapasite ki posib la nan anviwonman lekòl la pou fasilite abilite timoun yo kapab devlope panes kritik e konesans kreyatif selon li rezon an sèke aranjman mantal sa a chita sou esperyans lengwistik e kiltirèl ke timoun yo toujou jwenn nan fwaye yo epi yo pote esperyans sa a nan lekòl la li kontinye di malerezman lekòl yo pa toujou genyen resous pou enstwi timoun yo nan pwòp lang yo men itilizasyon monitè yo ak kondisip elèv yo kapab ede anpil nan lekòl mwen an nou genyen kèk liv nan lang matènèl yo anseyan yo dwe fè pwòp tradiksyon yo tout sa rann li trè difisil pou anseyan bileng pwomote sa yo espere kòm nou ka wè yo vin fè de dyòb alafwa nan konpreyansyon pa m mwen aprann yon lesyon nan entèvyou ak la sètadi nati pwoblèm alfabetizasyon an ke minorite lengwistik yo konfwonte pran rasin li epitou li an rapò ak rate yon seri bagay tèlkòm konesans kit e devine pa anseyan ak moun k ap ekri liv pou sèvi kòm materyèl yo plis konesans timoun nan genyen nan kilti pa li e fason yo aplike l nan liv la kapab ede pèsònèl lekòl la ak liv pou itilize kòm tèks pou kapab bay plis aksè nan kontni lesan an ak sans li fè pou minorite pou evite estereyotip epi pou montre kapasite timoun yo gneyen pou aprann mwen reyalize ke kèk anseyan nan pwogram bileng yo pa sousye de materyèl ki disponib yo nan peyi sa a e an ayiti epitou yo pa eseye antre an kontak ak lòt anseyan ayisyen ki nan lòt lekòl piblik pale tou de plis tan ak fleksiblite anseyan nan pwogram bileng ayisyen yo bezwen pou kapab mete tèt yon an yon anviwonman nouvo kote konpòtman kapab genyen plizyè entèpretasyon ak esperyans ke y ap fè fas ak li chak jou nan lekòl kote yo ye ak nan kominote yo rete a gen siyifikasyon ak valè diferan kontinye pou l di ke anseyan yo kapab vin reyalize ke kèk nan elèv ki fèk rive etazini yo pa t genyen oken tip alfabetizasyon kèlkeswa epitou yo sipoze atann yon pwogrè lan ke kèk timoun ka montre pou kontinye bagay ki pi enpòtan an sèke yo pa dwe blame tèt yo an palan de anseyan ni tou yo dwe blame elèv yo lefèt ke yo montre yon enkonpetans oubyen yon rezilta negatif kontinye pou l di anseyan bileng yo kapab genyen yon enfliyans pou kreye oubyen devlope esperyans pozitif ki gen siksè nan lavi timoun nan lekòl dapre menmsi siksè a minim oubyen li pa egziste anseyan yo dwe genyen fèm asirans nan kapasite timoun yo ak fason anseyan an ankouraje pou l fè soti travay ke timoun yo ap fè a di menmsi anseyan pwogram bileng nan itilize ide sa yo chak jou sa mande anpil kreyasyon ak sa ke yo konfye ladan l piti piti avèk tan tout sakrifis sa yo ap gen merit deklare ke li konsyan de pwoblèm ke pwofesè bileng yo ap konfwonte li mansyone ke nan kèk lekòl piblik pa gen anpil asistan anseyan parapwofesyonèl li ajoute ke pwogram bileng nan sipoze gen yon sèten nonb elèv pa klas men pafwa nomb sa a ogmante paske gen nouvo elèv k ap antre nan pwogram lan pafwa anseyan yo jwenn elèv k ap vin nan klas yo tout tan menm nan fen ane eskolè a selon sa kreye yon tip dezakilib nan konesans epitou anseyans yo dwe pase plis tan ak elèv ki fèk parèt yo pafwa li trè fasil pou elèv yo fonksyone akoz laj yo ann pale de bwa ak fri ayiti kisa nou konnen de

bwa ak pyebwa an(n) ayiti kesyon sa a se pa pou bay yon ide de sa m konnen apwopo pyebwa ayiti toma toudabò mwen pa yon konesè nan zafè bwa ak pyebwa men mwen gen yon apresyasyon pou yo depi piti yo jwe yon gran wòl nan lavi m lè m te piti non sèlman paske m fèt alakanpay men m gade yo tou kòm tout sa ki te fè pati anviwonman kote m t ap viv la se ta yon kontantman estraòdinè pou mwen pou m ta pibliye yon rechèch konplè sou pyebwa ayiti mwen bese byen ba pou m retire chapo m devan tout otè ki te fè yon kout plim sou zafè pyebwa ayiti aktyèlman se youn nan gwo pwoblèm peyi nou ap travèse lè nou wè yo fin koupe bwa yo pou fè chabon yo koupe pyebwa ki bay fri pou moun manje tout pwoblèm sa yo vin ogmante sou pwoblèm ewozyon an ke peyi a ap sibi e sa koze lapli pa tonbe si pa gen lapli peyizan pa ka travay tè e jiskounye gouvènman yo pa kreye yon sistèm irigasyon atravè peyi a ki ta ede peyizan wouze tè èske se sous ak rivyè ke nou pa gen ditou nan peyi a pou fè baraj èske se enjenyè agonòm nou pa genyen èske se yon madichon nou genyen pou n pa janm avanse tankou lòt peyi an(n) ayiti nou chaje ak enjenyè agonòm men biwo tout chita nan kapital peyi a ki pa gen tè pou travay tout moun nan kapital la bezwen manje men bannann ak patat pa grandi pòtoprens li lè pou tout ayisyen pran konsyans de bezwen peyi a li lè pou yo mete tè ansanm pou yo tout panse a avni ayiti nan venteyinyèm syèk la pye mango pye mango bay mango pye manyo se youn nan pi bèl pyebwa nou yo gen plizyè tip mango ayiti mango abriko ariel batis blan fil fransik jeremi kanèl kòdòk kòn labich miska miskèt moulat po fen won elatriye meyè fason pou plante mango se pepinyè pou fè ak grenn mango yo apre yo fin sèk mango sot tonbe lè yo mi lè van ap vante mango mi tonbe gen moun ki monte yon pye mango pou yo ka manje mango lè ou monte yon pye mango ou souke kèk branch mango mango mi tonbe gen moun ki keyi mango ak wòch flonn avan mango mi li te vèt mango vèt pa tonbe gen plizyè fason pou manje mango ou ka manje l ak kouto kale l ak dan fè sousèt ak li mango fil ak mango kòn se mango ki pi fasil pou fè sousèt ak yo pou fè sousèt ak yon mango ou frape l sou yon bagay di jiskaske ou petri l li vin tankou yon manmèl w ap souse yo rele sa tètòt»tou nan lòt peyi yo fè ji sirèt savon avèk lòt pwodui ak mango si lakay te gen endistri nou ta ka fè bagay sa yo tou anpil mango konn gaspiye ayiti paske nou pa gen izin pou n ta fè yon bagay ak yo nan mwa jen jiyè moun jwenn anpil mango ayiti gen rejyon peyi a ki espesyalize nan kèk mango Jeremi gen yon repitasyon pou mango jeremi okap repite pou mango batis gonayiv repite pou madan fransik nan kapital la pòtoprens pa gen yon espesyalite paske moun pa kiltive nan kapital la men w ap jwenn anpil nan pye mango sa yo ke moun plante lakay yo pòtoprens se yon pwèn de rankont tou kote machann nan kat kwen peyi a vin vann mango sa yo anpil moun ki fèt nan kapital la vin konnen mango sa yo atravè machann yo lewogàn repite pou mango fransik ak mango miska mango miska a gen yon gou estraòdinè nanpwèn mango dous konsa po l fen li tou won lòt kote w ap jwenn mango fransik se laplèn n ap jwenn varyete mango sa yo ayiti abityela abriko dlo akòdò ameli anjèlik answa aryèl aselwi badyo bata batis bèf blan ble bonbe bonbon bonkira bosye bourik chalè chèl chilpiti datis dega di difonsèl disèl dite dlo dòf dosou doudous dyonn long dyonn won fal fann fanm blanch fil gèp gistav gra grenn bèf grenn si grenn toutou jan mari jenn jan gwo po jeremi jili kachiman kadril kafe kakadyab kakapoul kakòn kalite kan nan pwèn kanèl kanf kawòt kay kilns kòdòk kolèt kòn koton kou boutèy kountedi kowosòl labèl dayiti labichlakansyèl lakolo lanmidon lanni lapolis lasann lèt madan fransis madan jan magarèt

manchèt manmye mann ilè mari wòz menvil mesye fransis mi wòz mikayèl miska miss monben moulat nèt nimewo 11 p! a tout dyòl pak palmès panyòl paskal pè penn sik pit po fen po rèd porye potas poze papye prin remonsin sann sen michel sik simon sirèt tèmantin tete tete tifi tèton ti bèk ti bilon ti blak ti bòzò ti bwa ti bwason ti eme ti glise ti klo ti kouzin ti koyo ti lodat ti long ti loran ti mera ti michèl ti po rèd ti pwav ti sik ti sya ti wòz tifi toutou twò dous tyou bèf vedin vouzèt vyann vyolèt wozali yann yaya yil zabriko ze ze kodenn zege zès zilat zozon plant ak pyebwa tè dayiti pye labapen ak pye veritab ou wè yon labapen deja kijan li ye kikote ou te wè lè labapen mi li sot tonbe menm jan ak mango yo keyi labapen pou keyi labapen ou monte sou pye a ak yon gòl epi ou pike yo nan kòlèt gen moun ki keyi yo vèt san yo pa mi men yo rèk li pi bon lè yo keyi yo mi lè van ap vante labapen mi tonbe gen pye labapen ki wo anpil moun pa monte yo fasil chak maten gen moun an pwovens ki al anba pye labapen pou al wè si genyen ki tonbe pye labapen se yon bwa ki gen gwo fèy li sanble tèt koupe ak pye veritab pwovèb la di ou fèy manyòk sanble mapou men yo pa menm lè pye labapen ak pye veritab jenn fi yo sanble kou de gout dlo se lè yo fè pitit pou wè ke yo pa jimèl yo fè pepinyè ak grenn labapen pou al pike lòt kote grenn labapen jèmen labapen toujou gen yon seri ti pikan sou li yo ka pike moun lè yo vèt lè labapen an mi pikan sa yo mi tou donk yo pa pike moun (lam)veritab pa gen pikan sou li lòt diferans ant de sè sa yo tou se nan fèy yo fèy (lam)veritab pi mens ke fèy labapen epi l fann plis pye labapen se yon bwa ki renmen libète l tandiske pye veritab renmen makrèl yon pye veritab gen dwa pouse lòt ti pye veritab ozalantou l espesyalman lè yo koupe rasin nan yon kote veritab pa gen grenn menm jan ak labapen donk yo di grenn labapen yo pa di grenn veritab se rasin pye veritab la yo plante ou koupe pou l kapab repwodui kijan yo manje labapen yo bouyi boukannen labapen anba sann cho lè yo bouyi l yo mete sèl ladan pou ba l bon gou tandiske lè yo boukannen l yo pa mete sèl ladan pou manje labapen bouyi ou kale retire l nan sak ki vlope l la pou kapab pran grenn nan lè li fin bouyi ou kale grenn lan pou retire ekay ki kouvri l la po sa a di menm apre lè li fin bouyi oswa boukannen machann labapen konn pase yo solèy avan yo bouyi yo se yon fason pou yo pa gate vit labapen pa gen sezon espesyal li donner pou manje (lam)veritab oubyen ou kapab bouyi l fri l oswa boukannen l veritab gen bonjan vitamin ladan gen kote yo fè tonmtonm ak li machann fritay pòtoprens fri l pou vann ak lòt fridòdòy yo bay veritab ti non jwèt sa a vip pip kale bouyi sa vle di depi l tonbe pa gen pèdi tan se kale mete l bouyi tè plèn tankou lewogàn bay anpil veritab gen moun ki angrese kochon ak veritab yo itilize gonm labapen ak veritab tou timoun ki renmen kenbe zwazo tann pèplen pou yo ak gonm lan kijan yo fè sa yo pike pyebwa a epi l bay yon lèt blanch epè yo mete lèt sa a nan yon ti mamit oswa nan yon ti kwi yo bouyi l epi l vin tou nwa yo pran gonm sa a yo mete l sou branch bwa kote zwazo yo poze depi pye yo pase sou li y ap kole yo p ap ka vole pye yo pran zèl yo pran tou lòt bagay yo fè ak gonm sa a se anlak pou leve biskèt moun ki tonbe anlak sa a konn grate kou pwagrate anlak la tonbe pou kò l si moun lan mouye l souvan l ap dekole san lè l poko rive li gen yon sant makawon tou youn nan konèsè sou zafè bwa rapòte ke sè sa yo antre ayiti nan ane 1788 nan zòn lenbe pa yon sèten pawoli pye labapen sanble ak pye veritab men yo pa menm pye zaboka pye zaboka se yon bèl pyebwa ki gen bèl fèy men gen plizyè tip zaboka menm jan gen plizyè tip mango gen rejyon ayiti ki espesyalize yo nan kèk tip prensipal ki tip zaboka ki pi repite kote w soti a pou plante zaboka ou kapab

fè pepinyè ak grenn zaboka pou al plante lòt kote pa konfonn avoka ak zaboka yo chak defann koze pa yo zaboka kapab defann ou devan mayi moulen patat kasav bobori avoka ka defann ou nan tribunal pou yon kòz oubyen yon bagay ke yo akize ou yo manje zaboka mi lè zaboka mi sou pye yo konn sot tonbe lè van ap vante zaboka mi tonbe yo keyi zaboka ki rèk yo toufe yo pou yo ka vin mi kabrit chen ak kochon se twa bèt ayiti ki pi renmen zaboka yo angrese kochon ak zaboka tou yo konsève grenn zaboka pou bay kochon ak kabrit manje lè gen rate manje pou bèt yo yo itilize zaboka tou nan lòt peyi pou fè pomad pou cheve ak grès defann mwen m ap defann ou zaboka lè m ap tranche w bouch mwen kouri dlo mwen p ap pale sèlman de zaboka dlo men tout lòt zaboka mi zaboka mi se ou ki defansè m devan mesye sa yo patat kasav bobori kabich ak mayi moulen defann mwen devan yo pou m pa wont menm jan konpè chat te wont apre malonnèt konpè chen te fè l anba pye ou mèkredi granmmaten defann mwen zaboka pou sizanka kasav ta kwoke nan gòj mwen defann mwen pou sizanka chen kabrit ak kochon ta atake ou pou m ka pran pou ou mwen konnen kòman yo damou pou ou lè yo jwenn ou yo ka devore ou tèlman yo swaf ou mwen jalou de ou menm jan chen pa ta renmen chat pran ou defann mwen zaboka m ap defann ou tou silvouplè defann mwen devan mayi boukannen pye kokoye pye kokoye bay fri ki rele kokoye oswa kòk moun bwè dlo kòk yo manje nannan kòkoye lè kokoye a pa rèk yo manje l yo rele sa nannan nannan kokoye bon anpil ak kasav oswa bobori yo manje kokoye rèk ak kasav pen oswa bobori yo graje kokoye pou kapab pran ji a yo mete ji a nan manje tèlke mayi moulen yo fè kremas avè l nan peyi etranje yo itilize kokoye pou fè anpil pwodui tèlke lwil grès pomad pou po meyè fason pou keyi kokoye se monte pou monte pye a ou rache l nan grap li ou gendwa rache grap la nèt depan de wotè pye kokoye a ou ka pa fè anpil efò pou keyi l gen pye kokoye ki wo anpil gen kokoye basèt tou kokoye damyen yo gen yon repitasyon pou wotè yo tèlman yo kout selon wotè ou ou gendwa pa menm monte pye a pou keyi kokoye si l ta yon ti jan wo ou gendwa keyi l ak yon gòl tout fri ki vin nan grap gen yon kòlèt si ou kase kòlèt la l ap tonbe kokoye se yon fri ki chich li pa tonbe atè se keyi pou keyi l lè yo di yon moun kokoye sa vle di yon moun kourèd yon moun chich yon peng se yon danje pou moun rete anba pye kokoye lè y ap keyi l si pa malè li ta tonbe sou tèt yon moun pa gen lavi pou li ankò yo fè tonnèl ak fèy kokoye gen anpil kote andeyò ki gen tonnèl anpil moun fè tonnèl pou frechè lè li fè cho yo pa rete andedan kay la tout moun anba tonnèl kare (kage) chèz yo ap pran ti van lè moun mouri tou an pwovens yo monte tonnèl pafwa se anba tonnèl la moun ap jwe zo domino bwè gwòg bay istwa pandan veye a apre nevyèm (nevèn) yo kraze tonnèl la yo fè tonnèl tou pou rezen ak joumou donner rezen ak joumou renmen detire dodomeya kò yo gen flè ki renmen blayi kò yo sou tonnèl tou yo toujou di pye kokoye se bwa ki rale loray donk lè loray ap gwonde pa rete anba pye kokoye pwovèb ou pa janm konn kot dlo pase li antre nan kokoye kilti yo fè pepinyè kokoye pou al plante lòt kote nègès ki fè bote rivaj mwen yo pa gen konparezon ak bèl fèy ou byenke palmis ap taye banda l tou ou fè bote lanmè karayib la ou fè bote rivaj mwen yo fèy ou yo bèl yo gen yon koulè dore pafwa ou panche yon jan pou m manyen cheve w pou m jwe ak krenyè w nègès bèl kreyè m renmen koupe cheve w pou sèvi m parasòl fèy tòl pa ka wè la lè m bwè dlo w li rafrech ki m li koupe swaf mwen anba tonnèl mwen ou batay ak solèy la pou mwen pou l pa frape m o kokoye! m ta koupe w chak jou pou m manje nannan w pou desann chalè m pou rafrech ki m m ta graje w chak

jou pou m souse w prije w pou ti kremas mwen pye kokoye bèl nègès k ap taye banda l lè van ap vante pou l fè palmis fè jalouzi nègès chich nègès ki p ap bay konsa konsa men se pran pou pran poutèt sa m pral monte sou ou m ap degrape w koupe w epi m manje nannan w pye palmis menmsi ayisyen pa konn tout pyebwa ki gen ayiti men yo tout wè yon pye palmis sou lajan peyi a ak sou drapo bikolò a anpil fwa lè y ap fè paryaj ayiti yo pran yon senk kòb voye l anlè gen moun ki parye sou tonton genyen ki parye sou palmis nan drapo ble e wouj desalin lan nou wè yon pye palmis kanpe tou drèt kou lakrètapyewo palmis se yon bwa ki reprezante libète pou nou pa gen pyebwa ki ka fè konpetisyon ak palmis nan wotè palmis se yon bwa ki renmen libète l li toujou pou kò l li domine peyizaj la anpil zwazo poze sou palmis oubyen pye palmis pou manje grenn palmis anpil ranmye renmen manje grenn palmis donk anpil fwa yo poze sou pye palmis pou manje grenn nan gen anpil zwazo ki renmen fè nich yo nan pye palmis gen moun ki panse bèt yo pa gen lespri poukisa yon zwazo al fè nich li nan yon pye palmis mwen ta di pou plis sekirite paske palmis se yon bwa ki wo se pa yon pyebwa moun pral monte fasil pou deniche nich yo palmis gen fèy long ki ta vle sanble ak fèy kokoye men fèy sa yo pa dore yo gen koulè ble palmis se fanmi ak pye kokoye menm jan pye labapen se fanmi ak pye veritab nouriti yo manje chou palmis li bon anpil kòm legim se pa yon bagay ou jwenn souvan itilizasyon yo koupe palmis pou fè planch pou klise kay an pwovens palmis se yon gwo pyebwa li gen gwo twon diferan de pye kokoye se youn nan rezon ki fè yo pa monte l souvan lòt rezon an sèke li pa bay fri pou manje palmis bay bèl tach ou poko janm kouche sou yon tach frèch lè chalè moun konn kouche sou tach pou frechè lè tach la mi li sot tonbe pou kò l gen kote an pwovens moun itilize tach pou kouvri kounouk yo yo konn bare kounouk ak li pou pwoteje l kont van ak lapli yo konn pyese twou kay pay ki koule ak li yo bay kochon grenn palmis la manje tou dimanch ramo se yon dimanch kote anpil katolik achte branch ramo yo mare l nan ponyèt yo oubyen yo fè ti goumèt ak li se yon senbòl an souvni jèzikri lè l te antre triyonfalman nan vil jèzalizèm yon semèn avan l mouri ou konn kote ramo soti se ti fèy ki fè pati kè palmis la oubyen flèch palmis la ki pwente ap gade lesyèl moun koupe palmis la avan dimanch ramo pou kapab itilize oubyen vann ti fèy espesyal sa yo avan dimanch ramo se nan epòk sa a moun jwenn chou palmis la pi fasil pou manje Kilti yo fè pepinyè ak grenn palmis pou al plante lòt kote men pifò pye palmis ayiti yo se nan bouch zwazo grenn yo sot tonbe epi yo leve donk zwazo yo fè anpil bagay nou pa fè pyebwa libète palmis mwen konnen poukisa ou fyè konsa ou se senbòl libète se sa k fè ou toujou nan tire pye ak pye kokoye palmis tout lòt pyebwa yo konnen ou kòm bwapiwo grennpwonmennen ou wè tout bagay ou konn tout sa k ap pase mwen renmen parye sou ou mwen pa renmen parye sou tonton anpil se magouyè dyòl bòkyè malveyan grandan gouloupya yo pa t gouden pou libète men ou te kanpe dyanm sou tè desalin ak tousen depi anvan 1804 palmis ou kanpe drèt kou lakrètapyewo ap fikse lesyèl ou kanpe drèt tankou chalmayperal ou fè m sonje ewo nou yo lè m gade w m ta renmen tout ayisyen fyè tankou w lib tankou w menm jan ou gen libète ou pami lòt pyebwa yo m ap parye sou ou m p ap parye sou tonton tonton ka blofe m mwen pi fè branch ou yo konfyans menm jan zwazo yo fè yo konfyans pou pa deniche yo pye kayimit ou wè yon pye kayimit deja se yon pyebwa ki gen fèy koulè bwonz oubyen vyolèt pye kayimit se yon pyebwa ki chich anpil li pa tonbe menm jan ak mango menm lè kayimit mi li p ap tonbe li pito rete seche nan branch li se yon chichadò menm

jan ak kokoye ou monte pye kayimit pou keyi kayimit lè yo vèt yo gen yon gonm ladan yon sòt lèt menm koulè ak lèt labapen oswa veritab li gen gou rak lè l mi gen yon ti gonm ki ka kole nan moustach moun kayimit vyolèt se kayimit ki pi popilè ayiti se pa yon fri ki di lè l mi ou annik peze l epi nannan l ouvè li bay yon ji ki dous kayimit mawon kòm non an endike se pa yon kayimit w ap jwenn souvan menm jan ak vyolèt la w ap jwenn kayimit mawon nan bwa nan mòn ranmye se yon zwazo ki renmen grenn kayimit anpil fwa ou wè yo sou pye kayimit anba pye kayimit dèyè grenn pwovèb mizè fè chen monte kayimit fanm marabou jansiv vyolèt cheve ou fè lonbray pou mwen bèl ranmye koulè dore je chandèl vin poze sou bra ou yo pou chache lavi bèl marabou se ou menm ki te prete wa kristòf parasol ou pou l pare solèy pou l te chita pran repo lè enkyetid te anvayi kè l marabou bèl po po vlou po fen ou pa tonbe pou okenn nèg ki damou tèlman ou konnen w bèl tèlman ou gen ògèy men malgre tou ou fè bote lakou kòm fanm marabou lè van ap vante kè ou pa sote ou kanpe dyanm paske ou konnen ou p ap tonbe pye sapoti ou pa janm wè yon pye sapoti lè m ap pale de dousè fri yo mwen pa ta renmen di se sapoti ki pi dous nan tout lòt fri ta fè twòp jalouzi men kanta dous sapoti dous tout bon mwen pa konn sa chovsouri yo panse sapoti pa yon fri ki onnèt menm jan ak kèk lòt fri fòk ou fè efò pou keyi l pou keyi l tou sa pa fasil pafwa fwomi ap monte desann paske anpil fwa yo gen nich yo anlè a fèy yo toufe e pafwa gen bonjan nich gèp nan fèy yo ki ka bobo yon nèg santi bon koute chè donk ou pa jwenn sapoti atè menm jan ak mango se pa yon fri ki gwo li pi piti ke kayimit li won anpil fwa yo keyi sapoti yo mete yo toufe pou ka vin mi yo gen po fen yon po jòn yon sant agreyab epi se koupe dwèt li fasil pou kale yo ak kouto sapoti ou dous se pa lwanj m ap fè pou ou pou pa vin ògeye men ou dous anpil malgre ou chich mwen p ap kite lòt fri tande sa pou evite jalouzi kit ou dikini kit ou jakmèl se menm manmèl menm dousè menmman parèyman mwen pa bezwen konnen si ou te soti jamayik oubyen ziltik yon sèl bagay m wè w tout kote ayiti m ta mòde w tranche w woule w nan men m anvan m manje w pye kachiman ou wè yon pye kachiman deja se pa yon fri ki tèlman popilè ayiti menm jan ak mango se yon fri won prèske menm gwo ak kayimit yo konn keyi yo mi sou pye yo konn toufe yo tou pou vin mi gen yon tip kachiman ki rele kachiman tyèbèk kisa ki fè yo parèt yon ti jan diferan de kachiman regilye yo kachiman tyèbèk gen yon seri ti boul oval sou li lè l mi ou gendwa rache chak ti boul sa yo pou manje jiskaske ou jwenn nannan an kachiman tyèbèk gen yon koulè gri epi pwen ti boul yo kòmmanse vin nwa lè l ap mi kachiman regilye vin woz tankou yon flanman woz lè l mi yo fè ji pou bwè ak kachiman se yon bwa ou jwenn pa aza timoun ayiti ak elèv lekòl se fouyapòt nan bwa donk li fasil pou yon timoun konnen kote ki gen yon pye kachiman nan zòn lan desè yo gendwa manje kachiman ak kiyè men se yon pwoblèm pou moun timad ak moun afre fè nan sosyete paske tanzantan fò ou ap krache grenn lan kilti bon pa gen reyèlman yon kilti kachiman menm jan gen yon lòt kèk fri yo kapab fè pepinyè ak grenn yo pou al plante lòt kote itilizasyon moun ki fè remèd fèy konn enpòtans fèy kachiman li bon pou foulay lè yon moun foule nan pye yo konn bouyi fèy kachiman mare sou li ak mayi moulen cho pou dezanfle l lè m monte yon pye kachiman pye kachiman se pa yon bwa m monte fasil paske m pa wè l fasil men m kirye de tout pyebwa pou m wè sa k la lè m jwenn yon pye kachiman pa aza fò m gade sa k ladan m bezwen konnen si se kachiman tyèbèk si se lachin menmsi m pa jwenn kachiman m p ap fache petèt m ka jwenn kèk nich pou m deniche nich kit nich toutrèl nich madansara eksetera era lè yon bouk kabrit kouri

dèyè m pou pye kachiman ka sove m se sou li m monte pou m al kache jouktan kabrit la ale lè m tonbe sou pye m oubyen lè m foule pye m m ap monte yon pye kachiman pou m degrape fèy mare sou li pou defoule l pye kachiman se pa yon bwa m monte souvan pye kakawo pye kakawo renmen frechè se yon ti pyebwa ki renmen konpay li renmen lòt pyebwa prete l parasòl yo pou l ka pare solèy pou van pa anmègde l petèt se paske l piti a pye kakawo se yon bèl ti pyebwa fèy li byen soup byen laj pandan premye ane a li fleri lòt ane li kòmanse pote fri grenn kakawo a fèmen nan yon sòt kapsil lè kakawo a bon yo mete l nan solèy pou l seche apre l fin seche yo ka vann li nan mache vann li ak espekilatè menm jan ak kafe se yon danre ki bay kòb lewogàn se youn nan rejyon ayiti kote yo te konn kiltive l lontan men ak gwo pwoblèm agrikilti kilti kakawo vin neglije kesyon e konpreyansyon poukisa yo koupe pyebwa ayiti ki dezavantay sa genyen lè yo koupe pyebwa kijan ou panse yo kapab pwoteje pyebwa yo konbyen tip mango ou konnen ki pwodui yo kapab fè ak mango ki tip mango ou jwenn okap lewogàn jeremi gonayiv esplike fraz sa a lè pye labapen ak pye veritab jenn fi yo sanble kou de gout dlo se lè yo fè pitit pou wè yo pa jimèl kijan yo plante labapen ak veritab kijan yo manje labapen poukisa yo bay veritab ti non jwèt sa a vip vip kale bouyi ou renmen manje akòdeyon kisa yo fè ak gonm labapen veritab ki pwodui yo ka fè ak zaboka site twa animal ki renmen zaboka ak kisa ou prefere manje zaboka ak kasav mayi boukannen oubyen mayi moulen ki diferans ki genyen ant yon zaboka ak yon avoka ki pwodui yo fè ak kokoye kòman yo keyi kokoye kisa yon moun kokoye vle di kisa yo fè ak fèy kokoye kisa pye palmis reprezante pou ayisyen nan ki epòk moun jwenn anpil chou palmis ayiti kisa yo fè ak tach palmis ki koulè fèy kayimit ki zwazo ki renmen manje grenn kayimit an palan de kayimit esplike metafò sa a se ou menm ki te prete wa kristòf parasòl ou pou l te pare solèy kijan e ki gwochè yon sapoti ye site twa pyebwa ki chich dekri kachiman tyèbèk kisa yo fè ak fèy kachiman dyalòg sou rebwazman an(n) ayiti li enpòtan nan tan sa a pou nou pale plis sou afè rebwazman an nou te pale de sa oparavan kote ou te di solisyon pwoblèm nan dwe kòmanse ak refòm agrikilti a mwen klèman dakò avèk ou bon mwen pale sou sa deja atravè atik mwen yo ki disponib sou entènèt la ak nan nouvo roman mwen an ki gen pou soti avan lontan men kounyeya nou dwe gade pwoblèm rebwazman an kòm yon priyorite sa fè dezyèm fwa nan ane a ke lavalas koze anpil moun mouri nan peyi a afè lavalas sa a hm bon globalman sa ta dwe youn nan faz refòm agrikilti a si tout fwa ta vin gen gouvènman serye ki ta panche sou sa kòm mesye yo se monte sou pouvwa ki enterese yo plis pase rezoud pwoblèm peyi a donk se sa k fè peyi a kontinye ap sibi tout kriz sa yo nou dwe jwenn yon solisyon pou kapab rezoud pwoblèm sa a solisyon an se nan men moun ki sou pouvwa li ye pa nan men endividi ni nan men ti òganizasyon ong toutotan gouvènman pa pran an men pwoblèm peyi a pou kòmanse jete baz enfrastrikti nan tout nivo n ap kontinye pale jouk lan 3000 epi ayiti ap rete jan l ye a mwen trè pratik nan tout sa m ap fè kote m toujou montre teyori ak pratik alafwa mesye lidè yo konnen pwoblèm peyi a men kesyon ke n ka poze se èske yo vle eseye solisyon yo ak tip mantalite n ap gade yo kòm mwen te mande ou oparavan si ou pa konnen oken òganizasyon afè òganizasyon ong patati patata se pa sa ki kle koze a men li enpòtan pou gen òganizasyon nou bezwen gouvènman ki pou monte epi kòmanse jete baz enfrastrikti nan tout nivo gouvènman ki montre yo vle travay nan kad devlopman ayiti ki envite pèp la ak dyaspora a de vrè zèl zwazo a nan gran konbit sa a vin nan radyo dyalog ak pèp la

chak mwa pou wè posiblite yo sa k ka fèt piti kou l ye se sa yo rele lidèchip nou bezwen yon gid yon antrenè pou gide nou sou tout ang lè pa gen gid pèp la gaye e bagay yo gaye tou nou menm endividi nou kapab jis dyaloge pale an gwo de pwoblèm yo pase nou viv yo chak jou men se moun ki gen rèn pouvwa a nan men yo ki ka fè defè e refè yon seri bagay globalman nou ka di volonte politik li yon gabay li poko egziste lakay anpil lidè ayisyen sou koze rebwazman an repons ou an pa t espesifik (klè) men ta sanble pa gen oken òganizasyon ki egziste e ki ap travay sou domèn sa a repons mwen toujou klè men sanble se ou k ta mal entèprete l wi te gen kèk òganizasyon si w al fè rechèch lajan ki gaspiye pase lè w ap dirije yon ong fò k gen literati k fèt fòk gen bri zèl sapat ki fèt men lè leta ki alatèt pa pran anyen oserye donk pa gen gid se lave men siye atè fè laviwonn dede sa nou bezwen se yon leta konsyan youn ki ka pale ak pèp la dyaloge ak li (nan lang li) tanzantan di l men sa k ap eseye fèt envite l kolabore pou l wè l jwe yon wòl enpòtan edike l sou tout pwen jete yon seri baz ouvè dyalòg pou wè sa k ka fèt nan yon tan kout epi fè yon jan pou leta k ap vini annapre kontinye travay ki ta kòmanse yo anpil fwa nan istwa ayiti lè yon gouvènman ale nou wè se kraze yo kraze sa l fè toujou gen yon dechoukay nou p ap viv nan epòk koupe tèt boule kay ankò men nou nan venteyinyèm syèk yon syèk eklerab mwen pa dakò ak sa kraze brize lè yon lidè ale fòk lidè politik ki sou teren an edikatè jounalis moun save tout moun ki ka fè eklerasyon edike pèp la sou sa pase se peyi a menm yo detwi lè sa fèt se bagay ki te ka ede yo detwi nou ka pran yon dènye egzanp semèn avan 29 fevriye 2004 tout deblozay kraze brize ki te genyen bagay ki pou ede pèp la epi l ap detwi yo poukisa li pa t gen lidè pou di l non sa pa bon donk li soufri anfenkont men yon soufrans ke li menm kreye nòt sa a kontinye diskisyon ke nou t ap fè sou dòmen rebwazman an avèk enpòtans li m ap tann repons ou an(n) atandan al li sezon sechrès ayiti (premyè vèsyon an pase lòt vèsyon yo alman fransè italyen japonè olanndè panyòl papyamennto ris swahili ap baze sou vèsyon anglè a ki pi long ki gen plis detay tou fen dezyèm pati 1e oktòb 2004 mwen suiv entèvansyon w o sijè ayiti sitou pledwaye w fè pou agrilkiti ak enterè mèsè dèske w ap suiv sa de prè menm lè mwen dakò otosifizans alimantè se yon kondisyon sine qua non sepandan mwen rete konvenki chimen devlopman ayiti se pa agrikilti bon nou lib pou n panse jan pa nou vle twoke lide tout sa fè pati pati demokrasi men pou mwen agrikilti a se ta youn nan kle devlopman ayiti depi n piti yo di n ke ayiti se yon peyi agrikòl reyalite a sèke se agrikilti ki ta sous ekonomik gwo pousantaj moun an(n) ayiti depi lontan kijan nan yon peyi kouwè ayiti si tout fwa ta vin kèk gouvènman serye ki gen nen nan figi pral fè yon bagay nan devlopman epi pou ta kite agrikilti dèyè kisa ki fè majorite peyizan kite pwovens yo kisa k fè anpil peyizan ayisyen pral koupe kann sendomeng depi digdantan lontan se te kiba donk ou pa panse si te gen bonjan agrikilti an(n) ayiti ke moun sa yo pa t ap rete travay nan peyi a epi vwayaje kou touris mwen pa kwè peyizan nou yo parese ni tou se pou plezi y ap riskte vi yo nan pran kanntè okontrè yo damou pou aktivite travay latè men èske yo jwenn sifizamman tè pou travay dlo pou wouze tè èske yo jwenn zouti pou travay latè tout bon èske nou ko gen yon gouvènman ki pou di bon nou pral achte yon seri zouti traktè angrè anfen tout sa ou te ka panse nan akrikilti modèn pou ede peyizan epi yo ta peye lè rekòt bon pa bliye tou nan agrikilti elvay bèt antre ladan mwen mansyone enpòtans pou retou kochon kreyòl yo pase se yon konbinezon matyavèl etazini ak gouvènman popetwèl ane 80 yo ki detwi yo yon fason pou te detwi ekonomi peyizan epi

mete ayiti nan yon sitiyasyon depandans ekonomik yon fason pou fè fmi kontan lè pa gen gid bagay yo gaye tou wi nou pa t gen yon gouvènman ki pou ta di bon n ap panse a ki mezi k ka pran pou konbat lafyèv pòsin nan olye pou n ta detwi tout ras kochon kreyèl yo donk tonton sam di lidè popetwèl ayisyen apwouve pito devlopman ayiti dwe pase pa rechèch e devlopman e edikasyon e fòmasyon nan ekoloji e byodivèsite poudi nou ta renmen al fè yon lòt 200 ane ap fè rechèch devlopman pou ayiti adye wi dan se kòm si majorite ayisyen ayiti pa ta konprann pwoblèm peyi a yo avèg kriz y ap viv chak jou bondye mete mwen envite w li si m ta vle pèdi tan pou m ta ba w referans rechèch ki fèt deja donk ou ta pral di genlè lidè ayisyen soud sou koze a rechèch e devlopman si m pa twonpe m la a sanble ou ta vle mansyone teyori e pratik donk teyori yo fèt deja an tèm rechèch men nan kad pratik devlopman kesyon n ka poze se kilès ki pral mete yo an(n) aplikasyon repons lan se leta ki konsyan lè n di leta ak kalifikatif sa a dèyè l sa enplike yon dal bagay yo konnen pwoblèm yo yo konnen kritik yo yo konnen enfluyans pwoblèm yo sou peyi a yo pral jete yon seri baz ke gouvènman annapre dwe suiv yo pral konsyantize pèp la yo pral edike popilasyon an pa panse mwen kite edikasyon dèyè nan gran deba sa a pa ditou! e pa bliye mwen se youn nan edikatè ki sousye de pwoblèm edikasyon an(n) ayiti e ki depi 15 lane ap eseye pote kolaborasyon m atravè liv mwen ekri liv mwen voye fè librerri kado liv mwen fè pwofesè chèchè kado dokiman mwen layite sou entènèt la patisipasyon m nan plizyè fowòm ayisyen kou etranje ki an rapò ak ayiti prezantasyon m nan konferans entèvyou mwen bay pase mwen kwè tou nan aksyon endividyèl chak moun dwe pote kontribisyon pa yo tou nan devlopman ayiti menmsi y ap fè yon travay kolektif alafwa donk mwen toutjou wè edikasyon alagrandefouyo nan tout bagay pou ayiti edikasyon pa vle di sèlman konn li konn ekri pale franse jan anpil ayisyen atribye l pafwa men bon sans tou nan tout bagay rezon an senp e evidan paske se nan chèche rezoud pwoblèm natirèl ki jounen jodiya koze gwo dega pami majorite mas pòv yo kijan ou esplike sa nou ap rive devlope e transfòmè konesans e pratik an teknoloji m pa fin wè klè nan fraz sa a non petèt ou ka fè yon rale sou li pou m wè egzaktteman kote w ye an verite jesyon anviwonman se sèl kritè tonton price-mars di ki detèmine entèlijans yon pèp bon jesyon pa jis rete l fèt konsa gen yon seri mezi ki dwe pran e leta an premye responsab sa epi mete sou pye mwayen pou edike popilasyon an sou sa mwen menm etan ekri chènchè kritik mwen pa ka jis kondi yon djip atravè ayiti pou m al di moun pa koupe pye bwa pa fè chabon pa lage fatra la a pa kaka nan dlo moun ap bwè plante bwa tout kote plante pyebwa ki pote fri plante pit nan tè arid yo plante vetivè tèl kote fè pepinyè gayak fè pepinyè kajou anfen tout bèl bagay nou te ka reve pou pwoteje anviwonman an sèdike se vre nou ka dialoge sou pwoblèm yo etan endividèl nou ka brase twoke lide nou ka vin sou fowòm pou fè majorite moun pran konsyans de pwoblèm epi yon jan yon lòt wè kisa k ka fèt pou pote tout revandikasyon sa yo bay leta jodiya lè n ap gade nan ki eta malpwòpte e delabreman ayisyen ap viv nou andwa konkli lanati plase yon defi sou chimen ayisyen mwen menm mwen pa ta rann lanati responsab mwen pa di pou otan ou rann li responsab nonplis men mwen kwè ke li lè li tan pou koze sa yo pale nan radyo televizyon sou fowòm nan dyaspora a òganize gwoup pou fè seiminè tou pou montre yo preyokipe de pwoblèm yo se pito yon defi pou leta ayisyen pase lè n gade nou wè politisyen aisyen fè 10 sou dis nan pale anpil 0 mare nan ren pou fè aksyon pozitif retabli ekilib ant anviwonman e nou menm osnon sibi dezast denigremant e tansyon

sosyal yon bèl fraz e tout sa m di yo se yon fason pou n pran konsyans pou fè sa e leta an premye kòm majò jon nou wè ase dezas ki sot ane sa a premyèman dezas politik dezyèmman dezas natirèl men dezas natirèl sa a soti nan travay ke leta ayisyen pa t fè kisa m vle di pa sa èske yo siveye kote moun ap bati kote moun pa ta dwe bati kanalizasyon pou fè dlo al fè wout yo nan lanmè pou pa touye moun m pa konnen si w jete yon koudèy sou vil fonvèrèt sou entènèt la men se nan yon vale vil la konstwi epi pa gen okenn kanalizasyon pou bay dlo wout li kesyon n ka poze se èske leta ayisyen pa ta koupab nan koze sa a hm (fen) peyi m rele ayiti yon rezime istwa ayiti soti epòk kolonyal rive an mo ayiti a se yon mo ki soti nan lang endyen1 ki te rete sou teritwa sa a nan tan lontan mo sa a vle di kote ki gen anpil mòn kote ki bèl se endyen yo ki te premye rete ayiti espayòl yo se premye pèp ewopeyen ki vin rete ayiti yo te poze lapat sou tè sa a epi reklame l kòm tè pa yo kristòf kolon se youn nan preye ewopeyen ki te pile tè ayiti kolon te fèt nan peyi itali nan yon vil ki rele jèn li te ateri ayiti nan dat 5 oktòb 1492 pafwa lè n ap li istwa ayiti yo di n se nonm sa a ki te dekouvri ayiti nan jounen jodiya gen anpil klarifikasyon n dwe fè nan sa moun ap ekri sitou sou koze istwa kolon te ateri ayiti pa aksidan se nan peyi zend li ta prale li pèdi wout li epi l chwe ayiti ayiti vin tounen yon koloni espayòl kolon ak lòt ekip espayòl ki te avè l reklame tè sa a kòm yon koloni pou peyi espay yon koloni se yon tè oubyen yon andwa yon lòt peyi reklame kòm pa l anpil fwa se ak fòs ponyèt sa fèt pafwa se kapab apre yon lagè ant 2 peyi youn nan peyi sa yo pèdi epi sa k genyen an ka vin reklame teritwa peyi pèdan an te genyen apre trete ki vin siyen antre yo dabitid lè yon peyi kolonize yon kote kolonizatè yo fè krim anpil zak malonnèt yo touye pitit natifnatal andwa sa a fè kadejak sou fanm yo ak anpil lòt krim espayòl yo te fè jan de krim sa yo tou lè ayiti te koloni espay o depa endyen yo te byen resevwa espayòl yo yo panse se yon seri moun ki te sot nan syèl endyen yo te ede yo ba yo manje adòmi ak laswenyay endyen yo te parèt non sèlman inosan oubyen nayiv pou espayòl yo men tou espayòl yo panse yo te enbesil yo panse yo te siperyè a yo menm konsa yo te kòmanse esplwate yo depi a jiska z espayòl yo te kòmanse fè lagè ak yo touye yo kote yo te rive detwi prèske tout plan endyen ayiti sa k pa t gen tan mouri te gen chans kraze rak y al kache byen lwen nan mòn kasik anri se youn nan chèf endyen ki te reziste kont espayòl yo istwa ayiti mansyone youn nan bèl rèn endyen yo rèn sa a te rele anakawona li te fanm kasik kawonabo rèn sa a te gen yon bote estraòdinè fox tree youn nan gran pent endyen ameriken k ap nan eta pentire anpil bèl tablo sou istwa endyen youn nan chedèv li yo se yon tablo sou rèn anakawona panyòl yo te rive tann yon anbiskad pou rèn anakawona dabitid endyen yo te konn òganize yon seri fèt kiltirèl pou espayòl yo espayòl yo pran menm woulib la tou pou yo te òganize yon fèt pou rèn anakawona se nan fèt sa a yo trayi l yo mete lapat sou li epi yo pann li yo touye tou anpil lòt zotobre endyen ki te akonpaye l dominasyon espayòl yo ayiti kontinye jouk nan ane 1600 yo fransè yo pral fè kou pa yo tou kolonizasyon pa fransè yo kòmanse ak de ti gwoup fransè ki t ap pwonmennen non sèlman kòm avantiryè men tou ki t ap chache mwayen amelyore fason yo t ap viv nan kontinan ewopeyen an de ti gwoup sa yo te rele boukanye ak flibisye listwa rapòte ke flibisye yo se vòlè yo te ye se te yon seri zenglendo ki renmen byen san swe travay yo se te tann bato ki t ap transpòte lò pou te fè dappiyanp sou yo yo konn tout kachkou nan lanmè pou mete lapat sou bato boukanye yo se bèt sovay yo te konn chase tèlke sangliye yon espès kochon mawon ak lòt bèt mo boukanye a an rapò ak mo boukan

lè yo te fin touye bèt yo limen gwo boukan oswa fago dife pou kwit vyann yo chode vyann yo yon fason pou te pwoteje yo yo konsève po bèt sa yo pou te voye vann an(n) ewòp pwovèb kreyòl la di de towò pa bat nan menm savann lè gen 2 peyi ki tabla koloni yo nan yon sèl teritwa ap toujou gen hinghang dyòl long rayisman tanzantan te gen ti dife vole ant espayòl ak fransè yo dènye lagè ki te vin fèt ant de towò sa yo vin bay nesans a trete riswik se yon trete ki te siyen ant yo menm nan ane 1697 selon trete sa a pati lwès il ispayola vin tonbe sou dominans lafrans pati lès la pou espay pandan tout tan sa yo bourik t ap travay pou chwal garyonnen nèg nwè te non sèlman t ap bourike pou espayòl soti depi 1503 men tou tanzantan kolon blan yo voye chache plis an(n) afrik mati espayòl ak fransè te fè nèg nwè pase ayiti tonma pa gen bouch pou pale men jou va jou vyen kolon yo te fè tout sa yo te konnen pou mete dezantant ant moun nwè pa ekzanp si yon gwoup esklav te pale menm lang yo konn separe yo voye yo al bourike nan diferan andwa deferan plantasyon dekwa pou koupe tout kominikasyon posib antre yo kolon yo te remake enpòtans kominikasyon antre yo yo te pè pou yo pa fè konplo kont yo men nou pa ka esplike kote dlo pase li antre nan bwa jomou tanzantan lang kreyòl la t ap grandi li rale jouktan l rive mache lang sa a se youn nan zouti ki te ini esklav yo pou yo te kòmanse frape kolon yo esklav ayisyen yo fè anpil jefò pou libere tèt yo youn nan gran reyinyon yo te òganize se te yon rankont nan yon zòn ayiti ki rele bwakayiman gen anpil dokiman ki ekri sou rankont sa a youn nan moun ki te devan bann nan se yon nonm ki te rele boukman listwa rapòte ke boukman te yon vodouyizan ki soti lamayayik nan seremoni sa a yo te senyen yon kochon chak esklav te bwè yon ti san senbòl sa a reprezante yon sòt sèman aya bombe swa yo viv lib oubyen yo mouri rankont sa a pa t pote yon siksè total men li make yon pa enpòtan pou te konsyantize esklav yo pou te vin fè yon 1804 lè n ap pale de istwa ayiti gen yon ewo ki mansyone nan tèt lis tousen louvèti se youn ladan yo youn nan gran ewo ayiti te ka bay li te goumen anpil pou libere esklav yo devouman l te fè l rive nan grad jeneral ak gouvènè anpil nan zotobre ki te reprezante lafrans pa t renmen misye yo te wè l kòm yon danje finalman yo kaptire l nan yon anbiskad yo te tann pou li yo mete l sou yon bato epi y al anprizone l nan peyi lafrans nan yon prizon ki rele fòdejou nan montay jira avan tousen kite ayiti li di fransè yo nou rache pyebwa libète moun nwè yo li gen pou l pouse nan rasin li paske rasin sa yo fon nan tè epi yo anpil 16 choz di choz fèt desalin youn nan ansyen manm lame endijèn nan te pran mayèt la li kontinye òganize esklav yo jouk yo te rive fè yon gwo leve-kanpe nan dat 18 novanm 1803/17 dat sa a se youn nan dat enpòtan nan istwa ayiti tonma se dènye leve kanpe yo te fè ki non sèlman vin libere tout esklav men tou esklav yo vin genyen yon peyi ki rele yo chèmèt-chèmetrès ki te fèt apre premye endepandans sa a gen anpil moman nwa peyi a travèse anpil batay fèt pou gade pouvwa a non pa pou mete tèt ansanm pou travay pou fyète tout ayisyen se konsa ayiti gen yon rekò d iktatè ki pase nan tèt pouvwa a dènye gwo diktati ki te tabli ayiti se te diktati divalye a françois duvalier (papa dòk) te yon doktè nan peyi ayiti anpil moun ki te konnen l rapòte li te patisipe nan kanpay kont pyan nan peyi a li fofile kò l l al nan eleksyon prezidansyèl 1957 yo kote l te vin monte prezidan gras a èd jeneral lame a18 nan epòk la apre kèk ane kote manda l te bout olye pou ta gen eleksyon li vin konvèti an diktatè se konsa l te elimine anpil nan moun li panse ki te elmi l anpil entelektyèl ayisyen pèdi lavi yo sa k te gen chans sove y al nan peyi kouwè etazini lafrans kanada kèk peyi afrik ewòp ak nan

plizyè lòt andwa pou te bay diktati l la plis jarèt li te vin kreye yon fòs paramilitè ki rele tonton makout yo rele yo makout tou yo fè e defè pandan tout rèy diktatoryal la yo touye anpil kretyenvivan anpil inosan yo fè kadejak sou fanm e sou fanm moun vòlè byen moun pran tè peyizan elt anpil ti leve-kanpe te fèt pou eseye chavire diktati papa dòk la men san siksè youn nan gwoup rebèl sa yo te rele kamoken dabitid lè youn makout pran yon kamoken li pa kite l viv li koupe tèt li makout yo te touye anpil kamoken makout yo te toujou bay enpresyon ke kamoken yo pa bon moun ke yo se kominis tout sa k negatif yo te toujou eseye mete l sou do yo youn nan dènye leve-kanpe ki te fèt kont papa dòk se te tak kolonèl octave cayard la cayard kayate yon militè wograde nan lame ayiti ki te chèf gadkòt nan ane 1970 li te mande gadkòt ki te desèvis yo pou t al fè yon virewon nan lanmè se konsa l te kòmanse atake ak zamfannfwa youn nan sib prensipal li se te palè nasyonal boulèt sa yo te frape anpil pwebwa ki tou pre palè a apre yon jou l te fè ap tire li te rive kite ayiti pou l jete kò l etazini papa dòk te siviv li kontinye gouvènè pou yon lòt ane nan kòmansman ane 1971 papa dòk te santi vye kò a ap tyoule nan youn nan diskou l yo li te prezante jean-claude duvalier kòm jèn lidè ki pral kontinye zèv li nan mwa avril 1971 papa dòk te al bwachat kòm tonton an te mansyone vre tibonòm nan kontinye zèv li yo chak fè katòz lane sou pouvwa ak jan sitiyaasyon politik la t ap dewoule ayiti nan kòmansman ane 80 yo anpil leve kanpe te kòmanse fèt kont diktati jean-claude la youn nan gwo gout gazolin ki tonbe sou dife a se te twa elèv yo te touye nan vil gonayiv tanzantan te gen manifestasyon kont diktati a nan plizyè rakwen peyi finalman tout peyi a leve kanpe pou te di jean-claude fè malèt li nan fen ane 1985 pou rive nan kòmansman 1986 jean-claude te wè pèp la move kou kong makout yo fin pran chenn tèlman yo t ap fè krim tribòbabò men pèp la pa t bay legen avan jean-claude bwaze an fevriye 1986 li te fè yon dènye virewon anba lavil ak premyè dam nan michele bennet pèp la kouri dèyè yo pou yo te eseye kraponnen l yo di nou la pi rèd ke yon ke makak tèlman ke makak la te rèd sa pa t pran lontan pou l te kase jean-claude te bay peyi a blanch kote l t al ateri lafrans pandan tout dinasti divalye a 1957-1986 pèp la te swaf jistis e pa t gen pesonn ki t ap garanti l sa se konsa yo te rive dechouke anpil makout apre depa jean-claude dechoukay sa a te parèt sou plizyè fòm bay makout pèlebren bat yo boule ou dechouke kay yo anpil moun panse se te dezyèm endepandan ayiti te gen yon jent militè ki te vin pran rèn pouvwa a ak jal anri nanfi yon konstitisyon tounèf te vin parèt an 1987 malgre konstitisyon sa a gen bèl atik ladan men sektè anti-chanjman an pa t respekte l eleksyon lib te pwojete pou 29 novanm 1987 move zangi nan lame a ansanm ak sektè anti-chanjman an gate l kote anpil moun ki t al vote pèdi lavi yo anpil moun te tonbe nan riyèl vayan byenke pèp la te kòmanse respire apre tout peripesi l sou dinasti a pa t gen vrèman yon amelyorasyon nan sitiyaasyon politik ayiti militè yo te vin kreye tou yon lòt diktati anpil krim fèt nan peyi a zenglendo vin pran nesans y ap vòlè touye moun fè kadejak sou fanm nan tout rakwen peyi a ak eliminasyon eleksyon prezidansyèl 1987 la31 li te vin ranvwaye pou yon dezyèm tou nan mwa janvyè 1988 kote leslie f manigat te vin monte ak koukou lame a li te rete nan tèt pouvwa a jis jen 1988 kote yon koudeta te fè l bay peyi a blanch jal nanfi rebran pouvwa l epi apre kèk mwa jal prosper avril fè kou pa l tou sot nan fen ete 1988 nan dat premye avril 1989 kèk zotobre nan lame a te eseye rale fotèy la pou jal avril ta tonbe kou sa a pa t reyisi li te plis parèt kòm yon pwasondavril mesye yo t ap eseye bay jal la te gen anpil krim ak pèsekisyon pandan jal avril t ap gouvènè youn

nan pèsekisyon sa yo se te akizasyon yo te pote kont twa moun k-plim evans paul mezye marino yo te akize yo pou konsimanda tèlke yo t ap maniganse pou chavire gouvèlman jal avril la yo te fè yon dal tan nan prizon kote yo te tòtìre yo istwa plis pale de twa pèsonaj sa yo kòm prizonnye latousen sou presyon pèp la ankò fotèy boure a te kòmanse vin cho pou jal avril se konsa l te kòmanse fè malèt li pou l jete l finalman nan kòmansman mwa mas 1990 madam pran mayèt la se premye fanm nan istwa ayiti tonma ki monte prezidan li te youn nan ansyen jij yo se li yo te finalman chwazi pou chita sou fotèy boure a pou fè yon kenbe annatandan eleksyon prezidanyèl fèt nan diskou l madanm nan te fè konnen ke l pa la pou lontan li menm se jis yon ti kenbe l ap fè pou l ede prepare eleksyon bagay yo te kòmanse chofe pandan ete 1990 sektè makout la te kòmanse reveye ankò pou l al nan eleksyon prezidansyèl anpil kandida koni kouwè m l bazen r tewodò s c claud... t ap mennen kanpay yo voup li vin parèt tou pou kòmanse kanpay elektoral li òganizasyon popilè yo te kòmanse diskite koze a yo wè fòk yo ta voye yon towò pou kontrekare finalman soti kòm kandida tou pou chèz boure a lòbèy gaye menm lè a kanpay kòmanse nan mwa oktòb lanse l fin lanse kanpay li sa te fè anil eko nan tout medya yo nasyonal kou entènasyonal te vwayaje tou nan dizyèm depatman an kote l te jwenn yon sipò estraòdinè dat eleksyon te pwojete pou 16 desanm 1990 aristide eli prezidan ak plis pase vwa se premye prezidan demokratik ki eli nan peyi ayiti 7 janvyè 1991 yon mwa anvan l te monte sou pouvwa eseye fè yon koudeta pou bare men sou presyon pèp souvren an kou sa a pa t pase yo te mete nan prizon jou sèt fevriye te prete sèman kòm prezidan ayiti sou gouvèlman li an anpil chajman te kòmanse fèt malerezman apre sèt mwa sou pouvwa jal ak yon ti klik nan lame a ansanm ak kèk moun nan sèktè anti-chanjman an te bay yon koudeta koudeta septanm se koudeta ki pote anpil tèrè ayiti lame a ansanm ak gang kraze zo a te touye plis pase dimil moun anpil moun te nan mawon anpil te kite peyi a enkli prezidan aristide sou presyon lame represif la malgre titid te an ekzil li te toujou rete aktif pou demokrasi te ka retounen ayiti li te vwayaje anpil pou antreprann yon seri misyon diplomatik pou te eseye jwenn yon solisyon nan kriz peyi a t ap travèse dezan apre koudeta a te vin gen yon akò ki siyen ant prezidan aristide ak jal sedras selon akò sa a prezidan an te sipoze tounen nan yon dat fiks sou pouvwa e ke jal la ta gen pou l demisyone akò sa a te rele akò zile gouvènè yo rele l konsa paske se nan ti zile sa a yo te siyen l nan eta nouyòk (etazini) men malgre tou jal la pa t kenbe pwomès li li te vin vyole akò sa a e prezidan aristide pa t tounen nan dat li te sipoze tounen an prezidan an ekzil la kontinye lit diplomatik li kote finalman li te vin jwenn sipò prezidan meriken an bill clinton kèk jou avan prezidan aristide te repile tè desalin nan twoup meriken yo te gentan ateri nan peyi a pou plis sekirite finalman nan dat oktòb prezidan retounen ayiti dat sa a vin yon gran dat nan istwa ayiti non sèlman pèp la te kòmanse reveye nan twazan koma li te ye a men tou se premye fwa nan istwa ayiti yon prezidan kite peyi a sou presyon koudeta epi l retounen sou pouvwa ankò malgre prezidan tounen sou pouvwa men gen anpil travay pou l te fè toujou paske pandan rèy sedrasyen an jal la koupe tout branch òganizasyon popilè yo pwoblèm ensekirite blayi pi rès zenglendo ak frap te toujou rete ame malgre fòs miltinasyonal yo te prezan sou teren an jodiya nou menm ayisyen k ap viv ayiti e nan dyaspora a fò nou tout rete dyanm rete mobilize pou kapab genyen yon chanjman ke tout ayisyen ka benefisye de li ann pa ret gade sou yon seri peyi etranje k ap pase n nan betiz k ap fè n filalang tèlke y ap vin ede

nou moun ki met soulye se li k konnen kote chosèt chire nou menm ayisyen ki vle chanjman se nou ki reyèlman konnen sa nou bezwen e pou rive kote nou vle a fòk nou travay ansanm pou lonè ak respè ayiti yon entèvyou nan kad rechèch li sou yon envantè mo espresyon li dokimantè nan konjonkti politik ayiti a soti 7 fevriye 1986 pou rive nan lan se te yon plezi pou n te rankontre ak li pandan vizit li nan pou l te pataje ide rechèch sa a ak nou mèsè monchè se yon gran plezi pou m fè ti pale avè ou e m ap gen okazyon di w de mo sou rechèch ke m ap fè sou vokabilè fransè kijan l evolye an ayiti depi 1986 lè m di 1986 an patikilye fevriye 86 alò youn nan bagay ki te enterese mwen m pati de yon konstatayon m konstate depi 1986 avèk chanjman politik ki genyen ayiti yo chanjman enstitisyonèl gen yon nouvèl konstitisyon ki vini avèk de nouvèl reyalite enstitisyonèl vin genyen tout yon seri de refòm ki vin fèt lan estrikti politik peyi a epui vin genyen yon lòt fenomèn fenomèn liberasyon de lapawòl ki vin fè ke tout moun gen aksè a lapawòl tout moun ap pale nan radyo nan laprès ap ekri nan jounal se konsa vin genyen yon bann mo ki vin soti ki vin pran lari nou ta di Gen yon seri de mo sa yo rele newolojis yon seri mo ki fèk kreye ki kreye lan kontèks epòk la mo nou panse a li tou natirèlman premye mo a se yon mo kòm dechoukaj dechouke dechoukè pita yo pral menm pale de rechoukaj rechouke men se pa sèlman mo sa yo mo n enterese a yo se pa sèlman mo ki fèk kreye se tout yon seri mo petèt ki te nan sosyete a men ki te nan w kouch restrent nan popilasyon an ki te fè pati de sa n ta ka rele yon vokabilè espesyalize gendwa se manb yon pwofesyon ki itilize li oubyen se yon gwoup sosyal an patikilye ki itilize l m panse a yon mo kòm dilatwa se yon mo mesye pwofesyonèl dwa yo avoka jiris majistra te konnen gen moun nan sosyete a tou kèk entelektyèl ki te konnen sa mo a vle di Si yo te li l nou t ap konprann sa l vle di men yo pa t gen okazyon anplwaye mo a men depi 1986 avèk reyalite politik reyalite enstitisyonèl ke l vin bay pa ekzanp parleman ki vin devlope yon seri pratik mo dilatwa a pa ekzanp li vin kite sphère kote l t ap evolye a c est à dire le monde des avocats l univers des tribunaux pou l vin tonbe dans le langage de mr tout le monde sa vle di tout moun jodiya ayiti konn sa mo dilatwa a vle di paske trè souvan yo konn anplwaye mo sa a pou defini atitid sèten parlemantè ou tèt kò nan parleman k ap eseye fè dilatwa k ap eseye tamporize pou gagner du temps nan yon seri de kesyon alò mo a kounyeya se yon mo vin tonbe nan lari e lè l tonbe nan lari a li pase ni nan krekòl ayisyen ni nan fransè a donk se yon mo kounye a ki fè pati de vokabilè ayisyen alò an rapò avèk kesyon sa a gen 2 nosyon nou ta kab evoke rapidman se sa yo rele vokabilè pasif avèk sa yo rele vokabilè aktif la vokabilè pasif la se yon seri de mo ke yon sosyete oubyen yon gwoup nan sosyete a gendwa konnen li gendwa lè l li mo a li konprann sa l vle di men li pa gen okazyon pwodui mo a kòm tèt li pa gen okazyon anplwaye mo a li menm paske mo a pa fè pati de reyalite vi li men lè l gen okazyon li l swa nan liv li tande l nan televizyon oubyen nan w radyo li konprann sa l vle di E gen yon lòt konsèp ki contraire contraire de vokabilè pasif la se vokabilè aktif la vokabilè aktif la se tout mo ki genyen ki pase nan sosyete a kote tout moun gen okazyon itilize l nan vi kotidyèn yo nan pratik pwofesyon yo donk se sa vokabilè aktif la yo rele l ankò vokabilè pwodiktif alò anpil nan mo m etidye yo se yon seri de mo avan 1986 te gen yon estati mo vokabilè pasif pase yo nan w estad de vokabilè aktif sètadi tout moun anplwaye yo kouramman ebon nou tande tout diskisyon yo e nou konnen nan domèn sa a tou nan mo nouvo k ap antre nan lang lan jounalis yo jwe yon wòl enpòtan pa ekzanp nou kapab pran yon seri

vokabilè pasif yo vin reveye oubyen si n ap fè yon etid dyakwonik epi nan tan prezan yon etid senkwonik kòman mo sa yo kapab vin pran lòt sans nou kapab pran mo lavalas kòman li pran yon estansyon apati mwa oktòb 1990 kote l vin gen lòt siyifikasyon m pa konnen nan sans sa a kòman ou kapab kòmante tou sou travay rechèch ou a monchè jounalis yo nou gendwa di laprès jounalis an jeneral se yon sa n ta rele yon caisse de resonance pou fenomèn n ap pale la yo paske nou sot pale talè a de liberasyon lapawòl sosyal ki fèt aprè 7 fevriye 86 ebyen jounalis yo jwe yon gran wòl nan liberasyon pawòl sosyal sa a kote tout moun nan sosye a tout moun ki pa t janm bò okenn pozisyon wi politik oubyen ki te toujou rete aleka de kesyon sa yo tout moun te gen w pawòl pou yo di tout moun al nan laprès al nan radyo nan televizyon tout moun ap pale e jounalis yo menm yo jwe yon wòl estraòdinè nan fenomèn k ap pase nan domèn langaj la jounalis yo se yo ki ouvri mikwo yo oubyen tout moun ki gen yon baay pou yo di e nan baay moun k ap gen pawòl pou yo di a gen anpil ladan yo ki espesyalis òm politik k ap vini avèk nouvo konsèp yo menm tou k ap repèkite tout mo nouvo sa yo tout sans nouvo ke mo yo kapab genyen se yo menm ki fè l pase nan sosyete a dans l ensemble de la population gen yon seri de mo ki vin pran nouvo sans ke yo pa t genyen ou sot mansyone mo lavalas la mwen genyen l tou nan rechèch mwen an efektivman se yon mo ki vin pran yon nouvo sans depi 1990 gen w bann lòt mo konsa si n pran yon mo kòm beton beton se yon mo ki te gen plizyè siyifikasyon nan sosyetea men apati de 1986 87 88 mo beton an vin pran yon lòt siyifikasyon li vin genyen tout sans li te gen avan li kenbe yo men gen yon sans nouvo yon sans tounèf ki vin grefe sou sa k te la deja yo e sans sa a li refere a sa n ta kab rele yon afimasyon politik sa vle di si yon moun di kounyeya ou pran beton an se pa sèlman pou al nan kanaval sou chandmas men ou pran beton an pou fè pase yon revandikasyon pou fè pase yon dwa pou fè pase yon priz de pozisyon ke w genyen se nan sans sa a beton an vin pran yon siyifikasyon politik beton an se la ke moun defann dwa yo se youn nan kote moun defann dwa yo se youn nan kote kote moun fè pase revandikasyon yo Donk nou ka di beton an li ranwaye a yon espas afimasyon politik se nan menú kontèks sa a gen w espresyon ki pase an kreyòl e an fransè nou tout konnen ki se diplomate du beton diplomat beton fò w konnen kisa beton an vle di kisa li konote se konsa mo sa yo tou yo pa sèlman rete ayiti men nou konnen gen yon enpak yo fè sou kreyòl nan dyaspora a sou ayisyen k ap viv nan dyaspora a atravè medya a nou pran boston pa ekzanp kote nou tandè mo sa yo diplomat beton nan konjonkti politik la kote ayisyen ki nan dyaspora a ki pa vwayaje ayiti souvan men ki pran mo sa yo tou alafwa pa radyodifizyon pòz kisa k te pouse w antreprann yon travay konsa sa k te pouse m kòmmanse yon travay konsa se te yon konstataasyon m konstate ke malgre tout efèvesans ki genyen nan domèn lengwistik la nan jan popilasyon an pale nan jan mo yo ap kreye nan jan mo ap pran nouvo sans baay sa yo pa t gen w sòt de travay de rechèch ki te envantorye fenomèn sa a ki te travay pou li ki te travay yon dokiman analiz e de sentèz bon nou konnen anpil nan mo sa yo dispèse nan jounal yo dispuse sou riban mayetik estasyon radyo ak televizyon men pa gen okenn kote ou ka jwenn yon travay dansanm ki fèt sou yo M te konstate dabò vid la e pa gen w liv ki fè yon travay dansanm sou fenomèn nan epi yon bon jou m di poukisa m pa kòmmanse yon travay konsa paske byennavan sa m te toujou konn note baay la m te konn ap di ak madanm mwen gade tout mo k ap soti gade tout mo k ap fèt men pa gen okenn travay ki fèt sou sa epi yon bon jou m di poukisa

m pa kòmanse e kòm mwen genyen koleksyon jounal tout sòt jounal sa k edite etazini revè k fèt pòtoprens m di bon m ap mete a pwofè tout baz dokimante sa a pou m eseye fè travay la Se konsa lè m etidye mo a m dekri mo a selon jan yo fè sa nan diksyonè men an jeneral m vin avèk sitasyon otè ke m jwenn nan jounal ke m bay pou montre vrèman ke se yon mo ke anpil moun anplwaye oubyen yon mo ke anpil moun vin anplwaye nan yon sans detèmine Pa ekzanp gen yon mo m note se mo *acteur* an fransè Se yon mo ke tout moun konnen sa yon aktè ye men l gen yon anplwa figire tout moun ki jwe yon wòl nan w evennman se yon aktè li ye men yon anplwa espesyalize m vin note ki emèje ki parèt depi 1986 87 88 se lè w anplwaye mo aktè a an referans a pèp men lè w di pèp se pa l ensemble de la population non li refere a kouch popilè yo a sa n ta kab rele mas popilè yo e trè souvan anpil sektè anpil moun konsidere pèp la kòm l *acteur* prensipal oubyen kòm l *acteur* de premier plan donk lè m gen *acteur* nan liv mwen an mwen fè soti aksepsyon sa a senk estrè emprunté à des auteurs différents kote ke mo a anplwaye nan sans sa a donk l *acteur* principal c est le peuple natirèlman sa a ranvwaye w a yon lòt konsèp ke n ta evoke qui est la théologie de la libération kote ke nan kouran de panse sa a l *acteur* principal yon sosyete se pèp la e lè yo di pèp la se surtout les couches populaires de la population les couches les plus pauvres les couches les plus deshérités o k nan sa pa ekzanp nou konnen sitiyasyon lengwistik ayiti a se yon diglòsi l ye kote nou gen 2 lang youn domine lòt nan yon seri ka espesyal lè nou gade itilizasyon lang fransè ak lang kreyòl kòm an ou esplike rapò mo sa yo ki ekziste an kreyòl e an fransè èske yo pase nan toulède lang yo alafwa oubyen nan ki lang yo pase an premye sa a se yon trè bèl kesyon m byen kontan Travay sa a m fè a m fè l an fransè men m te ka chwazi tou pou fè l an kreyòl paske gen sa w ta kab rele yon entèseksyon genyen yon fon komen de mo ki pase nan toude lang yo leplisouvan mo yo fèt nan w kontèks de kominikasyon kreyòl anpil fwa pa ekzanp si nou pran dechoukay dechouke tout mo sa yo yo fèt an kreyòl men fransè a vin anrejistre yo li vin adopte yo li menú ba yo fòm fransè puiske de chou quer alò an kreyòl se dechouke an fransè trè souvan n ap jwenn dechouke ekri ker men gen anpil moun ki ekri l tou quer donk yon òtograf fransizant kòm m t ap di gen anpil nan mo sa yo se nan yon kontèks kreyòl yo pran nesans apre sa yo vin pase an fransè men à l inverse gen anpil nan mo yo tou se nan w kontèks kominikasyon kreyòl bon baay la ka fèt nan w kontèk de kominikasyon kreyòl men se yon seri de mo fransè kounyeya ki pral vin pase nan sosyete a atravè kreyòl ke kreyòl vin adopte nou te gendwa pran menm mo n sot pran la a dilatwa se jan de mo sa yo yon seri mo ki fransè alorijin men ki pase nan kreyòl ke tout moun adopte donk sa vle di m ta gendwa fè travay mwen fè a nan kreyòl olye m etidye evolisyon vokabilè fransè a m ta pral etidye evolisyon vokabilè kreyòl pou menm epòk la nou konnen jan w pale a ou puize anpil nan jounal e sa ki rapòte nan jounal sou teren an nan kad oral pa ekzanp kòm an ou teste mo sa yo alafwa avè pèp la ki pale lang nan èske w rete nan jounal ou al fè tès sou moun yo tou vc alaverite esansyèlman se nan kad ekri ke m rete alò natirèlman mwen menm m ap viv nan kominote a m genyen pwòp konesans pa m de mo yo pwòp esperyans m fè de mo yo kòm mo ki ekziste kòm mo ke deplizanpli moun ap anplwaye natirèlman mwen gen pwendvi pèsònèl mwen ke m eseye mete de kote pou m kite pale lòt moun lòt moun m kite pale yo jeneralman se nan jounal se nan revè se nan magazin ke nou fè relve sitasyon oubyen mo y ap pale yo men nou gendwa di ke mo nouvo nou pran yo se mo ki an general nan sosyete a natirèlman

gen yon seri de mo se pa tout kategori nan popilasyon an ki di yo gen w seri de mo se plis klas entelektyèl la ki di yo si n pran w mo kòm sosyete sivil kounyeya tout moun ap pale w de sosyete sivil la an ayiti ev ki definisyon l pou kounyeya vc sosyete sivil la se sa w ta kapab rele les secteurs organisés de la société ki t ap poze l kòm yon contre pouvoir par rapport à l état par rapport a enstans ofisyèl yo sosyete sivil la se yon konsèp natirèlman filozofik ki te devlope pa anpil otè dantan lontan men nan sans ke l anplwaye an ayiti depi 87 88 89 se nan sans de la société des citoyens la communauté des citoyens antan ke yon ansanm òganize de sektè nan sosyete a ki pran des positions de citoyens ki kab fè pase pwendvi yo pa rapò a sa ke n rele leta si n ta vle yon sosyete sivil se ta yon sòt de contre pouvoir ki la pou leta konnen ke se pa li menm sèl ki la pou l ta garyonnen jan l vle nan savann nan gen w sosyete sivil ki anfas li k ap fè des propositions men ki ap entèvni tou lè l pa dakò avèk de bagay k ap pase pou l di li ev ou mete yon seri òganizasyon popilè nan kad sa a tou m pa konnen ki sans ou di li ev pou fè leta tandè revandikasyon yon seri gwoup pa ekzanp vc wi bon se sa sa n rele òganizasyon popilè yo se sa n rele groupe de pression yon lòt nosyon ki trè enpòtan ayiti m mete nan liv la tou yo fè pati de sosyete sivil la se yon seri gwoup ki pa fòseman la pou okipe yon fonksyon politik ofisyèl kòm tèt men ki la nan sosyete sivil la yo gen pwendvi yo revandikasyon yo yo gen fristrasyon yo opinion yo sou yon seri kesyon enben yo fè pase li donk gwoup sa yo fè pati danble se sa yo rele sosyete sivil la e mo sosyete sivil la ou jwenn li an fransè e an kreyòl tout moun ap pale se sosyete sivil an kreyòl ev o k mès! vc m ap pran yon pòz - - se yon bèl travay w ap fè nan kad leksik kreyòl e fransè alafwa pase nou mansyone tèm diglosi a kote nou pa kab pale de fransè pou n ta kite kreyòl dèyè nou pa ka pale de kreyòl epi pou n ta kite enfliyans fransè dèyè kesyon m gen pou ou kounyeya se kisa w panse de reyaksyon piblik la lè liv sa a sòti pou y al li travay sa a espesyalman pa tètman gen anpil moun ki fè tip rechèch sa a bon mwen còmanse yon tip travay konsa yon koleksyon mo tou ki pibliye nan youn nan liv mwen yo yon koudèy sou pwoblèm lekòl ayiti (1994) yon travay paralèl mwen kontan m wè gen moun k ap fè travay sa a kisa w panse de reyaksyon piblik la pa rapò a liv sa a lè l pran lari vc m panse se yon travay ke moun yo ap resevwa byen pase se yon travay de rechèch se yon travay petèt ki pral pale de yon seri de fenomèn petèt ke anpil moun sètènman deja obsève nan sosyete a swa ke yo rezone yo reflechi sou li oubyen yo jis konstate l sa pa ale pi lwen men m konnen lè travay sa a soti anpil moun pral di a sa a te yon nesosite sa a se te yon bezwen fò te gen yon moun pou te fè travay sa a mwen menm mwen trè optimis se sa k fè tou men lè m fatigue monchè m travay sou li samdi dimanch dèfw m travay ase ta leswa sou li paske m konnen se yon travay anpil moun ap resevwa ak anpil plezi fò m di tou se se yon rechèch li ye se vre men m eseye vize m ta di w yon piblik jeneral donk se yon liv byenke l ap devlope yon metodoloji kanmèm inivèsitè nou ta di men n ap gen yon metodoloji trè rigourez an menm tan tou se pa yon liv k ap enterese chèchè sèlman men se pou nenpòt moun ki ta enterese a sa k ap pase autour de yo ki ta enterese a fenomèn lang nan m panse se ak anpil enterè l ap gen yon ekzanplè nan men li l ap feyte li e l ap panse se yon sous de dekouvèt e de juisans pou li pase mwen men lè pèsònèlman m pran anpil plezi lè m ap dekouvri bagay yo lè m ap ekri baay yo m pran vrèman anpil plezi Donk mwen panse ke anpil moun pral pran plezi menm jan avè mwen paske se yon travay kanmèm ki adrese l a tout moun se pa sèlman moun k ap fè rechèch ki enterese nan kesyon lengwistik donk se

tout piblik la yon ouvray pou tout piblik la ak yon metodoloji kanmèm rigourez konvèsasyon 4 ti zanmi ki te nan high school roro ak ingrid gradye (diplome) nan west roxbury high kote yo t ap etidye ansanm ak manouska ak mario ingrid se te bon zanmi manouska nan lekòl la manouska ak mario se frè ak sè yo apèn fin high school yo asepte yon an kolèj roro ak ingrid deja fin premye ane kolèj yo an vakans Yo kite campus kote yo te ye a pou retounen boston pou vakans lan manouska mwen tandè yon frape nan pòt la Desann volim mizik la! se kab papa m ou konnen l pa avle tandè mizik sa yo li toujou ap di se bagay bonm se mizik monden ivèt yon zanmi ki te vin wè manouska al gade kiyès ki nan pòt la ivèt devine kilès! mario mwen pa kwè papa m t ap gentan vini bonè konsa siman se manman m li travay diferan orè nan nursing home nan ivèt nop! nop! se pa yo manouska siman se malèn li te gen pou l vin la a pou m ede l ranpli yon papye financial aid ivèt nou tout bwè pwa se roro ak ingrid! manouska ak mario kisa roro ak ingrid! ivèt fè yo antre manouska ak mario gentan kouri al anbrase yo ingrid kijan ou ye manouska pitit mario hey! hey! what s hap... kilè nou antre menm roro nou vin sot amherst yè manouska chita non timoun kay se pou nou se an vakans nou ye nou pa prese te m al chèche yon bagay pou n bwè nan frijidè a ou konnen l fè cho manouska kite y ap pale nan salon an pandan l al chèche ji pou yo roro so se nan ki ki kolèj nou prale mario a menn! all set menn! gen twa kolèj ki asepte m deja roro twa! ou an fòm menn ! kilès twa sa yo mario b u (boston university) new york university ak brown roro voup li leve kanpe li mawonnen ak mario roro b u new york brown se sa nèt! se nan kilès ou prale mario a ou pa janm konnen mwen deside al nan brown li pa twò lwen se la a rhode island li ye mwen fè yo rezève plas mwen tou nan b u ak new Cork university pou ennan pou sizanka manouska retounen sot nan kizin lan ak 5 vè nan yon kabare manouska nou mèt chanje mizik la si n vle gen lòt kasèt la a mario mete yon lòt rap yo chita ap souke kò yo Chak kenbe vè yo epi yo leve kanpe yo di cheer! yeah! yo chita epi yo kontinye ap souke kò yo ivèt kijan kolèj la ye menm ingrid a pitit no more parties pa gen fèt ankò Ou sonje jan nou te konn pati prèske chak wikenn lè n te westy kounyeya se college business manouska kòm si elèv entèdi pou fè fèt nan kolèj ingrid bon isit ozetazini depi ou antre nan kolèj se adult ou ye ou mèt tèt ou you know si w ap panse a party fete chak jou enben w ap fail ou p ap pase paske ou pa etidye gen anpil timoun nan premye ane kolèj ke m konnen sa rive yo rezon an sèke yo pase twòp tan ap sosyalize yo vin pa gen ase tan pou etidye pou konsantre sou maty èyo anpil pa pase kou yo oubyen yo pase ak yon nòt ki ba mario bon yo di ou gen anpil freedom nan kolèj la se vre roro nan kolèj ou gen freedom ou se vre men fò ou kontwole l mario kisa ou vle di te kwè depi ou gen freedom ou free ou gen dizuitan ou ka fè... ou ka nan kolèj epi ou rete nan campus Yeah man! roro well mwen te konn panse konsa tou lè m ten an high school anpil ti ayisyen ki nan high school panse konsa fò n eseye chanje mantalite teenager sa yo yo panse depi ou pral nan kolèj ou pral rete nan campus se banboche ou pral banboche mwen konnen anpil elèv ki drop out nan kolèj poutèt sa yo pase twòp tan ap sosyalize yo pa etidye yo pa fè devwa yo pou kenbe yon bon mwayèn Lè yo pran egzamen yo pa pase yo pèdi scholarship yo donk yo kraze kite sa ingrid a pitit! depi ou nan kolèj se adil ou ye Ou dwe konn sa k bon ak sa k pa bon nou rankontre ak zanmi se vre men pou n etidye fè devwa ansanm pou n fè bèl nòt nou konn reyini pandan wikenn pou relax nou pou al gade yon movie men bi noun an kolèj se pou etidye roro se nan kolèj ou prale manous manouska guess what! b c (boston

college) asepte m yale asepte m m i t asepte m ak full scholarship roro kisa se twa zen lekòl wi pitit! a paran nou priye anpil jan lekòl sa yo chè! jan l difisil pou antre ladan yo! manouska a pitit... mwen pa ka dòmi apre m fin jwenn lèt sa yo twa bèl chwa! M ap rezève plas mwen nan b c ak yale men m pral m i t malgre la tough anpil sitou se electrical engeneering mwen pral fè men ou konnen depi nan high school ingrid laforè renmen challenge mwen remèsye paran m tou byenke y ap travay di yo peye pou n te pran leson matematik ak yon pwofesè ayisyen a pitit ravaje m ravaje yon an s a t a rès zanmi yo di yeah! all right! ingrid paran nou kontan vre timoun yo wè nou pral nan gran kolèj sa yo manouska a nou pale ak yo tanzantan fè kè yo kontan ou konn paran ayisyen pafwa yo te p èpou n pa al nan kolèj ki lwen Yo toujou ap di se nan campus nou bezwen ale kòm si yo wè campus la se yon bagay ki negatif men chans pou nou yo te rankontre ak yon konseye ayisyen nan high school la nan meeting paran yo ki esplike yo kijan kolèj la ye li esplike yo tout bagay sa t ap ede lòt paran ayisyen tou si yo te konn vin nan reyinyon paran konsa yo t ap gen chans pou pale ak pwofes èyo pou eklèsi yo sou plizy èbagay Men ou konnen anpil fwa yo travay full-time overtime yo gen tout sòt hard time mario ou pa wè kado mwen achte pou papa m ou konnen se fèt papa mwen f èl yon sipriz a bon vye malere! kounyeya misye di l ap ban m machin li an l èm ap antre nan kolèj an septanm epi l a p peye asirans pou mwen li pral achte yon djip toyota roro kool ! se sa nèt! ou lucky menn ! papa ou trè konpreyansib fò ou kraponnen l tanzantan vin wè yo pandan ou nan campus ekri yo mario kote w kite manman m menm mwen rele manmzèl «kòmè enfatigab» li gentan lave tout rad mwen yo pou m al nan campus an septanm roro ou fèt ak kwaf! ingrid ak roro pral deplase y ap gade mont yo ingrid nou prale kounyeya m ap ban nou yon kout fil lòt wikenn fò m pase w èmesyedam yo pou konplimante yo pou pitit yo ki pral nan kolèj ivèt y ap byen kontan manouska m ap tann nou timoun len kwoke lòt babay! babay! kesyon e konpreyansyon 1 kilès roro ak ingrid ye 2 nan ki campus yo rete 3 kisa manouska mario ak ivèt t ap fè lè roro ak ingrid vin parèt la 4 kisa malèn t ap vin fè ka manouska 5 ki sòt elèv manouska ak roro ye 6 nan ki kolèj mario prale 7 ki sòt mizik yo t ap jwe 8 esplike kijan roro ak ingrid vin chanje l èyo te antre nan kolèj 9 pouki rezon anpil elèv pa pase nan kolèj 10 ki sip òyo jwenn nan men paran yo 11 ki ef èrankont konseye ayisyen an genyen sou paran yo 12 ki kado papa mario pral ba li 13 ki leson moral ou tire nan pyèsèt la nèt mwen ekri pwononsiyasyon mo anglè yo nan mitan kwochè pou moun ki familye ak fonetik kreyòl la konsa yo p ap gen pwoblèm pou li yo an(n) anglè adult [a dòl] adil moun ki gen dizuitan ou plis pase dizuitan (ozetazini) ah man ! [a menm] a monchè! a papa! all set man ! [ol sèt menn] tout bagay anfòm! bum [banm] ti vagabon (vakabon) wazif brown [bra woun] brown university youn nan gran inivèsite ameriken yo (ivy league) ki sitiye nan eta rhode island pa twò lwen ak boston campus [kanm pous] tèm ameriken ki an rapò ak kolèj inivèsite kote etidyan yo al lekòl epi yo tou rete la challenge [tya lenj] defi cheer! [tchir] mo angè ki montre lakontantman college business [kò lèj biz nis] biznis kolèj bagay ki an rapò ak kolèj drop out [dròp awout] tèm ameriken ki vle di etidyan ki kite lekòl san yo pa fini fail [fel] koule pa pase finansial aid [fay nenn syal ed] èd finansyè (lekòl la oubyen leta bay) free [fri] lib gratis freedom [fri dòm] libète full-time [foul taym] travay uitèdtan (ozetazini) guess what! [gès wat] devine! hard time [had taym] difikilte pwoblèm hey! entèjeksyon anglè ki ka esprime yon bri yon kontantman) high school [hay skoul] lekòl segondè lise (ameriken)

ki ta ekivalan fen klas twazyèm (nan sistèm peyi frankofòn yo) selon lekòl sa a (nan milye 1 sitiye ak korikilòm li li ka menm nivo ak klas tèminal nan nan sistèm peyi frankofòn yo) kool [koul] anfòm! pa gen pàn! pa gen danje! lucky [lò ki] chance gen chans movie [mou vi] sinema no more parties [no mòr pòr tiz] pa gen fèt ankò nop! nop! [nop nop] non! non! nursing home [noer sing houm] kay kote yo mete granmoun apre yon sèten laj (ozetazini) yo ba yo tout swen nesèsè over-time [over taym] travay (ki dire) plis pase uitèdtan (ozetazini) party [pòr ti] fèt (espesyalman pou jèn ozetazini) pati [pa ti] pa gen oken rapò siyifikasyon l nan kreyòl la a li kreyolize li sot nan anglè (party) ki vle di fèt se youn nan egzanp nanpil mo anglè ayisyen ozetazini kreyolize nan diskou yo (espesyalman jèn ayisyen) kote pati a ye aswè a rap [rap] mizik jèn espesyalman nwa ameriken (ki evolye nan ane 90 yo) relax [ri laks] rete kè pòpòz dodomeya kritik ak rechèch sou pwovèb ayisyen revizyon e edisyon 100 pwovèb ayisyen nan you can learn creole zèv h ormonde mcconnell ak eugene swain jr emmanuel w védrine entwodiksyon you can learn creole se yon ti liv pòch ki te premye soti nan lane 1945 nan prefas la de otè yo siyale [nan prepare leson sa yo bi nou se pou founi yon entwodiksyon pratik an kreyòl epi nou evite tank li posib detay teknik gramatikal] donk lè n pakouri ti liv sa a choz di choz fèt yo kenbe dizon yo grafi kreyòl otè yo itilize nan liv la se sa gouvèlman ayisyen epòk la (elie lescot) te adopte pou kanpaydalfabetizasyon yon sistèm fonetik ki baze sou sistèm fonetik entènasyonal (sfe) byenke se katriyèm edisyon an (1960 106 p) m ap revize men edisyon sa a toujou konsève tèks orijinal la liv sa a gen twa pati premye pati a divize an sis leson dezyèm nan se yon glosè ki titre dictionary of basic words english - creole creole - english ki kouvri paj 39-98 epi twazyèm pati a ki fòkis rechèch sa a gen pou tit 100 creole proverbs (pp 99 - 106) otè yo pa klase pwovèb sa yo nan yon lòd konvenab konsa mwen klase yo an twa òd 1 1 klasman pa òd alfabetik (a - z) nan seksyon sa a tou n ap jwenn varyant kèk leksèm varyasyon kèk pwovèb (lòt fason yo ta di yo pafwa sa depan de yon rejyon oubyen tou nan kèk varyasyon sa yo nou kapab wè yo ratresi kote sa vin kreye plis estil) Seksyon 1 2 klasman pa vèb la a pou fasilite klasman an vèb la vin avan pwovèb la epi tout klase pa òd alfabetik nan dènye seksyon an klasman pa bèt li suiv menm òd dezyèm seksyon an kote bèt yo vin avan 1 1 - klasman pa òd alfabetik 1 abiye kon li abiye kan midi sonnen fòk bourik sendomeng ranni var kon kou s jan fason |p| bourik mèt fè santan nan lekiri li pa gendwa tounen chwal afè nèg pa janm piti se janm kanson yo ki etwat anbisyon tiye rat apre dans tanbou lou avantaj kòk se zepon var avantaj avantay ent kote ou jwenn avantay (ou) se la ou pran l baton ki bat chen blanch lan se li ki va bat chen nwa a var baton ki bat chen blan an se li k bat chen nwa a sit an ayiti paran timoun yo toujou bay tigason plis valè pase tifi Deliram gen twa pitit dyenò dyemafi ak dyelimèn dyenò ak dyemafi desann sètifika ansanm toulede pase deliram ap voye dyenò pòtoprens pou al kontinye klas li mèsidye youn nan zwazen yo di deliram e dyemafi sa l pral fè apre sètifika m ap voye manmzèl nan kouti deliram reponn mèsidye di l li lè pou n chanje mantalite sa a wi! depi se tifi nou wè se sèlman nan kouti pou n voye yo jan tifi sa a fò lekòl poukisa ou pa voye l kontinye klas li pòtoprens tou bay piti pa chich bay kou bliye pote mak sonje var sonje chonje bèf san ke bondye pouse mouch pou li bondye bay bèf san ke ladrès pou l pouse mouch m pa konn sa manje koute m pa konn sa dòmi koute lopital la men m manje m dòmi se vre pawòl la gen rezon bèf san ke bondye pouse mouch pou li Si pa t papa bondye m pa konn sa m ta fè bèl cheve pa

lajan bourik travay chwal galonnen garyonnen galonnen ki kalite peyi sa a mezanmi! moun k ap redi touye tèt yo anba travay se pa yo k ap jwi se mouri abitan ap mouri nan travay men se nèg lavil k ap banboche sou sa l ap fè se sa pawòl la di wi bourik travay chwal garyonnen chak jou kouyè bwa al kay ganmèl men yon jou ganmèl al kay kouyè bwa tou kiyè kouyè [r] chak bourik ranni nan patiraj li chak koukouy klere pou je pa yo chak koukouy klere pou je l chak moun ede tèt li b) mwen menm k ap di ou sa lè yo bezwen ou y ap mache dèyè ou tankou chen rive yo fin rive chak koukouy klere pou je l y ap achte yon gwo bouldòg mete veye kay yo moun pa pwoche chat konnen rat konnen barik mayi a va rete la var chat konnen rat konnen barik mantèg la ret la chemen lwen gonbo di gonbo s kalalou chen gen kat pat se yon sèl chemen li fè chen gen kat pat (men) li mache nan yon sèl chemen yon moun gen dis dwèt sa pa vle di l ka fè dis bagay alafwa b) dòdò monchè si w ap fè sanblan w ap sèvi bondye ou pa ka nan bòkò anbachal chen kat pat se yon sèl chemen li fè c) chen kat pat mache nan yon sèl chemen chik pa janm respekte pye gwo mouche var chik pa respekte mèt bitasyon jeran lakou a pete yon lobo ak mèt kay la pou oto a li pa t gen tan lave se sa l bliye l pa di mèt kay la dan pouri gen fòs sou bannann mi epòk lame ayiti chèf se moun yo k te pi kapon men se sou pèp la yo te toujou ap tire paske men l vid de moun onèt vann chwal yo san lavant dèyè mòn gen mòn pwoblèm sou pwoblèm apre yon pwoblèm se yon lòt fezè nat li kouche atè fezè nat kouche (dòmi) atè flate pi danjere pase kouto de bò flèch palmis pa fizi pa kite sa ou wè a twonpe ou kaka poul pa ze fòk ou dòmi ak jan pou konnen jan l wonfle fòk ou viv ak yon moun pou konnen l (fen e byen) gen mèsè chen se kout baton mezanmi! gade kouman lorisa chita ap joure bès dival non! bès dival ki mete l lekòl li menm ki manje lorisa li menm ki bwè l li menm ki biye l! epi koulyeya se joure lorisa ap plede joure l gen mèsè chen se kout baton jouman ki rekonpans bès dival nan men lorisa granmoun se remèd granmoun bay bon konsèy konsèy granmoun se longan grennpwonmennen di li tande anpil bagay bwapiwo di sa li wè se pa pale bwapiwo di l wè lwen grennpwonmennen di l wè pi lwen pase l pa gen nèg dyòlè pase frewo misye toujou pran pòz li konnen tout sa k ap pase nan pòtoprens te gen yon aksidan ki fèt sou wout delma a misye te nan zòn lan men li pa t wè aksidan an nan demen li al wè yon zanmi kafou epi janwobè vin parèt frewo kòmpanse pale de aksidan an kòm si l te la sou plas lè l fèt la misye di a! gen yon kokennchenn aksidan ki fèt yèswa sou wout delma a se bagay grav! yon bis dayatsou frape yon kamyon kola boutèy kola fè kenken moun bwè kola nèt ale janwobè di l ou fin pale ou t ap poze yon kesyon sou aksidan an frewo reponn li janwobè di non m t ap pote kèk eklèsisman sou sa men kijan aksidan an te ye yon kamyon kola sot anwo petyonvil lè l rive bò cine imperial li pèdi fwèn li al antre sou yon bis dayatsou sèz moun nan bis la mouri wout delma bloke nèt mwen t ap travèse pon an lè aksidan an fèt la tande ak wè se de jan chache jan twouve jan anbarase pwonmennen chache pa janm dòmi san soupe je rouj pa boule kay je wè bouch pe jouroumou pa janm donner kalbas jomou jòmou jomou jouroumou albèto se gwo vòlè tigason l lan toto soti l toupi pitit tig se tig kabrit gade je mèt kay avan l antre tout vakabon ranse ak nènè kanta pou sovè se nèg ki kondi bak li byen pesonn pa p pran chans jwe nan bab li kochon mawon konn sou ki bwa pou l fwote (kò l) kal pwason pa lajan kaka poul pa ze (var kaka poul pa bè) kan poul bwè dlo li pa bliye bondye chak gòje (gòjèt) dlo yon poul pran li leve tèt li pou l di bondye mèsè kan malfini voltije si li pa jwenn plim li pran pay malfini vole li pa jwenn poul li pran pay

lolo! pran katèl ou ak bòs dorilis! ou mèt gen ventan ti lanj ou ye Lè ou te nan tete papa ou te fè l yon bagay li pa p janm bliye kole bòs do kole anba vant ou a ou pa janm konnen sa k dèyè tèt li malfini vole li pa jwenn poul li pran pay sa dorilis pa ka fè papa ou li ka chache fè ou li kan ou ap tann soupe kanmarad ou dòmi twò ta kan ou kontre zo nan granchemen sonje se vyann ki te kouvri li lè ou jwenn yon zo nan granchemen konnen li te gen vyann sou li kochon mawon konnen sou ki bwa pou l fwote kouri pou lapli tonbe nan gran rivyè ou ap evite traka epi ou pran nan touman lakay kanmarad pa lan mache larivyè anpeche pase dlo li pa anpeche tornen larivyè avèti pa touye kokobe lagè avèti pa touye kokobe lavi long se plis lespri tank ou viv pi lontan se tank ou gen plis lespri lawouze fè banda toutan solèy pa leve lawouze taye banda toutotan solèy poko leve bourik taye banda toutan chwal angle pa (lage) dèyè l bourik kouri toutan chwal pa dèyè l lè vant chat plen li di ke rat anmè vant chat plen ke rat anmè depi (kou) vant chat plen tèt rat anmè lè ravèt vle fè dans li pa janm envite poul lè ravèt ap fè dans li pa envite poul (ladan) lò ou krache atè li tonbe sou nen ou enpridans lè lò [r] m vin tire bèf m pa vin konte vo m vin bwè lèt (se lèt m vin bwè) m pa vin konte ti bèf dèyè vach (vaybèf) vo ti bèf maladi gate vanyan malere se vis povrete se krim malere pa dezonè malere pa fè ou wont pou sa se pa paske ou malere pou wont tèt ou pou sa ou pa bezwen wont poutèt ou malere mò pa janm konnen pri dra mò pa konn pri dra ak sèkèy mò kite dèt pou vivan nan tan grangou patat pa gen po nan konpayi diri ti wòch goute grès pami diri ti wòch goute grès nèg di san fè bondye fè san di nèg fè plan bondye pran desizyon ou konn kouri men ou pa konn kache si ou konn kouri fò ou konn kache ou pa kapab kouche sou nat pou ap pale nat mal ou sou do bèf la epi ou ap pale l mal pa kite bourik pou bat makout pa bliye granchemen pou chemen travès si ou fache ak granchemen kote ou ap pase pa koke makout pi wo pase men ou kwoke koke pandye pann pa pete pi wo pase dèyè w vil fè sa ou kapab dyekiswa gen yon sèl vaybèf li di l ap vann li pou l achte twa kawo tè pale franse pa di lespri pou sa pale franse pa di lespri se pa paske yon moun konn pale franse pou pran l pou moun lespri piti piti zwazo fè nich pran san w nan sa w ap fè pòt tè pa goumen ak pòt fè se piti ou ye w ap toujou anba prese kon ou prese twò prese pa fè jou louvri twò prese pa fè jou louvri pran douvan pa vle di konn chimen pwason genyen konfyans nan dlo e se dlo ki kuit li kuit kwit rat kay manje pay kay rat kay k ap manje pay kay rat kay manje panno kay chik nan sann ravèt pa janm gen rezon devan poul piti toujou anba rayi chen men di dan l blanch rayi chen di dan l blan yon moun ka gen move ak bon kote l sa bondye sere pou ou lavalas pa pote l ale sa bondye sere pou ou lavalas pa ka pran (bwote) l sa bondye sere pou ou dyab pa ka pran l sa ki ba ou konsèy achte chwal gwo vant nan tan lapli pa ede ou nourri li nan tan sèk moun ki ba ou konsèy achte chwal plenn nan sezon lapli pa ede w nourri l lè dizèt sak vid pa kanpe se pa kon chat mache li kenbe rat jan chat mache se pa konsa l kenbe rat pa gade sou aparans aparans ka twonpe w chen sa a pa okipe l li p ap jape w men se yon chen k mòde antrèt se bon kè krab ki fè li san tèt bon kè krab fè l san tèt yon moun ki twò onnèt ki bay san limit ka mouri se bon kè krapo ki fè l san tèt se soulye ki konnen si chosèt gen twou se soulye ki konn kot chosèt gen twou se pa poutèt yon pen pou pèdi tout yon founo se kouto sèl ki konnen sa ki nan kè yanm kouto sèl ki konn sa k nan kè yanm sa k nan kè yanm se kouto k konnen l se pa tout lè magrit ale nan mache pou l pote bèl siwo se vye chodyè ki kuit bon manje vye chodyè kwit bon manje si ou pa t ap fiske lesyèl ou pa ta wè tan kouvè si ou pa t ap

fikse lesyèl ou pa ta wè tan mare fikse fiske sòt pa tiye men sòt fè swe (moun) sòt pa tiye ou men l fè ou swe tiye touye souke tèt pa kase kou sekwe souke ti nèg fè sa l kapab gwo nèg fè sa l vle ti chen gen fòs devan kay mèl li ti kouto miyò pase zong tizon dife di li fou men li pa pe janm pran chemen larivyè tou sa ou pa konnen pi gran pase ou (tou) sa ou pa konnen (pi) gran pase w tout venn touche kè tout jwèt se jwèt kochèt pa ladan tout bwa se bwa men mapou pa kajou tout bèt di yo gra lanbi di mwen menm tou tout bèt nan lanmè manje moun se reken ki pote move non twò gwo non tiye ti chen gwo non tiye (touye) ti chen twòp lespri sòt pa lwen twòp lespri konn rann moun sòt vant plen di gouyav mi gen vè vant vid di kite m wè w a fòse bourik janbe dlo ou pa pe fòse li bwè dlo yo fòse bourik janbe dlo (men) yo pa fòse l bwè dlo w ap kabicha pou manje manje moun chich yon jou pou dyab yon jou pou bondye yon jou pou chasè yon jou pou jibye yon sèl dwèt pa manje gonbo yon sèl dwèt pa manje kalalou zafè kabrit pa zafè mouton afè kabrit mouton pa mele tradiksyon varyant riral vilgarize vilgè vilgarizasyon referans fanm ki mouri a mwen te renmen l amò poukisa moun renmen èske se pa yon bagay dwòl lè se yon sèl moun ou ka wè sou latè lè ou gen yon sèl lide nan tèt ou yon sèl dezi nan kè ou ak yon sèl non nan bouch ou yon non ki vin san rete ki monte l monte tankou yon sous dlo nan fondèt nanm ou ki monte sou lèw ou yon non ou di ou redi li fè w wounouwounou san rete tout kote kou yon lapriyè m pa p rakonte istwa nou lanmou gen yon sèl toujou menm nan m te rankontre l e mwen te renmen l se tout e mwen te viv pandan ennan nan afeksyon l nan bra l nan karès li nan fason l gade m nan wòb li nan pawòl li m te vlope mare anprizone nan tout sa k se sot nan nan li yon fason tèlman konplè ke m pa t konnen lè l lajounen ou lannuit si m te mouri ou vivan si m te sou vye tè sa a ou lòt kote epi gade l mouri kouman mwen pa konnen mwen pa konn plis li rantre tou mouye yon aswè l t ap fè lapli epi l t ap touse nan demen li fè prèske yon semèn ap touse epi l pran kabann sa k pase mwen pa konn plis referans re poste nan lis potomitan vèsyon kreyòl ayisyen mo pawoli a antre nan yon aspè lang ki rele retorik retorik se yon fason moun pale oubyen pou byen pale pou reyalize sa gen yon seri teknik ki itilize pou esprime ide w ap devlope a pa yon yon figi ki rele figi retorik gramè kreyòl nou jwenn sa nan tout lang nan lang kreyòl la lè nou di pawoli nou jwenn pale an daki ladan l itilizasyon pwovèb nou yo oubyen pawòl granmoun silo sajès kèk espresyon regilye pwent voye pwent se tout melanj sa yo ki kolore lang nan epi ki klase mòd pale sa a nan yon lòt nivo an kreyòl nou di kreyòl pale kreyòl konprann donk nou pa menm bezwen esplike sa nou vle di a ak moun n ap kominike a lè n itilize dikton sa yo nan konvèsasyon paske lang nan se lang matènèl nou li ye gramè kreyòl men plis moun ki pale an pawoli si n ap fè yon analiz lengwistik apwofondi se granmoun yo ki plis itilize estil sa a oubyen yo toujou domine nivo langaj sa a e menmsi n ta jwenn kèk jèn pèsonaj toujou gen referans a yon granmou se menm apwòch sa a pauris jean-baptiste montre nan roman li an nan peyi zoulout endirèkteman nan konvèsasyon tonton zoulout pèsonaj santral roman an kote n ka li pawoli mele ak yon seri pwovèb achtè fin achte ou pens ak pikwa pa ka dechouke ou anba ponyèt li afè lafanmi etranje pa mele agawou di si bondye vle animal nan mal li nan mal nèt baton ede pye pou pye ede batonbaton ki bat chen nwa a li kab bat chen blan an tou bay kou bliye pote mak sonje bèt jennen mòde blag manke kaba matant timoso bwachat bwè soup sou tèt li bon kòk pa vole gagè bès zoulout santi li vle konprann sou ki pye msye ap danse avè bouch granmoun santi pawòl li gen sant odè verite bwè tafya

respekte boutèy chat konnen rat konnen chen anraje mòde menm mèt li chen bwè dlo nan nen chik pa respekte mèt bitasyon chimen bouton chimen maling chimen ou pa renmen ladan chwal ou al bouke chita pa bay chwal leta pa chwal papa de je kontre manti kaba grenadye alaso sa ki mouri zafè a yo jeneral lanmò pa manke frekan li pa manke gen kè di depi li site non you moun bèl kou lèd fò ou di prezan jodiya pou vwazen ou demen se tou pa ou jwèt se jwèt kwochèt pa ladan kabrit di sa ki nan vant li se li ki pa l kafe l koule ak ma kalbas donner kalbas joumouwou bay joumouwou kalewès ak pwogrè se lèt ak sitwon kalewès kakaye li moute sou nich li li ponn ze lamizè li kouve ze grangou kòde kalewès se sansi tout peyi ki ta vle pouse kabwèt yo devan konsèy li se longan li panse tout antòs kè fè li adousi tout vye pawòl anmè koze mande chita lagè avèti pa touye kokobe lajan pa fè lòm se byen viv ki tout lajwa ak kè kontan vide sann frèt nan founo yo lalwa anvigè pou moun tèt atèlalwa fèt pou moun san dèyè lalwa kagou pou grannèg lalwa kase fèy kouvri sa douvan grinbak lanmò manke ou men li pa bliye ou pou sa laparès ak lamizè se de jimo marasa l ap bwote dlo nan panyen l ap sere kras nan lanmè leve kanpe se youn tanmen mache se yon lòt afè li aji kou mò ki pa konn pri dra li flank li yon chitatann li malad afòs li gwòs moun yo li te fè l konnen lalin sèvi l flanbo pou l kouche santiman l sou yon fèy papye voye ba li malè pa gen klaksòn malè youn se te malè lòt je youn pran kou nen lòt kouri dlo malfini karese ti poul zo ole man zoulout ou fè byen ou gen rezon ranje kè ou pou sekouri pòv malere a paske se chak kou pou kou bondye ri men fò n fè nou likid pou n antre nan boutèy men gen yon nèg nan katye a ki te jouda nan rasin li te gwo bòs nan metye a li te pase pou chanpyon misye pa t gentan taye kèk kostim tripotay pandye nantèt moun kay zoulout men pawòl granmoun se lò mete pase genyen misye ap trennen zèl sapat lamizè nan tout granchimen misye grate tèt li li mete je l atè misye sote kou moun yo souke l nan dòmi mizè pa tonbe sou pyebwa se sou kretyenvivan li tonbe men kretyenvivan dwe kole tèt ansanm pou mete menm yon ti siwo kann nan toumant malere konsa traka yo ka manyè adousi mizè youn va touman lòt moun pa dwe bliye premye grenn lapli ki fè mayi li leve a moun pa rache mo yo msye zoulout te toujou ap vannen tout sa yo vini di l sou lòt moun mwèn fin vann m fin achte nan jwèt domino yon bout mennen yon bout dekabès pa fèt lò dènye bout frape sou tab nanpwen pi gwo maladi pase rayisans se pi move grenn ki ka jèmen nan kè yon moun pale mete la nou lonje dwèt jouda nou nan figi lakansyèl nou sou wout maling java baka okenn moun pa janm ka di kibò dlo pase pou l antre nan kokoye pawòl twò fò machwè gonfle pito lapli dimanch mouye ou pase po yanm grate ou pwogrè ak lanmou dwe kou de dwèt kole si pay tonbe nan je pwogrè nen lanmoudwe kouri dlo pwomès se dèt rezon ou te nan plan men ou rad sal se nan fanmi sa lave sakristen dezapòt te konn di rayisans pa dechouke lèzòm pa gen pikwa ki ka wè bout li sa manman poul grate sa pitit li jwenn sa te penmèt li koule pawòl la nan grèg laverite sa vye rat konnen li pa bliye l fasil se koze ki mande ti chèz ba se jete santiman nan po bannann bay kochon manje se mach pa mach yo moute eskalye se moun ki tout lajan se van l ap pase tankou lawouze lè solèy frape sòt pa touye ou li fè ou swe swen dyondyon pou lagon timoun mande gonbo cho li jwenn li nan plan men l timoun se timoun grandèt se grandèt koze youn pa koze lòt ti sonson fè lide li men bondye ba li dwa tout figi ki te men longè pran fòm nòm al yo tout moun pran kouray yo ak de men espwa jèmen fon deplise malgre trip ap kòde tout kò pran gou lavi tout lasentjounen non yo nan bouch li manje li se non moun yo bwè l se non yo toujou tout

moun tonbe mache sou piga yo yo tout vle pile si yo pa te konnen twòkèt mwen trese chay mwen douvan je m chaje m rete pou m chaje twò prese pa fè jou louvri vann se youn reachte se you lòt afè vyeyès pa bay chans wè pa wè antèman pou katrè yo di joumou pa donner kalbas se vre timoun yo bay prèv konviksyon yo kase koub respè yo kouri tann kabann yo anvan dòmi nan je yo yon jou pou chasè yon jou pou jibye jodiya se pou pa demen se ka jou nou ann fè byen ak tout moun yon senp pawòl li se siwomyèl sou chant lavi a bay yo se pwason kraze nan bouyon yo tann kò yo atè a sou sab la epi yo plonje nan bra ti frè lanmò yo te konn bay bouch yo manje anvan yo louvri l youn apre lòt dòmi vòlè moun yo yo wè jodi yo pa konnen sa denmen ap pote zèb chyendan pa detwi konsa-konsa yon machwè won chavire yon lòt machwè won pral chache revanj zetwal li file nòt biyografik fèt sou bitasyon nan komin apre li antre lekòl bibliik an 1963 pou etidye teyoloji li pati al kontinye an frans an 1965 li retounen ayiti antre nan fè lekòl li anseye kreyòl labib an grèk ak nouvo testaman pami zèv literè l yo li pibliye boukèt lespwa pwezi chen pèdi chat genyen istwa kout kout flach sou 250 pwovèb dayiti gran chimen 1975 dezyèm kout flach sou 300 pwovèb kreyòl nan literati politik ak literati ofisyèl istwa yon chat baka adaptasyon lerison yon lodians kreyòl nan lonbray inonsans roman pri literè nan lizyè parantèz pwezi 1993 tonton matin istwa kout ayiti yon chen malveyan vwala se te yon chen ki vòlè yon kwi lèt bouch kwi a pa t tèlman laj li fòse tèt li antre ladan epi l tonbe kouri avè l tout kote gen yon nèg ki t ap pase ak yon baton nan men l li wè mizè chen an k ap wouke kè l fè l mal li bay kalbas la yon kout baton epi l kraze chen an vin wè kounyeya li remake se msye ki ba l yon kou nan tèt li pa fè ni de ni twa li vole sou nèg epi l rache ti pati l ak yon sèl kout dan moun ki t ap pase nan chemen an wè soufrans malere a ki blayi atè a nan san ap rele anmwe yo prese fè yon branka pou leve l yo pot msye ladan l pou al pran premye swen nan yon dispansè nan bouk la annatandan yo mennen l lopital chen an pa doktè men l chatre msye pwovèb la di yo pa janm chatre chen de fwa fwa sa a se yon chen ki chatre moun fini viktim nan fin pran ti swen nan dispansè a moun ki te mennen l yo fwete yon kamyonèt sou wout la pou mennen l lopital yon lòt kote rive yo rive ak li lopital doktè gentan rale bistouri pou opere l yo chatre malere ankò podyab inosan peye pou koupab tèm kompote yo kont liv adrès elektwonik imel kouryèl achiv atachman bayt kennsèl kapasite sidiwonm klike dis konpak dis konpoze konpitè (konmpuitè) òdinatè krach bazdone detabez dilit doub dansite wot dansite dansite senp anyè diskèt imel kouryèl mel (mesaj elektwonik) dokiman fayèl katab klavye fòma fòmote fowòm jele haddrav entènèt kilobayt (kb) mo kle laptop pòtab lyen lyenaj(wèb) login lògawout bwat lèt lis abòne pwopriyetè lis maksimize megabayt (mb) mèg minimize sourit sistèm rekonesans optic opsyon modpas poste prenntè enprimant pwogram pwograme pwogramè bwat resiklaj repons restat sev eskane eskanè ekran bouskay fouy bouske chèche voye sèvè sit adrès wèb lojisyèl sòfwè verifikatè òtograf estat sijè abòne bokit fatra dezabòne viris sistèm rekonesans vokal (srv) sistèm sentèz vokal (ssv) wèb paj wèb fenèt zip drive zipdrav sitasyon egzanp se pa bagay prensipal ki enfliyanse lòt moun li se sèl bagay lapè tout kote va reyalize yon jou se pa paske moun ap vin pi bon men se akòz yon nouvèl òd yon syans tounèf yon seri nesite ekonomik tounèf ki va enpoze eta pasifik demen se pou moun ki kwè nan bèlèt rèv yo prèske tout mekontantman w yo nan lavi sot nan yon pretèks blame lòt moun pou yon bagay nesite pou chèche vrè bonè a se fondman libète nou premyèman yo iyore w

apre yo ri w apre sa yo batay ak ou epi w genyen ann aksantye sou developman lanmou jantiyès konpreyansyon lapè y a ofri nou rèz la chak moun se achitèk pwòp fòtin li venkè se moun ki eseye tout efò yo ki eseye fè sa k pi difisil yo se moun ki itilize chak ons enèji ak fòs ki nan yo pou akonpli yon bagay sa pa vle di yo akonpli l oubyen echwe sa vle di yo eseye maksimòm posib moun sa yo se venkè pa gen zwazo k vole twò wo si l vole ak pwòp zèl li difikilte se pa reve men asepte epi konprann rèv lòt